GUSTI ALLAH PRELULI



MANGSA ADVÈN NATAL 2026

LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN
SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

Mangsa Advèn Natal 2026: “Gusti Allah Preduli”
Hak Cipta © 2026, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Kawedalaken déning:
LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG
Komplek LPPS, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281
Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386
E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,
Website: lpps.or.id

Gantosipun wragat cap-capan (dèrèng kalebet wragat kanggé ngintun) Rp.....

Atur Cecala

Gusti Allah Preduli!
Gusti Allah preduli dhateng kita saha jagad punika.
Gusti Allah preduli dhateng Gréja (Pasamuwan) kita dalah umatipun Gusti ingkang wonten ing salebeting Pasamuwan.

Gusti Allah Preduli punika jejer ingkang asring sanget kita waca saha pireng. Ananging punapa kita ngalami kapredulènipun Gusti Allah punika saha nularaken kapredulèn punika dhateng jagad?

Buku Mangsa Advèn Natal 2026 punika saged cumawis amargi kapredulènipun para mitra ingkang dados Tim Panyerat Mangsa Advèn Natal. Kanthi kasagedan kanggé nyipta para panyerat saha lelabetanipun, kula ngaturaken panuwun dhateng:

1. Pdt. Galih Febta Prasetya (GKJ Purwodadi)
2. Pdt. Rita Lestari (GKI Purwodadi)
3. Pdt. Devi Carolina de Wana (GKJ Bandung)
4. Pdt. Geget Elite Sucining Hyang (GKJ Bogor)
5. Pdt. Yohanes ABS (GKI Bintama)
6. Pdt. Lusindo Tobing (GKJ Nehemia)
7. Pdt. Sundoyo (GKJ Brayat Kinasih)
8. Pdt. M. R. Kurniadi Saragih (GKI Rawamangun)
9. Pdt. Immanuel Adi Saputro (GKJ Sabda Winedhar)
10. Pdt. Em. Elisabeth Hasikin (GKI Citra)
11. TPG Rosmeiwarni Zega (GKI Prambanan)
12. TPG Grace Devina (GKI Padjajaran)
13. Pdt. Riani J. Suhardja (LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng)
14. Pdt. Wisnu Sapto Nugroho (LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng)

Kula ugi ngaturaken panuwun dhumateng tim (klompok) ingkang mertal bahan Mangsa Advèn Natal dhateng basa Jawi, inggih punika:

> Bp. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Bp. Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Bp. Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Yehuda F. Kristian Labeti (GKJ Sidareja), Bp. Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Bp. Dany Brakha Putra Pranawa (GKJ Baturetno), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Mangsa Advèn Natal 2026 mendhet/milih jejer “Gusti Allah Preduli”. Jejer punika kapendhet amargi kawontenaning bangsa kita mrihatosaken sanget, saboten-botenipun ing satengahipun taun 2026 punika ing mawarni-warni sap-sapaning masarakat, jagading politik, prakawis ingkang gegayutan kaliyan masarakat dalah ékonomi malah ugi ing jagading panggulawenthahan (pamulangan). Kanthi wontenipun sureming kasusilan (*krisis moral*) saha brayat-brayat ingkang mboten santosa, kita ngajeng-ajeng kakiyatan ingkang temenan saged kita aturaken lumantar irah-irahaning Mangsa Advèn Natal 2026 punika.

Sampun temtu kawontenan ing sakiwatengenipun saben Pasamuwan (Gréja) badhé bènten satunggal kaliyan sanèsipun. Awit saking punika, para pamedhar sabda utawi pandhita perlu sanget ngolah bahan-bahan punika dados langkung wonten ginanipun kanggé Pasamuwanipun. Sanadyan makaten, Gusti Allah ingkang preduli saha wewadining timbalanipun Gusti dhateng kita kanggé nerusaken kapredulèn punika wau ingkang dados cepengan kita ing satengahing kamempenganipun gesang masamuwan saha minangka wargaming negari wekdal sapunika.

Mugi-mugi buku punika dados berkah kanggé ngémutaken Pasamuwan-pasamuwan supados preduli dhateng sesamining

manungsa, jagad, saha titahipun Gusti sanèsipun. Wilujeng nyawisaken Advèn saha Natal kanthi kapredulènipun Gusti ingkang milujengaken kita.

Ngayogjakarta, 10 Agustus 2026
Uluk salam saha bedhami saking kula ing LPP Sinode,

Pdt. Riani Josaphine Suhardja
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho



Pratélanipun Isining Buku

Atur Cecala.....i
Pratélanipun Isining Buku v

Bahan Kotbah
Minggu Advèn 1 [29 November 2026]..... 1
Minggu Advèn 2 [6 Desember 2026].....7
Minggu Advèn 3 [13 Desember 2026] 15
Minggu Advèn 4 [20 Desember 2026] 23
Dalu nDungkap Natal [24 Desember 2026] 27
Natal [25 Desember 2026] 33
Minggu I Sasampunipun Natal [27 Desember 2026] 43
Dalu Pungkasaning Warsa [31 Desember 2026].....49
Warsa Énggal [1 Januari 2027].....55
Minggu II Sasampunipun Natal [3 Januari 2027] 61
Minggu Gusti Yésus Kabaptis [10 Januari 2027] 67

Bahan Liturgi
Minggu Advèn 1 [29 November 2026].....73
Minggu Advèn 2 [6 Desember 2026].....83
Minggu Advèn 3 [13 Desember 2026] 93
Minggu Advèn 4 [20 Desember 2026] 103
Dalu nDungkap Natal [24 Desember 2026] 111
Natal [25 Desember 2026] 125
Minggu I Sasampunipun Natal [27 Desember 2026] 135
Dalu Pungkasaning Warsa [31 Desember 2026]..... 143
Warsa Énggal [1 Januari 2027]..... 153
Minggu II Sasampunipun Natal (Épifani) [3 Jan. 2027] 167
Minggu Gusti Yésus Kabaptis [10 Januari 2027] 177

Bahan Riyaya Natal
Bahan Riyaya Natal Adiyuswa 185

Bahan Panyuraos Kitab Suci (PKS) *Intergenerasional*

Bahan Panyuraos Kitab Suci *Intergenerasional* 1 197
Bahan Panyuraos Kitab Suci *Intergenerasional* 2 203

Bahan Pakempalan Pandonga (PP)

Bahan Pakempalan Pandonga 1 211
Bahan Pakempalan Pandonga 2 219
Bahan Pakempalan Pandonga 3 227
Bahan Pakempalan Pandonga 4 237
Bahan Pakempalan Pandonga 5 245
Bahan Pakempalan Pandonga 6 251

Lampiran Cathetaning Pisungsung

Cathetan Pisungsung Mangsa Advèn Natal 2025 259
Cathetan Pisungsung Mangsa Paskah 2026 262
Cathetan Pisungsung Mangsa Péntakosta 2026 265
Cathetan Pisungsung Wulan Brayat 2026 267
Cathetan Pisungsung Mangsa Advèn Natal 2026 268

Mangsa Advèn Natal 2026

“BAHAN KOTBAH”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku punika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

KOTBAH
Minggu Advèn I
Minggu, 29 November 2026

Waosan:
Waosan 1: Yésaya 64:1-9
Tanggapan: Masmur 80:1-7, 17-19
Waosan 2: 1 Korinta 1: 3-9
Injil: Markus 13: 24-37

"Jumaga!"

ꕥ

KOTBAH JANGKEP

"Jumaga!"

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus,

Kita wekdal punika saweg ngadhepi jagad ing satengahing kawontenan ingkang kécalan utawi katelasan pangajeng-ajeng. Boten sekedhik saking antawis kita ingkang tumunten ndadosaken bab rawuhipun Gusti pitakènan lumantar pangucap, "Paduka wonten pundi Gusti?". Kita ngraosaken kados-kados Gusti makaten tebihipun saha mboten kesénggol ing satengahing kawontenan mbebayani (*krisis*) ingkang saweg dipun alami déning umatipun Gusti. Pitakèn punika ingkang salajengipun asring mecungul saha nggigah kita ing salebeding gesang padintenan ing wekdal ingkang mbebayani punika.

Ananging, sayektosipun kita perlu ngrumaosi bilih Gusti Allah tansah rawuh saha mboten kendhat dedunung sesarengan kaliyan kita. Awit, sayektosipun Gusti Allah makaten preduli saha rumaos sanasib dhateng saben Titahipun. Malah, Gusti Allah mboten mentala mirsani kasangsaran ingkang saweg tumanduk ing gesanging Umatipun, sanadyan Umatipun punika tansah kémawon keplèsèt dhateng ing salebeding dosa. Lumantar pasambat ingkang kaserat ing Jabur Masmur 80:18,

kita nampèni tetenger saha bukti ingkang nyata bilih Panjenenganipun rawuh lumantar putranipun manungsa ingkang sampun kakiyataken kagem Panjenenganipun. Lumantar Putranipun kasebat, Panjenenganipun maringi tuladha ingkang saé kanggé kita sadaya.

Sarujuk kaliyan tumindak anggènipun menggalih ing Jabur Masmur wau, kita ugi saged maos paseksi ing Kitab Nabi Yésaya 64:5-7 ingkang nedahaken saiba agengipun dosa kita minangka manungsa ing ngarsanipun Gusti. Dosa kasebat lair saking sikeping gesang kita ingkang mboten purun mbabar tuladha saé saking Panjenenganipun, saha ugi saking anteping tanduk kita ingkang sacara sengaja nebih saking Panjenenganipun. Kita asring mboten ènget bilih kita punika sayektosipun namung lempung Yeyasaning Astanipun Gusti. Awit saking punika, nyuwun sih-kadarman kanugrahaning kawilujengan saking Panjenenganipun dados satunggaling prakawis ingkang perlu sanget kita télakaken kanthi tumemen. Prakawis punika kita tindakaken minangka wujuding pangraos bilih kita punika sawetahipun kagunganipun Gusti.

Sapantesipun, kita sampun nampèni kanugrahaning kawilujengan saha tentrem rahayu punika sacara lelahanan saking Allah Sang Rama tuwin Gusti Yésus Kristus. Allah Sang Rama sampun langkung rumiyin nélakaken Pakaryanipun ingkang milujengaken punika dhateng jagad, saha Pakaryanipun punika tumunten kalajengaken déning Putranipun, Gusti Yésus Kristus, kanggé nglestantunaken saben pakaryan luhur ingkang sampun dipun-télakaken déning Sang Rama. Lumantar Gusti Yésus Kristus saha tuladha luhuripun Gusti, gesang kita kadamel saya pulih saha saya pantes wonten ing ngarsanipun Gusti. Kanyatan punika ingkang saya amemangun pangraosing dhiri kita bilih Gusti Allah punika makaten setyanipun. Kasetyanipun Gusti punika tinengeran déning Solidhèripun (anteping tanduk anggènipun rumoas sanasib kalayan kita) ingkang makaten inggilipun dhateng saben Titahipun.

Sinaosa makaten, kita temtu jujur ngakeni kacondhonganing gesang kita ingkang asring kirang wewéka, mboten waspada, saha mboten ènget nalikanipun nglampahi

gesang. Anteping tanduk (*sikap*) kasebat ndamel kita dados gampil sanget keplèsèt dhateng tumindak dosa ingkang ndamel dhiri kita pinanggih jember ing ngarsanipun Gusti. Mila saking punika, pangajak ing waosan Injil wekdal punika kanthi tandhes ngantepaken saha ugi ngèngetaken kita malih. Waosan punika nedahaken saiba wigatosipun kita nglampahi gesang ingkang kapenuhan déning kawaspadan, ngindhakaken pangraos dhiri, saha ngasah landheping pangraos ing satengahing kawontenan sarta kanyatan ingkang mboten prayogi, ingkang *tidak baik-baik saja* (Markus 13:24-25).

Sanadyan jagad ing salebeding kawontenan ngrekaos, Putraning Manungsa ing tembé badhé rawuh malih ngagem sakathahing panguwaos saha Kaluhuranipun. Panjenenganipun badhé ngempalaken para tiyang pilihan Kagunganipun saking ing kéblat papat, wiwit ing wekasaning bumi ngantos dumugi ing wekasaning langit. Supados kita saged dados tiyang ingkang dados keparengipun ing ngarsaning Gusti Allah, Gusti Yésus mulangaken pasemon bab wit anjir dhateng kita. Ing salebeding pasemon punika, kita sadaya kaajak supados saged maspadakaken ubenganing gesangipun wit anjir kasebat, tumunten ngrumaosi saha ngetingalaken satunggaling piwulang mentes saking ngriku.

Makaten ugi kanthi piwulang sarta saben Pangandikanipun, Gusti Yésus martosaken prakawis punika kanggé kita supados terus saged kita ketingalaken saha kita rumaosi ing salebeding manah. Kanthi makaten, kita saged lestantun gesang ing salebeding kawaspadan kanthi setya sumadhiya (jagi-jagi) ing satengahing mangsa-mangsa surem. Wonten ing kanyatanipun, pancèn mboten wonten tiyang setunggal-setunggala ingkang mangertos menggah wekdal dumuginipun dinten punika. Nanging, kita sadaya tetep kaajak supados tansah ngatos-atos saha mboten tilem (jumaga) ing salebeding nglampahi gesang. Patrap ingkang dhedhasar piyambak saking sadaya prakawis wau inggih punika supados kita terus nuwuhaken rumaosing dhiri saha njagi jiwa kita supados terus jumaga.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Seratanipun Anthony de Mello ing buku “Awareness” njarwani tembung ‘tangi’ (‘mboten tilem’) minangka wujuding olah spiritual (olah batos) ingkang sejati. Prakawis punika dipunrumaosi amargi *kita asring mboten mangertos bilih kita punika sayektosipun saweg “tilem”. Kita lair ing jagad punika ing kawontenan ‘katileman’, neningkahan ing kawontenan ‘katileman’, ngagengaken saha nggulawenthah anak-anak kita ugi ing kawontenan ‘katileman’*. Awit saking punika, kawontenan ingkang mbebayani wekdal samangké ngajak saha mbekta kita supados lestantun émut (mboten tilem), waspada, saha ngatos-atos, kados pangandikanipun Gusti Yésus wonten ing waosan Injil wekdal samangké. Lumantar pangraos ingkang makaten, kita mboten badhé dipun-kendhalèni déning rumaos-rumaos kita ingkang nggega pikajeng kita, ananging ngèndelaken pangraos kasebat ngéwahi saranduning dhiri kita.

Punika ingkang manut de Mello dados kuncining kakendelan tumrap kita kanggé mendhet mawarni-warni tantangan. Pangraos punika maringi wewengan kanggé mecungulaken mawarni-warni kabetahan saha potènsi (kabisan) ingkang wonten ing dhirinipun tiyang-tiyang ing sakiwa-tengen kita, dadosa ingkang dedunung ing nggriya, ing gréja, ing kiwa-tengening masarakat, ing papan nyambut damel, punapadéné ing pundi-pundi papan.

Awit saking punika, kita lajeng perlu manggihaken cara sarta sarana ingkang mbiyantu kita kanggé nggayuh tataraning pangraos punika ing satengahing mangsa pangantu-antu. Patrap mbangun pangraosing dhiri kita minangka manungsa salugu punika karaosaken wigatos sanget saha kabetahaken wekdal samangké. Prakawis ingkang prasaja piyambak ananging mbiyantu sanget inggih punika kanthi nggadhahi satunggaling sarana nggegulang (nglelatih) olah spiritual (olah batos) ingkang dhisiplin kita lampahi saben wekdal. Nggegulang olah batos punika wigatos wonten ing salebeting mbangun pangraos kita ing satengahing mangsa pangantu-antu kadosdéné samangké.

Awit saking punika, sumangga kita mbangun pakulinan énggal kanggé nuwuhaken anteping tanduk kawaspadan saha

pangatos-atos ing dhiri kita. Kita saged nggayuh kawaspadan saha pangatos-atos kanthi nggadhahi tatanan olah spiritual (olah batos) ingkang badhé mbiyantu kita sadaya kanggé lestantun apunjer dhateng jatining dhiri kita ingkang salugu minangka manungsa titahipun Gusti.

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Sayektosipun, namung Gusti Allah piyambak ingkang dados sumbering sadaya kawruh, amargi malaékat-malaékat ing swarga inggih mboten mangertos, dalah Sang Putra inggih ugi mboten pirsa menggahing dinten punika. Mila, sumangga kita kanthi sengaja lestantun kagayutaken dhateng Sang Rama, ngalami patunggilan sesarengan Panjenenganipun, saha lestantun ngeneraken sawetahing gesang kita namung dhateng Panjenenganipun. Amin.

[gfp-den]



KOTBAH
Minggu Advèn II
6 Desember 2026

Waosan:
Waosan 1: Yésaya 40:1-11
Tanggapan: Masmur 85:1-2, 8-13
Waosan 2: 2 Pétrus 3:8-15a
Injil: Markus 1:1-8

Ngrawuhaken Raos Predulinipun Allah Ing Ara-ara Samuning Jagad

KOTBAH JANGKEP

"Ngrawuhaken Raos Predulinipun Allah Ing Ara-ara Samuning Jagad"

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti, saged kémawon kalamangsanipun kita rumaos bilih gesang ingkang nembé kita lampahi wonten ing jagad punika karaos paribasanipun kadosdéné gesang ing "ara-ara samun". Mboten ateges kita gesang ing sanginggiling pasir gumelar ingkang tan winates, nanging ateges lampah gesang punika karaos awrat kebak momotan ingkang nuwuhaken kaprihatosan. Kawontenan ingkang makaten punika saged kémawon andhatengi kita menawi, upaminipun, karana kedah kécalan padamelan awit sawatawis karyawan kedah dipun lèrèni panyambut-damelipun. Déné pados padamelan ing papan sanès ugi sanès prekawis ingkang gampil ing wekdal punika. Punika sadaya anjalari kathah brayat ingkang kacepit déning winates utawi kirangipun arta asiling panyambut damel.

Gegambaran bab ara-ara samuning jagad punika ugi saged kawujud wonten ing gesangipun brayat ingkang sepi, nalikanipun prekawising gesang bebrayatan mboten manggihaken margi kanggé ngrampungken kanthi tuntas.

Punika saged ngéjawantah ing wontenipun tumindak keras ing satengah-tengahing brayat, ingkang saged ngrisak gesanging kajiwanipun para wanita punapadéné laré-laré. Wonten ing gesang kemasyarakatan, kita sami neksèni risakipun kaadilan inggih namung karana kasrakahanipun manungsa ingkang awujud korupsi, nyalah-ginakaken sesambetan kekadangan kanggé nggayuh pamrih pribadi, saha pilih-pilih ing salebeting pasrawungan. Wusananipun, warga masyarakat ingkang ringkih badhé sangsaya katindhes déning para pangarsanipun awit wontenipun putusan-putusan wicaksana ingkang mboten mihak dhateng karaharjanipun warga masyarakat sawetahipun. Ing satengahing kawontenan ingkang kados makaten punika, anama limrah manawi tuwuh raos sepi, sayah lan pangraos bilih kita nembé labuh piyambakan.

Éwasamanten, Pangandikanipun Allah ing wanci advèn ingkang kaping kalih punika, saged dados pepéling punapa déné timbalan supados kita lumampah ing marginipun Gusti lan supados kita sadaya sama samapta mranata dhiri lan gesang ing patunggilanipun Gusti ing satengah-tengahing pasamunaning jagad. Ing kawontenan ingkang kados makaten punika, asring ancas margining gesang kita mboten cetha juntrungipun, sanadyan makaten, Allah tansah njangkung lan njampangi lampahing gesang kita sami. Pasamunaning jagad malah saged dados papan pangéjawantahing katresnanipun, kaadilanipun dalah pakaryanipun Allah mulihaken samukawising gesang. Kita pitados bilih Allah tumut makarya ngrajut pérangan-péranganing gesang kita, ingkang remuk awit kawontenanipun gesang. Dinten punika kita sami sinau kados pundi Allah sumadya makarya sesarengan ing satengah-tengahing ruwet rentenging jagad, saha kadospundi anggènipun Allah nimbali kita dados “suwanten” dalah “asta” ingkang saged angéjawantahaken raos predulinipun Allah ing satengah-tengahing jagad ingkang garing punika.

Manawi kita tumolèh wingking dhateng sejarahipun pakaryan kewilujengan, kita neksèni ing kitab nabi Yésaya, kados pundi Allah mratélakaken raos predulinipun kanggé nyawisaken margining kawilujengan. Yésaya 40 martosaken bab

marginipun bangsa Israèl kapulihaken saking panandhangipun ingkang sampun sawatawis dangu ing pangawulan Babil.

Gusti Allah mrepeki bangsa punika sarana pangandika ingkang saèstu nrenyuhaken:

"Umating-Sun lipuran, iya lipuran..." Ing basa aslinipun, tembung "lipuren" kajarwèkaken saking tembung *Nachamu*, ingkang ateges ndamel leganing napas utawi ndamel panandhang gantos kabingahan. Mangsa pangawulan ingkang kebak panandhang sampun rampung, karana Allah mratélakaken badhé rawuh minangka Pangèn ingkang badhé nuntun umatipun kanthi kebak raos welas asih. Déné cak-cakaning tumindak saged kapérang makaten:

- Sapisan, nglengganani bab punjering gesang: para umat sami nlgengganani bilih namung Allah kémawon ingkang dados punjering gesang utawi kéblating gesang kanggé gesangipun para umat. Menawi para umat ngantos nyingkur Allah, kados ingkang sampun kalampahan tumrap gesangipun umat ing tanah pangawulan Babél, mesthi kémawon umat punika badhé kécalan gesangipun. Manungsa ingkang nyingkur Allah, badhé kécalan pathokan-pathokaning gesang ingkang saé ingkang migunani, saé tumrap dhiri pribadinipun, tumrap sesambetanipun kaliyan asanès, dalah saged ngrisak pasrawugan kaliyan sesami. Para umat prelu nganyaraken pangraosipun bilih Allah piyambak ingkang sampun nimbali umatipun supados katuntun ing salebeting gesang tumuju ing kaluhuranipun Allah. Kanggé kapreluan punika, Sabdanipun Gusti prelu tansah dumeling ing gesang padintenan kita.
- Kaping kalih, tumut nyengkuyung kanggé dumadinipun gesang sesarengan ingkang saé: sasampunipun gesang karohanènipun pulih, para umat kaajak nindakaken pakaryan ingkang saèstu nyata. Ing ayat 4 kapangandikakaken: "*Saben ledhokan kaurugana, tuwin saben gunung lan tengger kawaratakna; tanah kang ana tengger-tenggeré kadadèkna tanah warata, sarta tanah kang mendhak mendhukul kadadèkna papan lempar*." Punika timbalan gesang saé kanggé nglempengaken ingkang

béngkong lan ngrata ingkang mendhak mendhukul lumantar tumindak nyata, ngatingalaken kaleresan dalah njejegaken kaadilan, supados kanthi mekaten kaluhuranipun Allah tetéla wonten ing gesangipun manungsa.

Lumampahing budidaya pamulihan asring mboten saged lumampah kanthi rancak, utawi saged kedadosan sakdhet-saknyet kémawon. Samukawis ingkang prayogi mesthi mbetahaken wekdal lan sanès tumindak ingkang ujag-ujug kéwala. Samukawis ingkang saé mbetahaken wekdal kanggé tumuwuh, lan kasetyan ing salebeting lampahipun kanggé kasaénan sadayanipun. Kawontenan ingkang kados mekaten punika ingkang saèstunipun dipunadhepi déning para umat Israèl sasampunipun sami luwar saking pangawulan Babél punapadéné umat ingkang nampèni serat 2 Pétrus. Umat Israèl sampun kadumugèn anggènipun wangsul dhateng Yérusalem, nanging kanyataning gesang ing mriku jebul mboten gampil. Taksih kathah prekawis-prekawising gesang ingkang mboten gampil dipunadhepi. Ing salabeting kawontenan gesang ingkang mekaten punika, umat sami ngèngetaken dhirinipun supados mboten dhumawah ing tumindak bodho punapadéné dhumawah ing kalepatan ingkang sami (Masmur 85:9). Pasamuwan ingkang nampèni serat 2 Pétrus, ngantu-antu rawuhipun Kristus malih saprelu nyampurnakaken samukawisipun, éwasamanten kados mboten utawi dèrèng maujud ing kasunyatanipun. Para umat sami sinau sabar lan ndadosken wekdal nengga punika minangka kalodhangan kanggé mratobat lan kawilujengaken.

Sang juru Masmur mboten badhé nglirwakaken kamirahanipun Allah ingkang sampun kepareng paring aksama tumrap sadaya kalepatan tuwin dosanipun para umat. Pangapuntenan ingkang saking Allah mboten samesthinipun dados alesan kanggé gesang sembrana utawi kumalungkung. Umat ingkang sampun kaapunten dosanipun wajib nilingaken talinganipun kanggé mirengaken Sabdanipun Gusti ingkang ngemot pawartos tentrem rahayu.

Namung kémawon, kados pundi tentrem rahayu punika saèstu maujud ing gesangipun warga masyarakat? Sang juru

Masmur paring gambaran ingkang asipat geguritan ingkang éndah ing bab 85: 11: "*Sih lan kasetyan bakal padha tempuk; kaadilan lan katentreman bakal padha ambung ingabung*"

Mbangun pagesangan ingkang sampun ajur sasampunipun gesang ing pangawulan Babél, saèstu mbetahaken wekdal ingkang mboten sakedhik. Sasisihipun punika, ugi dipunbetahaken kasetyan lan kasinambungan ing salebeting nemtokaken wujuding pambangunan ing salebeting tumindak nyata. Nalika kita tumindak atetales katresnan, setya tuhu, adil lan tentrem rahayu, prasetyanipun Allah kados ingkang sinerat ing ayat 13 mesthi badhé kajangkepaken: "*Tur Pangéran Yéhuwah bakal paring samubarang kang becik, sarta nagara kita bakal ngwènèhaké pametuné*." Sakèhing kangèlaning tumindak kita ingkang tansah kadhasaraken ing kaleresanipun Allah, mesthi badhé ngedalaken wohing kasaènan tumrap saben tiyang.

Inggih punika sababipun déné wonten ing sejarah kawilujenganipun, Allah ingkang kagungan raos preduli punika tansah nimbali kathah tiyang kanggé tumut makarya ing salebeting pakaryan kawulujenganipun Alllah, ingkang mbekta kasaénan tumrap sadaya tiyang. Yohanes Pambaptis dipunagem déning Gusti Allah kanggé tumut makarya lumantar Gusti kita Yésus Kristus. Sasampunipan 400 tahun Allah kaanggep kèndel sarana mboten ngéntunaken satunggaling nabi (wiwit jamanipun nabi Maléakhi) Yohanes Pambaptis miyos, paribasanipun mecahaken tintriming gesang karohanènipun bangsa Israèl. Nyandhang pangagemipun ingkang arupi wulu unta dalah apaningset walulang, sacara wadhag ngèngetaken kita dhateng nabi Élia. Piyambakipun dados suwanten ingkang nguwuh-uwuh wonten ing ara-ara samun.

Kénging punapa kedah wonten ing ara-ara samun? Ing papan ingkang gersang kados punika, bangsa Israèl kawangun, kauji lan ngraosaken sih katresnanipun Allah ingkang kacetha saking luwaripun bangsa punika saking pangawulan Mesir. Yohanes ngajak para umat wangsul dhateng pengalaman ing ara-ara samun supados saged ngraos-ngraosaken malih gesang karohanènipun bangsa Israèl nalika samanten. Margi ingkang

kacawisaken déning bangsa Israèl, sanès satunggaling proyèk raseksa, nanging satunggaling sikep gesang mratobat ingkang ateges mbalik wangsul saking margining gesang ingkang lepat 180 drajat, nilaraken margining gesang ingkang nyingkur Allah lan wangsul sumuyud sujud wonten ngarsanipun Allah dalah ngambah margining Pangéran. Toyaning baptis ingkang katindakaken déning Yohanes dados pralambang sesuci dhiri saking gesang lami ingkang béngkong, tumuju gesang anyar ingkang lempeng.

Sanadyan Yohanes ndarbèni kuwajiban lan tanggel jawab ingkang saèstu migunani sanget, éwasamanten piyambakipun nglampahi sadayanipun punika kanthi kebak sikep andhap asor lan lembah manah. Ingkang dados kawigatosan utaminipun, mboten naté dhiri pribadinipun piyambak. Ing satengah-tengahing tiyang kathah sami ngegung-egungaken piyambakipun, Yohanes malah kapara mulyakaken Yésus sarana pangandikanipun: “Ambok nguculi jangeting trumpahé waé aku ora patut”. Yohanes nglengganani bilih kuwajiban lan tanggel jawabipun “mbuka margi”, lan namung Yésus kémawon ingkang kagungan panguwasa nebusi dosa saha ingkang badhé mbaptis kalawan Roh Suci. Inggih punika tandhanipun jaman anyar sampun dumugi, inggih punika jamanipun Allah ngatingalaken raos predulinipun saha karsa mulihaken sawetahing gesangipun manungsa ingkang kagambaraken nembé wonten ing satengah-tengahing ara-ara samun.

Para sadhèrèk ingkang dpuntresnani Gusti,

Lumantar sekawan paseksinipun Kitab Suci ing wanci punika, kita pinaringan cara mawas ingkang anyar kanggé ngadhepi ‘ara-ara samuning gesang’ kita. Allah kita, sanès Allah ingkang nutupi paningalipun dhateng sawarnining panandhang kados ta: kécalan padamelan, tumindak kasar ing satengahing brayat utawi korban-korban tumindak mboten adil ing satengah-tengahing warga masyarakat. Allah saèstu Allah ingkang kagungan raos preduli lan mboten wigah-wigih tumut makarya damel pulihipun pagesangan kita ingkang kebak panandhang punika. Namung kémawon, kadospudi raos predulinipun Allah

punika saèstu ngejawantah wonten ing jagad punika? Wangsulanipun pinanggih wonnten ing gesang kula lan panjenengan sadaya.

1. **Kawangsulna Allah dados Punjering Gesang:** Sumangga kita lempengaken enering gesang kita ingkang mbok bilih naté mlèncèng awit saking wontenipun manékawarni prekawising gesang, cupeting kawontenan ékonomi, utawi manékawarni raos cuwa. Sami marek lan sujuda wonten ngarsanipun Sang Pangèn Agung.

2. **Lempengna margi ingkang béngkong:** Sumangga kita mandheg dados péranganing ruwet-rentengipun jagad lan sumangga dados pérangan pakaryanipun Allah mulihaken samukawisipun ing jagad punika. Ing papan panyambut-damel, ing satengah-tengahing brayat, lan ing satengah-tengahing warga masarakat, kita sesarengan sami ngrubuhaken gunung-gununging raos kumalungkung kita lan sumangga kita sami ngurug ledhokan-ledhokaning kasangsaranipun sesami sarana tumindak leres, adil lan welas asih.

3. **Sami sumadyaa dados suwanten dalah astanipun Allah:** Ing wekdal-wekdal Gusti karsa maringaken kasabaran dalah kalonggaranipun, sumangga kita jagi lan rimati gesang kita tetep mujudaken gesang ingkang resik lan tanpa cacad. Tuladhanana Yohanes Pambaptis ingkang kanthi kebak kekendelan nyuwantenaken suwantening kaleresan lan nedahaken margi ingkang anjog dhateng Sang Kristus lumantar sikep gesang kita ingkang saé.

Menawi kita sami purun tumut makarya, wantun ugi nggegesang katresnan, kasetyan, kaadian lan tentrem rahayu ing saben jumangkahing gesang kita kanthi nyata, kita pitados bilih ‘ara-ara samuning gesang’ ing sakiwa-tengen kita badhé kaéwahan dados sumbering toya gesang, ingkang mulihaken awit saking pakaryanipun Sang Roh Suci. Kasilipun saged ugi mboten badhé

énggal-énggal kita seksèni, nanging kita pitados nembé dipunagem déning Allah kanggé tumut makarya mulihaken samukawisipun tumuju dhateng gesang ingkang kebak kasaénan ing bebrayan agung masarakat punika. Amin.

[rdl-ytd]



KOTBAH
Minggu Advèn III
Minggu, 13 Desember 2026

Waosan:
Waosan 1: Yésaya 61:1-4, 8-11
Tanggapan: Jabur Masmur 126
Waosan 2: 1 Tésalonika 5:16-24
Injil: Yohanes 1:6-8, 19-28

Sami Abebingaha, Gusti Nembé Makarya

KOTBAH JANGKEP

"Sami Abebingaha, Gusti Nembé Makarya"

Wonten satunggilang carios ingkang nyariosaken pak tani anggènipun saben dinten kedah lumampah tumuju ing pategalanipun. Nalika wekdalipun nembé masa katiga, sitinipun dados garing, mlethèk-mlethèk lan katingal mboten saged dipunajeng-ajeng malih. Wonten tangganipun ingkang nyemoni kanthi pitakèn: "apa preluné lur menyang pategalan saben dina"? Ora bakal ana thethukulan sing bisa thukul. Sanadyan mekaten, juru tani kalawau tetep dhateng, ngresiki sesuketan, nggarap sitinipun sarta nyirami wiji-wiji ingkang mèh mboten katingal. Sawatawis minggu sasampunipun punika, wonten tumurunipun jawah. Lajeng katingal wontenipun tetuwuhan ijem. Tiyang-tiyang lajeng nglengganani bilih sadangunipun punika, jebul wonten pakaryan ingkang sacara sesidheman kelampahan wonten saklebetipun siti.

Asring gesang pitados kita ugi kados mekaten punika. Gesang wonten ing jagad asring namung ngatingalaken pratandha-pratandhaning karisakan katimbang pratandha-pratandha ingkang nuwuhaken pangajeng-ajeng. Kita mireng, upaminipun, wontenipun paprangan, cecengkahan ing antawisipun para bangsa, tumindaking gesang politik ingkang cecengakahan, dalah mubyaring tumindak-tumindak kasar. Kita ugi nyeksèni sangsaya winatesipun daya-dayaning pagesangan

(krisis energi) ingkang anjalari kathah nagari dados was-was ngadhepi gesang tembé-wingkingipun. Kita ugi nyeksèni karisakaning lingkungan sarana wontenipun banjir, mangsa garing, hawa ingkang anèh, risakipun wana dalah kawontenan lingkungan ingkang sangsaya mboten resik. Kita ugi nyeksèni kaprihatosaning kamanungsan kados ta: kawontenan mlarat ingkang mrihatosaken, kathah tiyang ingkang sami pados pangungsèn, manugsa ingkang sami dipundagangaken, dalah tumindak-tumindak mboten adil ingkang maujud sacara nyata ing tengah-tengahing pagesangan padintenan kita.

Ing satengah-tengahing kawontenan gesang ingkang mrihatosaken kados makaten punika, lajeng tuwuh pitakènan: 'punapa Gusti taksih makarya'?

Inggih pitakènan ingkang kados mekaten punika ingkang dipunwangsuli déning sawatawis waosan kita ing dinten punika, ing Minggu Advèn ingkang kaping tiga samangké. Wangsulanipun cetha inggih punika: **'Inggih, Gusti taksih lan nembé makarya. Awit saking punika sami abebingaha!'**. Sanadyan mekaten, kita prelu mangretosi bilih bebingah ingkang dipunkarsakaken ing mriki sanès bebingah satata lair, awit sadaya prekawising gesang sampun karampungaken. Kabingahanipun masa Advèn, lair karana kita sami pitados bilih Allah mboten naté mandheg makarya malah nalikanipun jagad punika katingal peteng ndhedhet.

Wonten ing kitab nabi Yésaya bab 61, kacariosaken bilih bangsa Israèl sampun wangsul saking pangawulan Babél. Sacara wantah, umat punika sampun sami mardika, nanging nyatanipun, pagesangan padintenanipun umat punika dèrèng saèstu kapulihaken. Taksih kathah wangunan-wangunan kitha ingkang ambruk, kawontenan ékonominipun ugi dèrèng jejeg, juranging pamisah ing antawisipun ingkang sugih lan mlarat ugi taksih katingal cetha wéla-wéla. Kathah tiyang ingkang gesang ing salebeting kawontenan cuwa. Inggih ing satengahing kawontenan gesang ingkang makaten punika Yésaya medhar pangandika: "Rohé Pangéran Allah ana ing Ingsun..., kanggo martakaké kabar kabungahan marang para wong kang nandhang sangsara".

Saèstu narik kawigatosan kita déné kabar kabingahan punika wiwitanipun mboten kawartosaken dhumateng tiyang-tiyang kiyat, nanging malah kawartosaken langkung rumiyin dhateng tiyang-tiyang ingkang ketaton, katindhes, nandhang sedhih lan kasisahan. Punika mratélakakan prekawis ingkang wigatos: Allah makarya wonten ing satengah-tengahing papan-papan ingkang asring sinebat gagal déning manungsa umumipun. Allah miwiti pakaryanipun wiwit saking jejugruganing gesangipun manungsa. Ing dinten samangké, kita asring ngukur pakaryanipun Allah namung wonten prekawis-prekawis ingkang katingal ngédab-édabi. Kita asring sami nggadhahi greget manggihaken mukjijat-mukjijat ingkang ngéramaken lan ngajeng-ajeng wangsulan saking Gusti ingkang sacepet-cepetipun. Nanging Yésaya malah nedahaken bilih pakaryanipun Allah punika asring kawiwitan kados déné wiji ingkang katanem ing siti, ingkang mboten lajeng katingal wewujudanipun. Wiji punika mboten sanalika ugi tuwuh lan dados ageng, sanadyan tetep gesang. Minggu Advèn punika ngajak kita sami pitados bilih sanadyan kita dèrèng ningali asilipun, punika mboten ateges Gusti mboten makarya.

Para sadhèrèk kula kinasih,

Mazmur 126 maringi kita gegambaran ingkang asipat kamanungsan. “wong kang padha nyebar wiji kanthi mbrebes mili bakal ngenèni kambi giyak-giyak”. Ayat punika mboten ngandika bilih tiyang pitados mboten badhé nangis. Malah kosok-wangsulipun tiyang-tiyang pitados inggih badhé ngraosaken kécalan, kuciwa, lan ugi panandhang. Nanging tiyang-tiyang pitados kalawau tetep nyebar, tetep jumangkah, ndarbèni pangajeng-ajeng. Punika ingkang èstunipun mbédakaken ing antawisipun pangajeng-ajeng dhumateng Kristus kaliyan raos gregeting gesang padatanipun. Greget gesang umumipun, gumantung dhateng kawontenan ingkang kasad mata, déné pangajeng-ajeng wonten ing Sang Kristus gumantung sawetahipun wonten ing kasetyanipun Allah.

Kita samangké gesang wonten ing satengah-tengahing umat ingkang sampun kécalan pangajeng-ajeng. Winatesing kawontenan ékonomi anjalari kathah tiyang ingkang sami was-was gesangipun. Reregèn mindhak terus, déné pados padamelan ugi sanès prekawis ingkang gampil. Kathah nèm-nèman ingkang sami pitakèn punapa taksih wonten wekdal kanggé ngimpèkaken gesang tembé wingking ingkang saèstu mbingahaken. Kitab Masmur punika ngèngetaken kita sadaya bilih tumètèsing eluh sanès pratandha anggènipun Allah mboten rawuh. Malah-malah kalamangsanipun, ing satengah-tengahing tumètèsing eluh punika Allah nembé nuwuhaken satunggaling prekawis ingkang dèrèng saged kita sumerepi. Kadosdéné wiji ingkang sinimpen ing salebeting ssiti, inggih mekaten ugi pakaryanipun Allah asring kalampahan sacara sesidheman, ingkang mboten kasat mata saking paningalipun manungsa.

Wonten ing seratipun tumuju dhateng pasamuwan ing Tésalonika, rasul Paulus paring dhawuh ingkang karaos mokal saged kalampahan: “Tansah padha bebungaha”. Rasul Paulus mboten nyerat dhawuh punika saking papan ingkang kebak raos aman lan tentrem. Nalika samanten pasamuwan ing Tésalonika malah nembé ngadhepi kawontenan ingkang kebak panandhang lan kasisahan. Awit saking punika, ingkang dipunkarsakaken déning Paulus mesthi kémawon sanès kabingahan ingkang sipatipun tata lair kémawon. Kabingahan ing mriki lair saking antebing pitados bilih Allah tetep makarya. Pramila, salajengipun Paulus ngandharaken: “Aja padha nyirep Sang Roh”. Tetembungan punika saèstu ageng maknanipun kanggé pasamuwan ing wekdal samangké. Kita saged kémawon dados jalaran sireping Roh, menawi kita sami mboten preduli dhateng panandhangipun sesami kita. Kita ugi ateges nyirep Roh menawi nganggep bilih krisis kamanungsan punika sanès tanggel jawab kita, ananging mligi tanggel jawabipun para pangarsaning nagari. Kita nyirep Roh menawi pasamuwan namung migatosaken raos sekéca lan tentrem mligi kanggé dhiri pribadinipun katimbang nindakaken timbalan ngéjawantahaken sih-katresnanipun Gusti dhateng jagad. Roh Suci tan kendhat tansah ngosikaken manahipun para tiyang pitados kanggé tumut

makarya ing pakaryan pamulihanipun Allah tumrap jagad punika. Allah makarya ing satengah-tengahing tiyang ingkang nembé sami mitulungi korban-korban bencana. Gusti ugi makarya ing satengah-tengahing tiyang-tiyang ingkang sami ngrawat lingkungan pagesanganipun. Gusti makarya ing satengah-tengahing brayat ingkang tansah nengenaken katresnan ing satengah-tengahing gesang ingkang kebak raos cecengkahan. Gusti makarya ing satengah-tengahing pasamuwan ingkang tansah ngadeg anyarengi tiyang-tiyang ingkang katindhes lan kasingkiraken. Gusti kepareng makarya kaliyan sinten kémawon ingkang sami nyamaptakaken dhiri pribadinipun dados pirantos-pirantosipun Gusti.

Wonten ing Injil Yokanan, Yohanes Pambaptis ngandika: "... nanging ana kang jumeneng ing satengahmu, kowé padha ora weruh". Sang Mesih tetéla sampun rawuh, Allah nembé makarya, nanging kathah tiyang ingkang sami mboten nglengganani. Punika sadaya rak inggih asring kelampahan ing gesang kita? Kita asring namung migatosaken prekawis kita piyambak ngantos mboten sami nglengganani pratandha-pratandha karawuhanipun Allah. Kita asring katelasan wekdal kanggé ngétang kakirangan-kakirangan kita ngantos mboten sami nglenggana rawuhipun Allah ingkang kanthi prasaja lan sesidheman. Yohanes nglengganani bilih tanggel-jawabipun sanès ingkang kedah dados punjering kawigatosan. Piyambakipun ngandika: "Aku dudu Sang Mesih iku". Aku mung dadi seksi. Lan inggih wonten ing mriki punika timbalanipun Advèn dhumateng pasamuwan. Pasamuwan sanès pepadhang punika piyambak. Namung Sang Kristus ingkang jumeneng Pepadhang Sejati, lan pasamuwan katimbalan dados seksining pepadhang dalah mratélakaken bilih Sang Padhang punika tetep nyunaraken sunar pepadhangipun wonten ing satengah-tengahing jagad.

Kados pundi déné pasamuwan saged tansah abebingah menawi jagad piyambak nembé ngadhepi krisis katentreman? Karana kita sami pitados bilih Sang Ratuning Tentrem Rahayu tetep makarya ngrukunaken manungsa kaliyan Allah dalah sesami. Kados pundi déné kita abebingah menawi jagad punika

nembé ngadhepi krisis *énergi*? Awit kita sami pitados bilih gesang tembé wingking punika mboten gumantung wonten ing sumber kamanungsanipun manungsa, nanging tetep pitados ing Allah ingkang tansah ngrawat samukawis ingkang sampun katitahaken. Kadospundi déné kita saged abebingah menawi jagad punika ngadhepi *krisis lingkungan* ingkang saèstu nguwatosaken punika? Awit kita pitados bilih Allah mboten badhé nilaraken jagad ingkang sampun katitahaken punika. Allah nimbali kita sadaya tumut makarya ngrawat bumi punika. Kodos pundi kita saged tansah abebingah menawi ing jagad punika pinanggih wontenipun krisis kamanungsan ing pundi-pundi panggènan? Awit kita sami ptados bilih tumindak lan cak-cakaning katresnan sanadyan alit, punika sampun maujud dados pratandha bilih Kratonipun Allah rawuh. Kabingahanipun tiyang Kristen mboten ateges nutupi mripat kita dhateng panandhang lan kasangsaranipun umat ing jagad punika. Kabingahan Kristen mujudaken sikep gesang ingkang kebak kekendelan kanggé mreduli panandhangipun jagad tanpa kécalan pangajeng-ajeng mring Gusti Pangéran.

Ing Minggu Advèn ingkang kaping tiga punika, pasamuwan kaajak ningali sangsaya lebet lan mboten migatosaken sadremi ingkang kasat mata kémawon. Saged ugi kita taksih nyimpen kathah pitakènan. Saged ugi sawatawis pandonga kita ugi dèrèng pikantuk wangsulanipun. Saged ugi kawontenanipun jagad taksih tebih saking katentreman. Nanging Sabdanipun Allah ing dinten punika ngèngetaken kita bilih pakaryanipun Allah mboten mandheg namung karana kita dèrèng ningali asil kasunyatanipun.

Para sadhèrèk kula kinasih,

Gusti nembé makarya. Awit saking punika sami abebingaha! Mboten karana jagad sampun pulih sawetahipun. Ugi mboten karana sadaya prekawising gesang sampun karampungaken. Nanging karana ing satengahing jagad ingkang ketaton punika, Allah tetep makarya kanthi setya tuhu mulihaken, nganyaraken lan andhatengaken pangajeng-ajeng

ngantos dumugi rawuhipun Sang Kristus ing salebeting kamulyanipun. Amin.

[dcdw-ytd]



KHOTBAH
Minggu Advèn IV
Minggu, 20 Dhésèmbêr 2026

Waosan:
Waosan 1 : 2 Samuèl 7:1-11, 16
Tanggapan : Lukas 1:46b-55
Waosan 2 : Rum 16:25-27
Injil : Lukas 1:26-38

Allah Maringaken Mitra salebeting Kapredulèn

ꦮꦺꦴꦱꦤ꧀

KOTBAH JANGKEP

"Allah Maringaken Mitra salebeting Kapredulèn"

Hans Christian Andersen, satunggaling juru dongèng ingkang kawentar, naté nyerat cariyos ngengingi kenya ingkang sadé *korèk api* (rèk jeklèkan) ingkang pejah amargi kasrepen ing ndalu ndungkap Natal. Sadinten natas piyambakipun sadéyan korèk apinipun, nanging mboten wonten satunggal kémawon ingkang pajeng. Ing njawi cendhéla griyanipun tiyang sanès, piyambakipun namung saged ningali brayat ingkang nembé nedha sesarengan lan laré-laré ingkang mbikak hadhiah. Kanggé ngusir raos asrep, kenya punika nggesangaken korèk-apinipun satunggal mbaka satunggal srana ngangen-angen anget-éndahing Natal ingkang saèstu ngangeni. Émanipun, piyambakipun pejah wonten ing satengahing suasana Natal. Suasana ingkang kedahipun kebak raos kabingahan kanggé jagad, nanging malah kawarna déning mboten predulinipun manungsa. Nalika wonten ing satengahing lelampahan ingkang bingahaken, manungsa asring ngutamèkaken karemenanipun piyambak lan supé preduli dhateng sesami ing sakiwa-tengenipun.

Ing waosan lèksionari dinten punika kita mangertos bilih Prabu Dawud lan Maryam sami-déné nampèni nugraha adi saking Allah. Dawud kaparingan katentreman luwar saking para mengsahipun lan Maryam kaparingan sih-kanugrahan

ngandheg lan badhé nglairaken Sang Mesih. Nanging, kekalihipun nanggapi peparingipun Allah kanthi cara ingkang bènten. Dawud adreng badhé yasa padaleman suci ingkang élok kagem Gusti. Sinaosa maksudipun saé, Allah nyemenèkaken rancangan punika lan tumuju kanggé prasetyan pangrimating bangsanipun. Ing sisih sanès, Maryam nedahaken lantiping batosipun srana kekidungan panembah (*Magnificat*). Wonten ing satengahing kabingahan pribadinipun, Maryam ènget lan dongakaken para tiyang mlarat, ringkih sarta kerapan.

Pancèn preduli dhateng sesami ing mangsa *krisis* (kawontenan ingkang nguwatosaken) sanès prakawis ingkang gampil. Kanggé saged preduli, kita kedah rila ngorbanaken wekdal, dana, tenaga, kapentingan, malah kekarepan kita. Asring, kapredulèn ingkang kita paringaken malah wohipun pait utawi mboten migunani. Tiyang ingkang preduli HAM saged kémawon ngalami kaancam, ingkang preduli dhateng panggulawenthah (*pendidikan*) asring mboten wonten ingkang nyengkuyung, lan para *pejuang lingkungan* asring dipun sepèlèkaken. Ing gesang padintenan ugi sami: kapredulèn dhateng tetanggi kadhangkala malah dados prakawis, kapredulèn dhateng réncang makarya saged dados rerasanan awon, lan peladosan ing pasamuwan saged kémawon angsal pamelèh ingkang damel tatuning manah. Tundhanipun, kathah tiyang milih mboten preduli.

Nanging, ing satengahing krisis ingkang nggegirisi ndungkap Natal punika, prayogi kita tetep milih supados samidéné preduli. Gusti Allah piyambak sampun paring tuladha dhumateng kita. Pitados kémawon bilih Gusti Allah boten badhé négakaken kita nanggel tantangan jaman punika piyambakan. Panjenenganipun tansah ngutus juru pitulung ing sakiwatengen kita. Gusti Allah ngutus Èlisabèt kanggé ngiyataken Maryam, lan Panjenenganipun ngutus Nabi Natan kanggé ngréncangi Dawud. Gusti Allah ugi tansah nyarengi kita salebeting njejegagen kapredulèn. Malah sapunika, adeg kapredulèn *masal* (ngatutaken tiyang kathah) sangsaya gampil kita panggihaken. *Data* nedahaken bilih *Generasi Z* punika generasi ingkang saèstu preduli dhateng prakawis sosial. *Generasi* punika sami

trengginas, guyub dados *pelopor* kapredulèn. Kanggé ngatag *Generasi Z* purun makarya sesarengan lelados ing pasamuwan, kita kedah migunakaken cara mirunggan ingkang laras kaliyan watakipun (*karakter*), inggih punika lumantar sesambetan ingkang nyata, *kreatif*, asli, saha tinarbuka dhateng gagasan énggal. Amargi, generasi punika dados mitra-karya kita salebeting ngrimati kapredulèn.

Ing tengahing geguletan ékonomi sapunika, *gerakan* kapredulèn kedah tansah kabyawarakaken. Ing warsa 2026, kathah gerakan sosial ingkang ngatag masyarakat supados blanja wonten warung tetanggi, para bakul, lan UMKM, kanggé njagi rodha ékonomi rakyat tetep muter. Regi wonten ing warung mbok bilih langkung awis tinimbang *platform é-commerce* ingkang paring *voucer* lan *bebas ongkos kirim*. Nanging, kanthi tumbas saking tetanggi, kita sesarengan nyengkuyung supados kabetahan gesanging sesami saged kacekapan.

Piwulang ingkang sami saged kita tingali nalika *pandemi* COVID-19 warsa 2020 lumantar *gerakan #WargaJagaWarga*. Nalika wonten warga ingkang sakit lan kedah *isolasi* wonten ing griya, para tetanggi gentosan ngintun dhaharan lan kabetahan pokok. *Gerakan* punika pancèn katingal ngrépotaken menawi boten dipun dhasari raos preduli. Nanging, tumindak nyata punika saged milujengaken kathah jiwa ing wekdal krisis amargi guyubipun warga.

Mila, ampun ngantos kita kécalan pangajeng-ajeng utawi mandheg preduli ing satengahing kanyatan rekaos. Gusti Allah mesthi ngutus para tiyang ingkang trep kanggé mbudidaya sesarengan kaliyan kita. Sanadyan kadosipun boten wonten kanca ing sacaket kita, émut bilih Gusti Allah piyambak dados mitra utami kita kanggé nresnani sesami. Samia ndedonga lan nyuwuna supados Panjenenganipun paring kakiyatan dhumateng kita dados sarana predulinipun kanggé jagad.

[gesh - hw]

KHOTBAH
Dalu nDungkap Natal
Kemis, 24 Dhésèmbêr 2026

Waosan:
Waosan1 : Yésaya 9:2-7
Tanggapan: Jabur 96
Waosan 2: Titus 2:11-14
Injil: Lukas 2:1-14

Dak Pesthèkaké Dalanmu Padhang

ꦕꦺꦴꦫ

KOTBAH JANGKEP

"Dak Pesthèkaké Dalanmu Padhang"

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Kristus,

Wonten tembang saking satunggaling penyanyi asmanipun Tulus kanthi irah-irahan (kapertal ing basa Jawi) "Cahya." Salah satunggaling pérangan ingkang narik kawigatosan makaten swantenipun: "Yèn aku nyekel kendhali pepadhang kanthi sampurna, aku mesthèkaké dalanmu padhang." Tembang punika nggambaraken rembagan ingkang raket, kados déné wonten satunggaling tiyang ningali kancanipun utawi tiyang ingkang dipun tresnani, nembé kécalah arah (ener), sayah, lan mangu-mangu dhateng dhirinipun. Ing tengah kahanan sapunika, piyambakipun lajeng ngucap: "Aja kuwatir, yèn aku nyekel kendhali pepadhang, aku mesthèkaké dalanmu padhang." Rak inggih ukara punika ingkang dipun padosi tiyang kathah ing jaman sapunika? Sanadyan kita mangertos bilih mokal kita saged nyepeng kendhali pepadhang kanthi sampurna lan mesthèkaken marginipun tiyang sanès tansah padhang. Kados pundi boten mokal?

Kita gesang wonten ing donya ingkang kebak informasi (pawarta), nanging boten sedaya cetha arahipun. Kita saged mangertos punapa ingkang kalampahan wonten ing donya namung kanthi sekedhèp nétra, nanging asring kita boten mangertos kados pundi ngadhepi geguletaning gesang kita

piyambak. Kathah tiyang katingal saé ing njawi, nanging sejatosipun nembé ngadhepi geguletan: kuwatir, kécalan, rumaos ijèn, konflik (pasulayan) brayat, prakawis pakaryan, utawi mboten pesthinipun mangsa ingkang badhé kalampahan. Ing kahanan makaten, manungsa kapang wontenipun pepesthèn, cepengan ingkang gumathok, saha pangajeng-ajeng.

Dalu ndungkap Natal inggih punika wekdal nalika Gusti Allah paring pawartos punika dhateng jagad. Lumantar miyosipun Gusti Yésus Kristus, Gusti Allah ingkang preduli rawuh lan ngendika dhateng manungsa ingkang mlampah wonten ing pepetenging gesang: “Aja padha wedi. Aku rawuh. Aku mbarengi lakumu. Aku mesthèkaké dalanmu padhang.”

Pangandika pangajeng-ajeng punika kasumerepaken wonten ing waosan-waosan kita ing dalu punika. Sumangga, kita gatosaken waosan saking Kitab Yésaya. Nabi Yésaya nggambaraken kahanan umating Allah kados bangsa ingkang mlampah wonten ing pepeteng. Pepeteng punika boten namung kahanan *fisik* (jasmani), nanging ugi kanyataning gesang ingkang kebak raos ajrih, sangsara, bingung, saha kécalan pangajeng-ajeng. Gesangipun kebak prakawis ingkang awrat lan mboten mesthi (gumathok). Nanging, dhumateng bangsa ingkang mlampah wonten ing pepeteng punika, Gusti Allah paring prasetya pepadhang ageng.

Élokipun, Gusti Allah boten langkung rumiyin ngéwahi kahananipun bangsa punika sadèrèngipun paring pangajeng-ajeng. Pepadhang rawuh nalika pepeteng taksih wonten. Pangajeng-ajeng dipun paringaken nalika prakawis gesang taksih dèrèng rampung. Gusti Allah karsa paring piwulang bilih tuking pangajeng-ajenging umat punika boten gumantung kaliyan owah-owahan kahanan, nanging gumantung dhumateng rawuhipun Gusti piyambak. Pameca punika lajeng ngendika bab Bayi ingkang miyos lan badhé sinebut Penasihat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman. Sebatan-sebatan punika nedahaken bilih Gusti Allah nyawisaken satunggaling pangarsa ingkang boten namung saged ngluwari umat saking krisis, nanging ugi paring arah, pangayoman, saha tentrem-rahayu sejati.

Ing pepadhang Natal, kita mangertos bilih pameca punika kababar wonten ing dhiri Yésus Kristus. Nalika donya kécalan arah, Gusti Allah ngrawuhaken Sang Pepadhang ingkang nedahaken margi. Nalika donya kebak kaprihatosan, Gusti Allah ngrawuhaken Sang Ratuning Katentreman. Nalika manungsa kécalan pangajeng-ajeng, Gusti Allah ngrawuhaken Sang Juruwilujeng.

Pangertosan punika dipun teguhaken déning Jabur 96. Juru Masmur ngatag jagad supados sami sorak-sorak lan ngluhuraken Gusti. Pitakènanipun, kénging punapa umat kaatag supados bingah? Punapa amargi sedaya prakawising gesang sampun ical? Boten. Kabingahanipun umat medal saking pangandel bilih Gusti ingkang misésani.

Ing tengahing jagad ingkang asring kapenuhan patrap mboten adil lan mboten mesthi, juru Masmur pitados bilih Gusti Allah tetep dados Ratu ing sejarah. Kathah prakawis ingkang boten saged dipun kendhalèkaken déning manungsa, nanging wonten satunggaling katemtuan ingkang boten éwah: Gusti tetep ngasta kendhali. Mila, kabingahan Natal punika boten gumantung dhumateng kahanan. Kita bingah boten amargi sedaya prakawis sampun rampung, nanging amargi kita mangertos sinten ingkang ngasta gesang kita.

Salajengipun, Rasul Paulus wonten ing Titus 2:11-14 negesaken bilih sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang milujengaken sadaya manungsa sampun katingal nyata. Kawilujengan punika boten namung dados janji ingkang dipun antu-antu, nanging sampun dados kasunyatan ing pribadi Gusti Yésus Kristus. Natal punika bukti bilih Gusti Allah boten namung ngendika bab katresnan, nanging ugi mbabaraken katresnan punika kanthi nyata.

Nanging Rasul Paulus ngémutaken bilih pepadhanging Kristus boten namung migunani nglipur manungsa. Pepadhang punika ugi ngéwahi manungsa. Sih-rahmatipun Gusti Allah nglajengaken piwulang dhumateng tiyang pitados supados nilaraken gesang lami lan nglampahi gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng ènggal. Kanthi tembung sanès, nalika Kristus nyunari marginipun satunggaling tiyang, boten namung arah

gesangipun ingkang éwah, nanging ugi cara gesangipun. Pepadhang Kristus paring pitulungan dhateng manungsa supados saged mangertosi punapa ingkang leres, punapa ingkang saé, lan punapa ingkang dipun karsakaken Gusti Allah.

Puncakipun, kita nyumurupi sedaya punika kababar wonten ing cariyos Natal miturut Lukas 2:1-14. Lukas miwiti cariyosipun kanthi nyebut Sang Nata Agung Agustus, pangwasa ageng ing jaman semanten. Kanggé jagad nalika semanten, Sang Nata Agung dipun anggep dados sumber kaslametan lan pangajeng-ajeng. Nanging Lukas paring pangandika lelawanan ingkang cetha. Nalika donya nyawang kraton dados pusat sejarah, Gusti Allah malah makarya lumantar satunggaling brayat prasaja ingkang tindak dhateng Bètlehèm.

Lumantar cacah jiwa ingkang dipun dhawuhaken Sang Nata Agung Agustus, Yusuf saha Maryam rawuh ing Bètlehèm, temah rangcanganipun Gusti Allah kasembadan. Lukas karsa nedahaken bilih sanadyan manungsa rumaos gesangipun dipun kendhalèni kahanan, Gusti Allah tetep makarya. Boten wonten pérangan sejarah ingkang luput saking astanipun. Malah lelampahan ingkang katingal prasaja saged dipun-ginakaken Gusti Allah kanggé mbabaraken karsanipun.

Langkung élok malih, Sang Juruwilujenging jagad miyos wonten ing pamakanan. Tanpa kamulyan. Tanpa gebyar. Tanpa papan mirunggan. Gusti Allah karsa rawuh lumantar kaprasajan lan kaasoran. Lumantar kanyatan punika, Gusti Allah nedahaken bilih Panjenenganipun boten njagi *jarak* saking manungsa, nanging mlebet ing karingkihaning gesanging manungsa.

Pawartos miyosipun Sang Mesih kapisan dipun paringaken dhumateng para pangèn. Sanadyan boten kalebet golongan kinormatan, nanging malah dhumateng tiyang-tiyang punika malaékat paring pawartos kabingahan. Punika nedahaken bilih katresnanipun Gusti Allah tinarbuka kanggé sedaya tiyang. Boten wonten satunggaling tiyang kémawon ingkang katingal alit kanggé dipun gatosaken Gusti Allah. Boten wonten satunggaling tiyang kémawon ingkang tebih sanget kanggé dipun rangkul katresnanipun.

Nalika para pangèn kapenuhan pepadhang kamulyanipun Gusti, malaékat ngendika: “Aja padha wedi.” Punika aosing Natal. Gusti Allah boten rawuh kanggé nambah raos ajrihipun manungsa. Gusti Allah rawuh kanggé ngicalaken raos ajrih punika. Gusti Allah boten rawuh kanggé ngukum jagad, nanging kanggé milujengaken. Gusti Allah boten rawuh kanggé nilaraken manungsa mlampah piyambakan, nanging kanggé nyarengi.

Para sadhèrèk kinasih, sedaya waosan ing dalu punika paring pawartos ingkang sami. Sedaya tumuju dhumateng kabar kabingahan: Gusti Allah preduli, lan krana punika Panjenenganipun rawuh. Mila jejer Natal punika, “Aku Mesthèkaké Dalanmu Padhang,” boten namung ukara ingkang éndah, nanging dados prasetyanipun Gusti Allah. Boten prasetya bilih gesang badhé luwar saking prakawis, nanging prasetya bilih kita boten badhé mlampah piyambakan. Boten prasetya bilih sedaya margi badhé gampil, nanging prasetya bilih Gusti Allah badhé tansah nganthi lampah kita.

Asring kita ngakeni pitados dhumateng Gusti, nanging ing wekdal ingkang sami kita taksih nglilani raos ajrih ngerèh gesang kita. Kita langkung pitados dhateng pétangan kita tinimbang panganthinipun Gusti. Kita langkung ngarah dhumateng punapa ingkang boten kita gadhahi tinimbang dhumateng Gusti ingkang mlampah sesarengan kaliyan kita. Kita kepéngin mangertosi sedaya margi ing ngajeng sadèrèngipun wantun jumangkah, kamangka iman mulangaken bilih Gusti asring namung nyunari satunggaling lampah ing satunggaling wekdal. Ingkang cetha, pepadhangipun Gusti tansah cekap kanggé lampah salajengipun.

Jejer Natal ing dalu punika ugi ngatag kita nglajengaken pitakèn: punapa pepeteng ingkang taksih kita adhepi sapunika? Mbok menawi punika bab pakaryan ingkang mboten mesthi. Mbok menawi punika geguletaning brayat. Mbok menawi punika kasarasan ingkang mandhap. Mbok menawi punika sesambetan ingkang risak. Mbok menawi punika kécalan tiyang ingkang dipun tresnani. Mbok menawi punika raos kuwatir ingkang dipun singidaken saking tiyang sanès. Natal boten

ngatag kita nyélaki sedaya punika. Natal malah ngatag kita mbekta sedaya pepeteng punika dhumateng Kristus Sang Pepadhanging jagad.

Nanging *reflèksi* Natal boten namung mandheg wonten ing dhiri piyambak. Menawi Kristus sampun dados pepadhang tumrap gesang kita, mila kita ugi kautus dados pepadhang tumrap tiyang sanès. Jagad sapunika boten namung kekirangan *informasi* (pawarta), nanging ugi kekirangan pangajeng-ajeng. Kathah tiyang ing sakiwa-tengen kita mlampah wonten ing pepetenging gesang tanpa kita sadhari. Wonten ingkang mbetahaken tiyang ingkang kersa mirengaken, nyarengi, ngiyataken, lan nedahaken katresnan.

Sanadyan kita boten saged ngrampungaken sedaya prakawising tiyang sanès. Kita boten saged ngicalaken sedaya pepetenging donya. Nanging kita saged dados pepadhang sinaosa alit wonten ing papan ingkang Gusti paringaken dhateng kita. Satunggaling pawartos ingkang ngiyataken, srana nuweni dhateng tiyang sakit, satunggaling kawigatosan dhumateng tiyang kasepèn, satunggaling pangapunten dhumateng tiyang ingkang lepat, utawi satunggaling pangrimat dhumateng tiyang ingkang tatu saged dados margining Gusti paring pepadhang lumantar gesang kita.

Mila, nalika kita wangsul saking ibadah ing dalu punika, mbok bilih boten sedaya prakawis gesang kita sampun rampung. Mbok bilih taksih wonten geguletan ingkang kedah kita adhepi. Mbok bilih taksih wonten pengalaman kécalan ingkang nglarani. Mbok bilih taksih wonten raos kuwatir bab mangsa ingkang badhé kalampahan. Nanging prayogi kita wangsul kanthi pitados: wonten Gusti Allah ingkang preduli, wonten Kristus ingkang rawuh, wonten Pepadhang ingkang nganthi. Satemah kita pitados bilih lumantar Natal punika Gusti ngendika dhumateng saben kita: Aja padha wedi. Aku rawuh. Aku mbarengi lakumu. Aku mesthèkakè dalanmu padhang.” Amin.

[yabs - hw]

KOTBAH
Natal
Jum'at, 25 Desember 2026

Waosan:
Waosan 1: Yésaya 52:7-10
Tanggapan: Jabur Masmur 98
Waosan 2: Ibrani 1:1-12
Injil: Yohanes 1:1-14

Natal
Kita Sadaya

KHOTBAH JANGKEP

"Natal Kita Sadaya"

Para sadhèrèk, sugeng (wilujeng) Natal.

Ing dinten ingkang mbingahaken punika, kula ngatag panjenengan mbagé salam Natal, "Natal kita sadaya" (kita ngucap "Natal kita sadaya" kanthi ngobahaken asta kanthi urutan: 1. Ngucap "Natal" – tapak/ èpèk-èpèk asta kekalihipun kabikak kados nyadhong berkah; 2. Ngucap tembung "kita" asta kalihipun kabikak amba nuju dhateng sadhèrèk patunggilan. 3. Ngucap "sadaya" mbikak asta sangsaya amba kados mberkahi rinengga pasuryan ingkang sumringah).






Para sadhèrèk kula aturi jumeneng, sesarengan kita ucapaken lan kita tindakaken pitedah punika wau; sumangga kita mratélakaken bilih Natal punika mujudaken kapredulènipun Gusti Allah maring kita sadaya. Sumangga sesarengan

(Cathetan: Juru kotbah saged ngatag pasamuwan nindakaken *gerakan* asta kasebat kaping 1 utawi ambal kaping 2).

Matur nuwun para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, kaaturan lenggah malih. Sajatosipun, Natal punika bab kapredulènipun Gusti Allah tumrap sadaya manungsa – mirungga tumrap kita ingkang ringkih winengku dosa, nanging ingkang samangké sampun kakiyataken lan kawilujengaken. Lumantar waosan Kitab Suci lan maknaning lèksionari Natal taun 2026 punika, kita kaèngetaken bilih ing satengahing karingkihan kita minangka manungsa, kababar "Warta Adi" Sampun miyos tumrap kita satunggaling Juru Wilujeng ingkang ngéjawantah. Gusti Allah Maha Preduli rena mbabar Dhiri ing wujud kamanungsanipun cihnaning pratélan katresnaning Panjenenganipun tumrap umat. Lumantar prasetya bab sih-rahmatipun, kuwaos Astaning ingkang milujengaken, sarta piwulang punapa déné pangurbananipun Sang Kristus, kita nampi pangapuntening dosa lumantar Rahipun saha kaleresan lumantar Sariranipun ingkang kinurbanaken ing kajeng salib. Awit saking kapredulèn sihipun Gusti Allah wonten ing Sang Kristus Yésus, kita nampèni gesang langgeng saha karahayon ingkang sajati.

Samangké, sadenya (*biarlah*) kapredulènipun Gusti Allah punika saèstu "kalair" (utawi natal) ing salebeting manah lan pamawas kita piyambak-piyambak. Sasampunipun punika, sumangga kita nerasaken kapredulèn kasebat maring brayat, tangga tepalih, sesami manungsa, sarta papan sakiwa tengen anggèn kita kapapanaken déning Gusti. Tuladha kapredulèn Natal punika netepi "Angger-anggering Katresnan" ingkang kawulangaken déning Sang Kristus: "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira... lan sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé" (Matéus 22:37-40). Prelu ugi kita ènget, tembung "sesami" ngewrat teges "tangga tepalih" utawi tiyang ingkang wonten ing sacelak kita.

Awit saking punika, sumangga kita ngriyadinaken wiyosipun Gusti Yésus Kristus kanthi suka bingahing manah. Sumangga kita jejogédan, ngidung, lan ngucap sokur awit

kapredulèning Panjenenganipun wonten ing Pangibadah Natal taun 2026 punika. Kita ngidung lan suka bingah awit kita punika pasamuwan ingkang sampun kawilujengaken – satunggal patunggilaning tiyang pitados ingkang tansah kagatosaken lan dipun tresnani déning Gusti Allah. Boten namung wonten ing pangibadah, sumangga kita ugi "ngundhangaken lan jejogedan" awit sih-kapredulènipun Gusti Yésus lumantar tumindak nyata ing gesang padintenan: Nresnani tangga tepalih ing sacelaking griya, ing RT/RW, saha sesami ing pundi kémawon kita kepanggih kanthi tumindak ingkang sanyata leres.

Wujuding kapredulèn punika saged kita wiwiti saking prakawis-prakawis prasaja: Pitembungan ingkang alus, sangsaya nresnani mitra nyambut damel (dadosa ingkang sami bagéyanipun utawi béda bagéyanipun), ngurmati ingkang langkung inggil kalenggahanipun, ngantos ngrangkul réncang-réncang nyambut damel ingkang déning jagad asring kaanggep "ing tataran ingkang asor." Sami èngeta bilih ing Pamirsanipun Gusti Allah, sesami punika sami-sami aji, lan Gusti ugi preduli. Ing satengahing kawontenan *ekonomi* lan sumber tenaga (*energi*) ingkang mrihatosaken wekdal punika, sumangga kita sangsaya ngaosi sih-rahmatipun Gusti awit paringipun panyambut damel tumrap kita. Kepara, sadenya kita sangsaya preduli maring para kadang ingkang kénging pancasan *pemutusan hubungan kerja* (PHK) – dadosa kanthi mbagé warta *lowongan kerja*, mbagé daya gesang (*semangat*), punapa déné ngaturi pambiyantu ingkang nyata sesarengan rencang nyambut damel utawi pasamuwan (upaminipun lumatar *Komisi Diakonia*) murih ndayani brayat ingkang nembé mbudidaya (*berjuang*) kanthi tumemen.

Kapredulèn saking Gusti Allah ingkang kababar ing jagad wonten ing Gusti Yésus Kristus ndayani kita nyipati bilih kapredulèn mujudaken jangkeping Natalipun Sang Mesih (kados déné ingkang kapratélakaken ing Ibrani 1:1). Ing jaman Prajanjian Lami, sih lan kapredulèning Gusti Allah kapratélakaken lumantar manéka cara: Pangimpèn, wahyu (*penglihatan*), piwelingipun nabi, cathetan sujarah, éngga warta ingkang kabekta déning malaékat. Nanging ing Prajanjian

Énggal (Anyar) éngga samangké, menawi sadaya cara kasebat katandhingaken kaliyan wiyos saha kababaripun Gusti Yésus – Sang Sabda (*Logos*) ingkang gesang – sadaya punika boten saged katandhingaken. Gusti Yésus Kristus, Sang Juru Wilujenging jagad lan Gusti kita punika babaring kaluhuran saking pratélan sih saha kapredulènipun Gusti Allah.

Inggih, Natal punika kapredulèn. Kapredulèn ingkang oyodipun saking padatan lan pratingkahing (*karakter*) brayat-brayat Kristen. Saking manah lan pamawas saben pérangan brayat, sih kasebat lubèr kababar ing tumindak nyata: Nresnani tangga tepalih, preduli maring kawontenan (*lingkungan*) sakiwa tengen, éngga nandukaken sikep tulus ing papan panyambut damel ugi maring mitra dagang (*bisnis*). Kita tinimbalan murih preduli ing saben wekdal lan kawontenan, boten namung nalika ngewohaken kauntungan pribadi.

Awit saking punika, sumangga kita sadaya, wiwit saking dhiri kita pribadi lan brayat, kita mahargya pakaryaning Panjenenganipun, “Yéhuwah repèkna kidung anyar, awit Panjenengané wus nindakaké kaélokan; kaunggulan wus kaangsalaké déning Panjenengané kalawan astané kang tengen tuwin bauné kang suci. Pangéran Yéhuwah wus ngundhangaké karaharjan kang saka ing Panjenengané...” (Jabur Masmur 98:1-2a).

Kidungan lan jejogédan kapredulèn saking Gusti Allah punika mesthinipun kawujudaken déning para laré, *remaja*, lan nèm-nèman diwasa ing pawiyatan (*sekolah* punapa déné *kampus*). Tiyang-tiyang punika saged mbagé maring réncang satunggal kelas, nresnani sesami, sarta ngaturaken urmat kagem para guru lan dhosèn. Nalika wujuding Natal punika kalair ing kapredulèn ing kababar, kawontenan gesang sekolah lan kampus winengku raos sami déné ngaosi.

Cara mawas (*sudut pandang/point of view*) bilih "Natal punika Kapredulèn" kedah tansah kabudidaya sesarengan. Kita kedah ndhatengaken sikep punika murih éwah-éwahaning cara pamawasing jagad ingkang asring nyimpang, mirungga murih kasigeg sikep ngèndelaken wontenipun prakawis ngganggu sesami ngantos ngrugèkaken (*perundungan/bullying*) ing

sekolah punapa déné kampus. Mangga kita wartosaken daya gesanging Natal lumantar tumindak nresnani sinten kémawon – tanpa mawang suku, bangsa, punapa déné agami – murih sangsaya surut manéka warni tumindak rumaos béda kaliyan sanèsipun ngantos nuwuhaken prakawis (*intoleransi*) ingkang wekdal samangké taksih kelampahan. Sih-karahayon saking Sang Kristus katawèkaken tumrap sadaya tiyang tanpa mawang.

Sumangga kita ugi preduli lumantar donga lan tumindak ingkang nyata tumrap pagesangan ingkang sangsaya rowa. Natal mujudaken timbalan tumrap kita murih ndedonga kanthi ancas rampunging paprangan ing wewengkon Timur Tengah lan ing pundi kémawon papan ing jagad punika tundhonipun kalair bedhamèn. Ing wekdal ingkang sami, sumangga kita sangsaya preduli ing papan pepanggihan tiyang kathah (*ruang publik*): Ngaturi lenggah maring piyayi adi yuswa lan ibu ingkang ngandheg nalika wonten ing *kendaraan umum*, nuntun piyayi sepuh utawi sadhèrèk ingkang *disabilitas* ingkang badhé nyabrang ing margi, sarta nyadhiyani papan *parkir* saha *fasilitas* tumrap sadhèrèk *disabilitas* dadosa ing papan kathah tiyang (*umum*) punapa déné ing nglebet gedhong greja kita.

Kanthi makaten saking papan ngibadah, brayat, éngga satengahing jagad; sumangga kita tansah adreng mbagé kabingahaning Natal ing gesang padintenan. Mugi kita tansah setya ngaturi lan mbagé karahayon tumrap sinten kémawon ingkang gesangipun kesrakat, miskin, kerapan, ngorong, tuna-wisma, sarta tiyang-tiyang ingkang dados bantening kadurakan (*kejahatan*), kacilakan, lan *bencana alam*.

Sesarengan bab kasebat sumangga kita ugi preduli tumrap alam titahipun Gusti Allah. Mangga kita mbagé bebingah (*mbagé*) bebingah (*kado*) Natal ingkang prayogi linangkung tumrap jagad kanthi nggatosaken sato kéwan sakiwa tengen kita – mirungga kéwan ingah-ingahan ing nggriya. Sampun ngantos saking kathahipun damelan pasinaon, panyambut damel, utawi kathahing jejibahan paladosan njalari kita boten maringi tedhan. Sumangga kita tresnani taneman ing sacelak nggriya lan sakiwa tengen kita. Sampun ngantos namung wasis ngrembag bab *ekologi* utawi kawontenan alam, nanging miwiti ngrimat kanthi:

Nyirami taneman, maringi pupuk, ngicali suket, saha ngrimat kembang punapa déné wit-witan ingkang dipun paringaken Gusti ing sacelak papan griya kita. Kapredulèn kanthi nresnani kéwan, taneman, lan kawontenan sakiwa tengen punika wujud nyata pahargyan Natal kita.

Sumangga kita miwiti preduli maring prakawis-prakawis ingkang ketingalipun sepélé ing taun 2026 punika. Mugi kita saged mbagé "bebingah kapredulèn," ingkang sayektoipun daya kasebat sampun wonten ing dhiri kita piyambak-piyambak, nanging sangsaya kita boten purun mbagé – kadosta **èsem sumèh** lan pratélan pangucap **"matur nuwun**."

Sumangga kita mèsem kanthi tulus saking manah saha pamawas, awratipun kados punapa kawontenan donya samangké, sarta guleting batos (*pergumulan*) brayat lan gesang ingkang nembé kita temahi. Gusti Allah kita punika Allah ingkang tansah mbabar èsem preduli lan pirsa kanthi pramana kawontenan kita. Gusti Allah makarya kanthi sanyata lumantar manjalmaning Gusti Yésus Kristus, sarta lumantar panuntuning Roh Suci ing salebeting manah ugi nalar kita ingkang ndhatengaken panglipuran, pamelèh, kakiyatan, lan kalairing tentrem rahayu.

Gusti Allah ingkang Mahapreduli sampun maringi sarana preduli ing dhiri saben titahing Panjenenganipun: Inggih punika èsem sarta kasagedan lan kakendelan ngucap matur nuwun. Murih nanggapi "Èsem Kapredulènipun" Gusti Allah, sumangga kita mèsem kanthi tulus tumrap brayat lan sesami. Kepara mangga kita bagèkaken èsem punika tumrap barang, wit-witan, sato-kéwan, lan sadaya titahipun Gusti.

Sumangga kita asring ngucapaken "matur nuwun." Pratélaning raos sokur punika konjuk Gusti ingkang sampun miyos lan milujengaken kita. Kabagéa kasaénan kasebat kanthi mbagèkaken kabingahaning Natal saben dinten wiwit saking manah lan nalar ingkang murni, sarta mèsem kanthi ngaturaken panuwun tumrap sinten kémawon.

Sugeng (wilujeng) ngriyadinaken Natal saben dinten! Punika mujudaken kabingahan agung ing sauruting wekdal awit kita sampun kawilujengaken lan sumadhiya sangsaya preduli

mbagé sih-karahayonipun Sang Kristus. Sugeng mbagé wartaning Natal panjenengan lan kula!

Sumangga kita prasetya murih preduli wiwit saking prakawis-prakawis sepélé ing gesang padintenan kita. Jangkah alit badhé mangaribawani ingkang rowa satemah prakawis-prakawis ageng ingkang migunani tumrap tiyang kathah, mirungga tumrap tiyang-tiyang ingkang asring kawawas awon asor. Awit, Natal punika mujudaken kapredulèn nyata saben dinten, ing pundi kémawon lan wekdal punapa kémawon, saking kita tumrap sadaya titahipun Gusti. Natal kula, Natal panjenengan, Sugeng Natal tumrap kita sadaya. Amin.

[lt ~ ucsl]


2 link Youtube Lagu "Natal Kita Semua" kasumanggakaken anggènipun badhé kapujèkaken sadèrèngipun utawi sasampunipun kotbah Natal. Prayogi para warga kaatag ndhèrèk ngidung lan mbok menawi kepareng gerak-lagu:
https://youtu.be/Iz43u6Cm6Xs?si=Kvim5zbRRNaSWRX3
https://youtu.be/YHvh3HbCs_g?si=JJThXvrL_38mlt9H


Partitur Lagu "Natal Kita Semua"

NATAL KITA SEMUA

G=Do, 120 bpm

Cipt. Pdt. Lusindo Tobing




S'ga -la ke -mu-lia -an ba -gi Al-lah di tem-pat ma-ha ting-gi
-5-
Na
Ke - su ka - an be - sar un - tuk se - mu - a
Da -mai se -jah -tra di bu -mi ki -ta
Ya ha -ri i -ni ju-ru Se -la-mat te -lah la -hir
S'ga -la ke -mu-lia -an ba -gi Al-lah di tem-pat ma-ha ting-gi
S'ga -la ke -mu-lia -an ba -gi Al-lah
di tem-pat ma -ha ting -gi

[lt-ucsl]

KOTBAH
Minggu I Sasampunipun Natal
Minggu, 27 Desember 2026

Waosan:
Waosan 1: Yésaya 61:10—62:3
Tanggapan: Jabur Masmur 148
Waosan 2: Galatia 4:4-7
Injil: Lukas 2:22-40

Karahayon Tumrap Sadhéngah Bangsa

KOTBAH JANGKEP

"Karahayon Tumrap Sadhéngah Bangsa"

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus,

Dinten punika kita lumebet ing Minggu kapisan sasampunipun Natal. Sumangga kita mbayangaken kados pundi kawontenan brayatipun Yusuf lan Maria sasampunipun Gusti Yésus miyos. Mbok menawi taksih wonten tamu ingkang kapéngin kepanggih kaliyan kekalihipun saprelu ngaturaken ndhèrèk bingah. Saged ugi taksih wonten para pangèn ingkang manggihi Gusti Yésus sasampunipun nampi warta Wiyosan nDalem Gusti ingkang katampi saking pepanthan pangèn sanèsipun ingkang sampun njinggleng piyambak Gusti Yésus ingkang sumèlèh ing pamakanan. Saged kémawon taksih kathah ribut tandang damel sanèsipun déning Yusuf lan Maria awit kekalihipun kedah netepi reroncèning acara cacah jiwa ingkang kawontenaken déning Sang Nata Agustus.

Ribut tandang dameling brayatipun Yusuf lan Maria megepokan kaliyan miyosipun Gusti Yésus ingkang kalajengaken manéka padatan upacara miturut pranataning Torèt. Injil Lukas nyathet déné dinten kaping wolu Sang Putra ingkang miyos saking guwagarbaning Maria kedah dipun tetaki lan pinaringan Asma Yésus. Lukas 2:22-24 mratélakaken tigang prakawis,

inggih punika: Dinten puputanipun Maria sampun dumugi wekdalipun, sowanipun Yusuf lan Maria ing Yérusalèm nalika masrahaken Gusti Yésus dhumateng Gusti Allah, lan brayatipun Yusuf ingkang misungsungaken saosan sokur deruk utawi dara ingkang taksih piyik sajodho.

Sesarengan wekdal dinten puputan, Yusuf lan Maria mbekta Gusti Yésus nuju Yérusalèm lan masrahaken Gusti Yésus dhumateng Gusti Allah. Kanthi masrahaken Gusti Yésus dhumateng Gusti Allah, Yusuf lan Maria prasetya ngamping-ampingi utawi nggulawenthah Gusti Yésus ing wekdal tuwuh diwasaning Panjenenganipun. Kajawi misungsungaken Gusti Yésus dhumateng Gusti Allah, kekalihipun mbekta pisungsung deruk utawi dara piyik sajodho cihnaning pisungsung konjuk Gusti Allah. Pisungsung jinis kasebat nedahaken bilih brayatipun Yusuf lan Maria sanès saking golongan brayat ingkang sugih bandha donya.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus,

Ing Yérusalèm wonten satunggaling priyayi asmanipun Siméon. Piyambakipun satunggaling tiyang saé bebudènipun lan mursid. Tiyang saé punika mbangun-turut netepi sadaya pranatan ingkang kacathet ing angger-angger Torèt. Lampah gesangipun ndadosaken galihipun Gusti Allah rena. Déné maknaning mursid punika pratingkah lampahing gesang ngagami. Roh Suci ngayomi Siméon. Kanthi lampah gesang ingkang leres lan mursid, piyambakipun ngantu-antu juru-panglipur tumrap Israèl. Cathetan kasebat nedahaken kapredulènipun Siméon tumrap bangsanipun. Ing wekdal kasebat, bangsa Israèl nembé kawengku ing sangandhaping pangawulan déning ratuning Romawi. Bangsa ingkang nyengkerem kasebat mranata pamarintahan kanthi kumawasa (*tangan besi*). Saking sisih politik lan ékonomi, rakyat Israèl nemahi panindhes, pajeg ingkang nekak, lan icaling kawontenan mardika. Kawontenan makaten punika njalari bangsa Israèl nyanggi panandhang ingkang sangsaya awrat. Tiyang-tiyang kasebat adreng anggènipun kangen kababaring kamardikan saking kawontenan ingkang “peteng” kasebat. Tumrap tiyang

Yahudi ing wekdal samanten, “juru panglipur” mujudaken tembung (*sandi*) bab rawuhing Sang Mésih.” Ngantu-antu panglipuran ateges ngantu-antu wekdal anggènipun Gusti Allah makarya nebus, pulihing sesambetan, lan pungkasaning wekdal-wekdal panandhanging umat Panjenenganipun.

Pangantu-antunipun Siméon inggih punika badhé kababar panglipuran boten namung pangantu-antunipun salah satunggal warga bangsa ingkang kangen bangsanipun kapulihaken. Piyambakipun ngantu-antu rawuhipun Sang Mesih jumeneng Sang Juru Panglipur. Siméon ingkang kapenuhan ing Roh Suci nedahaken bilih pamawasipun bab bangsanipun piyambak boten saged kapethal saking pakaryaning Roh Suci. Roh Suci boten namung ngandika aruh-aruh maring satunggaling tiyang murih tumandang nylametaken dhirinipun piyambak, nanging ugi tumindak tumrap pamulihaning bangsa. Kanthi panuntuning Roh Suci, Siméon sowan nuju Padalemanipun Gusti Allah. Ing ngrika piyambakipun pepanggihan aben ajeng kaliyan Gusti Yésus. Pepanggihan kasebat njalari Siméon lajeng nggéndhong Panjenenganipun sinarengan memuji Gusti Allah (Lukas 2:29-32).

Underan pamujinipun Siméon inggih punika: *Kapisan*, tentreming batos awit prasetyanipun Gusti Allah sampun kajangkepan. Pangantu-antu bab Sang Mesih ingkang milujengaken bangsanipun nyata kababar wonten ing Gusti Yésus. Raosing katentreman karahayon kasebat nuwuhaken greget késah winengku ing karahayon. *Kalih*, wujud pangucap sokuripun Siméon jalaran piyambakipun sampun njinggleng karahayon. Karahayon lairipun saking Gusti Allah. Lumantar rawuhipun Gusti Yésus ing jagad, Gusti Allah boten mbabar karahayon sacara “sesidheman,” nanging kanthi nyata. *Tiga*, pujènipun Siméon kaulukaken awit karahayonipun Gusti Allah kababaraken kanggé sadaya bangsa. Rawuhipun Sang Kristus ing donya njalari pepadhang nyingkiraken pepeteng. Pepadhang punika mratélakaken kaleresanipun Gusti Allah ing satengahing donya ingkang peteng lelimengan.

Para sadhèrèk ingkang kinasih ing patunggilanipun Gusti,

Pujènipun Siméon njalari Yusuf lan Maria sami jenger. Salajengipun Siméon mberkahi Yusuf, Maria, lan Gusti Yésus. Maring tetiganipun Siméon mratélakaken ancas gumathok (*misi*) ingkang katindakaken déning Gusti Yésus kanthi suka pratéla: “Lah iki wis pinasthi dadi marganing tiba lan tanginé wong ing Israèl pirang-pirang, lan dadi tetengeran kang bakal nukulaké padudon -- lan atimu dhéwé bakal katuwek ing pedhang -- supaya kalairna pikiraning atiné wong akèh” (Lukas 2:34-35). Pamberkahan ingkang kalantaraken déning Siméon nandhani karya ancas tujuwaning Gusti Allah milujengaken jagad lumantar brayatipun Yusuf, mliginipun lumantar Pribadinipun Gusti Yésus lan sumebar wrata maring poncot-poncoting bumi.

Kajawi Siméon, ugi wonten Hana. Piyambakipun satunggaling nabi pawèstri ingkang umuripun sampun wolung ndasa sekawan taun. Dinten-dinten katelasaken ing Padalemanipun Allah. Sasampunipun neningkahan 7 taun, Hana dados randha. Ing jaman samanten, dados randha ingkang sampun yuswa punika drajadipun ing masyarakat mrihatosaken, namung piyambak, lan asring dipun sepèlèkaken. Éwa samanten, Hana boten rumaos asor gayut drajadipun kasebat. Piyambakipun tansah ngeneraken gesangipun nuju Gusti kanthi cara manggèn ing Padalemanipun Gusti Allah kanthi setya-tuhu. Ing ngrika piyambakipun taberi ndedonga, ngibadah, lan nindakaken siyam. Nalika Hana ningali Gusti Yésus, piyambakipun ngucap sokur dhumateng Gusti Allah lan mratélakaken tumrap sadaya tiyang ingkang wonten ing Padalemanipun Gusti Allah bab Sang Putra punika. Gusti Yésus ingkang kaantu-antu déning Israèl sampun rawuh lan Panjenenganipun badhé ngluwari Yérusalèm. Pratélanipun Hana punika dados paseksi tumrap tiyang kathah ingkang kapéngin kababaring pamulihan saking Gusti Allah.

Para sadhèrèk kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti,

Lumantar Natal, warta karahayonipun Gusti Allah kababaraken tumrap sadaya bangsa. Panjenenganipun boten namung milujengaken satunggaling tiyang utawi golongan

tertemtu. Bangsa-bangsa ingkang nembé lumampah ing pepeteng pikantuk pepadhanging Gusti Allah. Prakawis kasebat kawartosaken wiwit jaman Prajanjian Lami. Nabi Yésaya mbabar pameca karahayonipun Gusti Allah tumrap sadaya bangsa kawiwitan saking Sion. Ing madyaning gesang bangsa ingkang boten gampil, abdining Gusti manggihaken pameca ingkang werdinipun pangajeng-ajeng saking Gusti Allah.

Wartosipun Nabi Yésaya punika ngèngetaken kawontenan kita jaman samangké. Kita nembé ngriyadinaken Natal ing satengahing kawontenan jagad ingkang kalindhih ing manéka warna kangèlan. Tiyang-tiyang asring nyebat, "kawontenanipun nembé *tidak baik-baik saja*." Bok menawi pitakènanipun, punapa ingkang njalari jagad punika *tidak baik-baik saja*? Jagad nembé kajajah déning pepénginan-pepénginan ingkang duraka ingkang badhé ngrebut sadaya kasugihaning jagad tumrap golongan tertemtu. Pangawulan (*penjajahan*) ing jaman énggal mawujud kanthi manéka wujud lan prakawis ingkang mlebet ing gesanging manungsa ing sadaya bangsa. Pangawulan ing bab ékonomi kanthi kala utang lajeng njiret negari-negari miskin lan tiyang-tiyang miskin. Pangawulan ing jagading *digital* lumantar *monopoli data* ingkang njalari kita tanpa sadhar sampun kajiret masrahaken *data diri* maring ingkang gadhah *provider*. Ugi wonten pangawulan awujud budaya lan cara (*gaya*) gesang lumantar *fashion*, *kuliner*, lan manéka warni cara gesang sanèsipun. Ing salebeting sadaya prakawis kasebut, pungkasanipun pangawulan mawujud ing pangawulan ing prakawis *ideologi* lan politik. Menawi kita raos-raosaken kawontenan ing jamanipun Yésaya, jaman Gusti Yésus miyos, lan jaman samangké punika sami kémawon.

Menawi makaten, punapa ingkang kedah katindakaken? Kita sinau saking Siméon lan Hana ingkang ndarbèni kayakinan bilih Gusti Allah méhak maring manungsa ingkang mbetahaken panglipuran. Éngga punapa wekdalipun? Siméon lan Hana boten naté sayah anggènipun nggadhahi pangajeng-ajeng tumrap bangsanipun. Sinaosa umuripun sampun adi, nanging kekalihipun boten naté kécalan daya gesang (*semangat*). Tiyang-tiyang ingkang nggadhahi daya gesang badhé tansah njinggleng

kababaring pepajar ing suwaliking pepeteng. Ing madyaning kawontenan ingkang mrihatosaken bangsanipun, Siméon lan Hana boten naté kendhat nresnani bangsanipun. Saged kémawon kekalihipun sami nggadhahi kateguhan, “Dadia apik dadia mrihatinaké, negara iki tetap dadi negaraku,” “Wutuh utawa nemahi karusakan, bumi iki panggonku tumapak ngadeg.” Kateguhan ingkang makaten punika ndayani jiwanipun tiyang-tiyang ingkang sanget anggènipun nggadhang pangajeng-ajeng ingkang prayogi tumrap gesang bebrayan agung.

Para sadhèrèk kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti,

Minggu kapisan Natal punika dados wekdal ingkang prayogi tumrap kita sadaya anggèn kita njinggleng Gusti Allah. Panjenenganipun rawuh. Panjenenganipun mratélakaken karahayon. Kita sadaya pinaringan wewengan pepanggihaken kaliyan Panjenengan kanthi gulet raket lan nyebat Asmanipun kanthi sebatan, “*Abba*, Dhuh Rama.” Kanthi makaten, kita sadaya pinaringan manah ingkang teguh déning Gusti Allah; tumrap gesang panjenengan, negari panjenengan, sajagad wrata ingkang nembé boten prayogi kawontenanipun (*tidak baik-baik saja*). Gusti Allah tansah nunggil panjenengan. Amin.

[wsn - ucsl]

KHOTBAH
Pungkasaning Warsa
Kemis, 31 Dhésèmber 2026

Waosan:
Waosan PL: 1 Para Raja 3:5-14
Waosan Injil: Yokanan 8:12-19

"Ngèngeti Gusti Allah ingkang Preduli"

KOTBAH JANGKEP

"Ngèngeti Gusti Allah ingkang Preduli"

Shalom, para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti.

Ing dalu punika kita sami kekempalan wonten ing pangibadah pungkasaning warsa. Sekedhap malih, setunggal warsa badhé kita pengkeraken. Kathah lelampahan ingkang sampun kita lampahi. Wonten kabungahan ingkang naté kita raosaken. Wonten kaanan kasil ingkang naté kita riyadinaken. Wonten pandonga kita ingkang sampun dipunsembadani Gusti. Nanging ugi wonten luh ingkang naté nètès. Wonten momotan ingkang ndadosaken tenaga lan pikiran kita telas. Wonten raos kécalan ingkang taksih wonten ing manah. Wonten pangajeng-ajeng ingkang dèrèng kelampahan ngantos dinten punika.

Pramila, rikalanipun kita jumeneng ing pungkasaning warsa, kita kabereg supados ningali malih lumampahing gesang kita. Kita kabereg supados ngènget mboten namung ing bab punapa ingkang sampun kalampahan, nanging ngènget sinten ingkang tansah nuntun kita ing sauruting lumampahipun gesang kita. Dalu punika jejering pangibadah ingkang badhé kita raosaken, inggih punika "Ngèngeti Gusti Allah ingkang Preduli".

Kénging punapa ngènget punika perkawis ingkang wigatos? Awit asring manungsa punika langkung gampil ngènget perkawis tinimbang ngènget pitulunganipun Gusti. Kita langkung gampil ngènget tatu tinimbang sih katresnan. Kita

langkung gampil ngèngeti kagagalan tinimbang panganthinipun Gusti Allah. Kamangka, rikalanipun kita ningali malih ingkang sampun kalampahan kanthi manah ingkang tinarbuka, kita badhé manggihaken bilih wonten satunggaling Pribadhi ingkang mboten naté nilaraken kita. Wonten satunggaling Asta ingkang tansah nyanggi kita. Wonten sih katresnan ingkang tansah setya nadyanta kawontenaning gesang gilir gumantos.

Panjenganipun Gusti Allah ingkang preduli. Lumantar cariyosipun Suléman wonten ing 1 Para Raja 3 lan pangandikanipun Gusti Yésus ing Yokanan 8, kita kabereg ngènget malih kadospundi Gusti Allah ingkang migatosaken gesang kita, tansah makarya ing gesanging umatipun. Wonten tiga piwucal saking Pangandikanipun Gusti ingkang saged kita gegilut dalu punika.

Pérangan ingkang sepisan saking panggegilut kita inggih punika, dados pribadi ingkang andhap asor kanggé madosi karsanipun Gusti.

Para sedhèrèk, rikalanipun Gusti Allah ngatingalaken dhiri dhumateng Suléman ing Gibéon, Gusti Allah maringaken wekdal ingkang ngédap-édapi. Gusti Allah ngendika: “Nyuwuna apa kang bakal Sunparingaké marang sira”. Cobi kita bayangaken, menawi kita ing papanipun Suléman. Mbok bilih kathah saking kita ingkang badhé nyuwun kasarasan, kasugihan, kasembadan, utawi yuswa panjang. Nanging Suléman malah nyuwun perkawis ingkang bènten. Suléman matur: “Milanipun Paduka mugi karsaa maringi dhumateng abdi Paduka manah ingkang saged nenimbang prakawis supados saged ngakimi umat Paduka kalayan saged mbédakaken punapa ingkang saé lan ingkang awon”

Wonten ing basa Ibrani kaginakaken tembung *lév shoméa*', ingkang tegesipun “manah ingkang midhangetaken”. Suléman mboten nyuwun kapinteran ingkang ngédap-édapi. Piyambakipun mboten nyuwun panguwaos ingkang ageng. Piyambakipun nyuwun manah ingkang kedugi midhangetaken swantenipun Gusti. Ing ngriki kita saged ningali andhap asoring manahipun Suléman. Piyambakipun ngrumaosi bilih dhirinipun mboten langkung kiyat kanggé nindakaken timbalan ingkang

ageng punika kanthi kekiyatanipun piyambak. Piyambakipun rumaos bilih dhirinipun mbetahaken kawicaksanan ingkang dumadosipun saking Gusti Allah.

Para sedhèrèk, salah satunggaling bebaya ingkang ageng ing gesang karohanèn kita inggih punika rikalanipun manungsa rumaos kuwagang nindakaken lampah gesangipun tanpa pitulunganipun Gusti. Rikalaning pambudidayanipun kasil, kita rumaos bilih punika awit kasagedan kita. Rikalanipun peladosan saged saé, kita rumaos punika awit kapinteran kita. Rikalanipun lampahing gesang saged lumampah saé, kita wiwit mboten malih gumantung kaliyan Gusti. Kamangka manungsa sangsaya diwasa karohanènipun, sangsaya piyambakipun rumaos bilih saèstu mbetahaken Gusti.

Awit saking punika, ing pungkasaning warsa punika, sumangga kita sami niti priksa dhiri kita piyambak: Punapa sadangunipun setunggal warsa punika kita saèstu madosi karsanipun Gusti? Utawi kita malah langkung kathah nindakaken pikajeng kula piyambak? Punapa kita sampun nyawisaken wekdal kanggé midhangetaken swantenipun Gusti? Utawi kula langkung remen mirengaken swantenipun jagad? Suléman memulang bilih tumindak ingkang sepisan tumuju kawicaksanan inggih punika ngasoraken manah.

Tiyang ingkang andhap asor badhé matur: “Gusti, sanès pikajeng kula ingkang kalampahan, nanging karsa Paduka ingkang kalampahan”. Lan rikalanipun tiyang punika saèstu madosi karsanipun Gusti, Gusti badhé paring panuntun ing margi ingkang leres.

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti, pérangan kaping kalih ingkang saged kita raosaken inggih punika Gusti Allah tansah kagungan karsa ing pagesangan, kalebet pitulunganipun.

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti, perkawis ingkang wigatos saking cariyos punika inggih punika bilih Gusti Allah langkung rumiyén ngrawuhi Suléman. Sanès Suléman ingkang madosi Gusti. Sanés Suléman ingkang miwiti wawan pirembagan. Nanging Gusti Allah ingkang rawuh lan ngendika: “Nyuwuna apa kang bakal Sunparingaké marang sira”. Punika

nedahaken bilih Gusti Allah punika Gusti Allah ingkang preduli. Gusti Allah mboten nengga Suléman saged lan nggadhahi kekiyatan langkung rumiyén. Gusti Allah mboten nengga Suléman dados ratu ingkang sampurna. Gusti Allah rawuh malah ing rikalanipun Suléman saweg miwiti lampah gesangipun. Punika sih nugraha. Punika sihipun Gusti Allah.

Lan sayektosipun punika ingkang kedadosan ugi ing gesang kita. Rikalanipun kita ningali mawingking lampahing gesang kita ing sauruting warsa punika, kita badhé manggihaken bilih asring Gusti punika makarya sadèrèngipun kita ngrumaosi. Wonten pitulungan ingkang dumuginipun saèstu pas wekdalipun. Wonten margining pangluwar ingkang mboten naté kita penggalihaken. Wonten tiyang-tiyang ingkang dipunutus Gusti kanggé mitulungi kita. Wonten kakiyatan ingkang dayani kita rikalanipun kita sampun mboten kuwagang malih. Wonten panganthinipun Gusti saking bebaya ingkang kita piyambak mboten mangertos. Asringipun sasampunipun sedaya sampun kalampahan, kita nembé rumaos dhiri: “Tetéla Gusti sampun makarya saking wiwitan”.

Para sedhèrèk, Gusti Allah ingkang preduli inggih punika Gusti Allah ingkang tansah kagungan karsa. Kalebet kawilujengan kita ugi kawiwitan saking karsanipun Gusti Allah. Awit sih katresnanipun, Panjenenganipun ngutus Gusti Yésus Kristus ing jagad punika. Awit katresnanipun, Panjenenganipun rawuh nyelaki kita sadèrèngipun kita kesasar. Awit sih katresnanipun, Panjenenganipun rawuh nyelaki kita sadèrèngipun kita nyelaki Panjenenganipun. Mila rikalanipun kita lumebet ing warsa énggal, kita mboten prelu was sumelang. Kita pancèn mboten mangertosi punapa ingkang badhé kelampahan. Nanging kita mangertosi bilih Gusti Allah ingkang preduli langkung rumiyén wonten ing ngrika. Lan Panjenenganipun tansah makarya kanggé putra-putranipun.

Pérangan kaping tiga ingkang saged kita raosaken saking waosan kita inggih punika dados pribadi ingkang saged ngétang berkahipun Gusti.

Para sedhèrèk, wonten ing Yokanan 8:12 Gusti Yésus ngendika: “Aku iki pepadhanging jagad; sing sapa ngetut-buri

Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhanging urip". Pangandika punika kaucapaken rikalanipun Riyaya Tancebing Tarub, rikalanipun diyan-diyan ageng nyunari Padaleman Suci. Kanggé bangsa Israèl, pepadhang ngémutaken bangsa Israèl bab tugu latu ingkang nenuntun lelampahanipun bangsa Israèl ing ara-ara samun. Tugu latu punika pratandha bilih Gusti Allah nganthi bangsa Israèl. Tugu latu punika pratandha bilih Gusti Allah mboten nilaraken bangsa Israèl. Lan samangké Gusti Yésus ngendika: "Aku iki pepadhanging jagad". Tegesipun, panganthinipun Gusti Allah mboten mandheg. Pepadhanging Gusti Allah tansah rawuh lumantar Sang Kristus.

Para sedhèrèk, ing pungkasaning warsa punika, kita kabereg ningali malih lumampahing gesang kita ing salebeting pepadhangipun Sang Kristus. Menawi kita namung ningali momotan, mbok bilih kita badhé kuciwa. Menawi kita namung ningali kagagalan, mbok bilih kita badhé rumaos alit ing manah. Nanging menawi kita ningali gesang kita ing salebeting pepadhanging Sang Kristus, kita badhé manggihaken kathahing berkahipun Gusti. Menawi kita naté sakit, Gusti ingkang mulihaken. Mbok bilih kita naté dhawah, nanging Gusti ingkang ngangkat. Mbok bilih kita naté ngraosaken ajrih, nanging Gusti ngiyataken. Mbok bilih kita naté ngungun, nanging Gusti ingkang nglipur. Mbok bilih mboten sedaya pandonga kita kasembadan kados punapa ingkang kita kajengaken. Nanging Gusti tansah setya ngreksa gesang kita. Mbok bilih kita taksih ing salebeting momotan, nanging Gusti ngiyataken kita supados kita kuwagang ngadhepi samudayanipun.

Mila saking punika, salah satunggaling wujud pitados ingkang wigatos inggih punika sinau ngétang berkahipun Gusti. Mboten ngétang momotan. Mboten ngétang raos kuciwa. Nanging ngétang sih nugrahanipun ingkang sampun kita tampi. Menawi kita ngétang berkahipun Gusti, sangsaya kita rumaos dhiri bilih Gusti langkung saé tinimbang punapa ingkang kita penggalihaken. Lan sangsaya kita ngènget kasaénanipun Gusti, sangsaya kiyat pitados kita kanggé ngadhepi kasunyataning gesang lan mangsa ngajeng.

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti, sasampunipun kita nggegilut tigang pérangan ing panggegilut kita punika. Dalu punika kita kabereg kanggé ngènget Gusti Allah ingkang preduli. Gusti Allah ingkang preduli dhumateng Suléman. Gusti Allah ingkang preduli dhateng bangsa Israèl. Gusti Allah ingkang preduli lumantar Gusti Yésus Kristus, Sang Pepadhanging Jagad. Lan Gusti Allah ingkang sami, ugi migatosaken kita.

Pramila, sumangga kita mbekta tigang pasinaon kita punika lumebet ing warsa ingkang énggal. Sepisan, dadosa pribadi ingkang andhap asor lan tansah madosi karsanipun Gusti. Kaping kalih, pitadosa bilih Gusti Allah tansah kagungan karsa ing gesang kita punika, lan nyawisaken pitulunganipun ingkang pas wekdalipun. Kaping tiga, dadosa pribadi ingkang kuwagang ngétang berkahipun Gusti, satemah manah kita tansah kebak ing raos sokur.

Rikalanipun loncèng gumantosing warsa kaungelaken, mbok bilih kathah perkawis ingkang badhé wonten éwah-éwahan. Nanging wonten setunggal perkawis ingkang mboten badhé éwah: Sihipun Gusti Allah. Kasetyanipun Gusti Allah. Lan Gusti Allah ingkang preduli. Rikalanipun lembaran warsa énggal kabikak, mbok bilih kathah ingkang tebih saking kawontenan ingkang gumathok, nanging setunggal perkawis ingkang kita pitadosi: Gusti mesthi ngayomi kita. Mila saking punika sumangga kita jumangkah ing warsa ingkang énggal kanthi manah ingkang ayem, kebak ing raos sokur, lan kebak ing pangajeng-ajeng. Awit ngantos dinten punika kita saged paring paseksi: Gusti punika saé sanget. Gusti punika setya. Lan Gusti punika preduli. Amin

[sdy - yfkl]

KHOTBAH
Warsa Énggal
Ju'mat, 1 Januari 2027

Waosan:
Waosan 1: Wilangan 6:22-27
Tanggapan: Jabur Masmur 8
Waosan 2: Galati 4:4-7
Injil: Lukas 2:15-21

Miwiti Jangkahing Pajaganipun Gusti Allah

KOTBAH JANGKEP

Miwiti Jangkahing Pajaganipun Gusti Allah

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti,

Dinten punika kita sami jumeneng ing wekdal ndungkap warsa énggal: warsa 2027. Kita sami sowan kanthi kathah pitakènan bab mangsa ngajeng. Kadospundi kawontenan ékonomi? Kadospundi kawontenan bangsa lan jagad? Kadospundi kesarasan, pakaryan, brayat, lan panggesangan kita salajengipun?

Kita gesang ing jaman ingkang kawontenanipun mboten gumathok. Jagad lumampahipun rikat sanget. Wragat kabetahaning gesang mindhak kathah. Kawontenan *politik global* mboten mantep (mboten *stabil*). Pangancaming pasulayan, *krisis lingkungan*, sesakit, lan pameteking gesang ingkang tansah ngajrih-ajrihi manungsa modhèren wekdal punika.

Nanging ing sedaya kawonten ingkang mboten gumathok punika, pangandikanipun Gusti dinten punika maringaken katetepaning kapitadosan: kita miwiti jangkah kita mboten piyambakan. Kita jumangkah ing pajaganipun (*kawalan*) Gusti Allah.

1. **Gusti Allah Miwiti Warsa kanthi Berkah lan Pangayoman**

   Wonten ing Wilangan 6:22–27 kita mireng punapa ingkang asring punsebat *Birkat Kohanim* — Berkahing Imam.
   Nengsemaken sanget, tatanan berkah punika, wonten ing tèks utawi seratan Ibraninipun mekar sangsaya ageng: 3 tembung, lajeng 5 tembung, lajeng 7 tembung. Tegesipun: berkahipun Gusti Allah kagambaraken sangsaya lubèr.
   Kawiwitan saking:
   "Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé"
   Ing basa Ibrani, tembung "ngayomi" punika awujud tumindak mempeng ingkang tansah lumampah. Dados berkahipun Gusti Allah mboten namung lelampahan sekedhap nétra, ananging pangrimat ingkang tansah langgeng teras-terasan.
   Lan tembung "ngayomi" mboten namung pangayomaning raga. Punika nedahaken kawigatosan sawetahipun lan kasetyanipun Gusti Allah anggènipun njagi adeging umatipun.

   Kita gatosaken wewengkonipun (*konteksnya*) berkah: berkah punika dipunparingaken rikalanipun Israèl wonten ing ara-ara samun. Bangsa Israèl dèrèng dumugi Tanah Prasetyan. Bangsa Israèl gesang ing kawontenan ingkang taksih mangu-mangu. Wontenipun bebaya perang, kaluwén, ngorong, lan lelampahan ingkang taksih tebih ingkang mboten mangertos kapan rampungipun. Nanging malah ing tengahing kawontenan ingkang mangu-mangu punika Gusti ngendika: "Aku mberkahi lan ngayomi kowé".
   Para sedhèrèk, kita ugi sampun lumebet ing warsa 2027 kados Israèl ingkang lumebet ing ara-ara samun: mboten mangertos margi ing ngajeng. Nanging wartos saénipun: Gusti Allah ingkang sami tetep nganthi ing sujarahing gesangipun manungsa. Awit saking punika kita mboten lumampah ing raos ajrih lan sumelang, nanging wonten ing pangreksanipun Gusti Allah.

2. Gusti Allah ingkang Maha Mulya Tetep Nggatosaken Manungsa

Jabur 8 mbereg kita mandeng kamulyanipun Gusti Allah. Juru Jabur ngendikakaken: "*Manawi kawula ningali langit pakaryanipun asta Paduka, punapa déné rembulan saha lintang-lintang ingkang sampun Paduka tata…"*. Lajeng wonten pitakènan dhasar: "*Manungsa punika punapa ta, déné Paduka èngeti?*" Punika pitakènan ingkang kamanungsan sanget.

Ing jagad raya ingkang wiyar punika, manungsa katingal alit. Gesangipun manungsa mboten dangu. Kita ringkih. Kita gampil ajrih. Nanging malah ing ngriki kaélokanipun Jabur 8: Gusti Allah ingkang mulya sanget tetéla tetep nggatosaken manungsa. Jabur Masmur punika ngandika: manungsa dipun makuthani kalayan kaluhuran saha kamulyan. Tegesinipun: manungsa sanès titah tanpa aji. Kita aji sanget awit Gusti Allah piyambak ingkang nggatosaken kita. Jagad modhèren asring ndadosaken manungsa punika rumaos alit lan mboten wonten maknanipun. Kita kabiji adhedhasar gegayuhan, pangkat drajat, kasugihan, misuwur, lan wohing pakaryan. Nanging sabdanipun Gusti ngandika: "drajating (*martabat*) manungsa pinangkanipun saking Gusti Allah."

Para sedhèrèk, wiwitaning warsa asring ndadosaken tiyang punika ajrih wurung. Ajrih mboten cekap. Ajrih mangsa ngajeng ingkang mboten cetha. Nanging Jabur 8 ngémutaken: Gusti Allah ingkang nitahaken bumi saisènipun, tetep ngèngeti gesang kita. Gusti mboten badhé nyupèkaken brayat panjenengan. Gusti mboten badhé nyupèkaken geguletaning manah panjenengan. Gusti mboten nyupèkaken luh panjenengan. Kita badhé tansah kajagi déning Gusti Allah ingkang Maha Agung.

3. Ing Sang Kristus, Kita Lumampah Dados Putra-putranipun Gusti Allah

Galati 4:4-7 mbereg kita langkung tebih malih. Rasul Paulus ngandika: "*Nanging bareng wus tekan ing ganepé mangsa, Gusti Allah ngutus Kang Putra...*" Sadaya sujarah lumampah nuju dhateng rawuhipun Sang Kristus. Gusti Yésus mboten namung rawuh tanpa sengaja, nanging dados pérangan saking rancanganing kawilujenganipun Gusti Allah. Dados Sang Kristus rawuh kanggé nebus manungsa, supados kita katampi dados putra-putranipun Gusti Allah.

Para sedhèrèk, bab punika wigatos.
Kita mboten namung umat ingkang dipun biyantu déning Gusti. Kita punika para putra ingkang katampi ing salebeting brayatipun Gusti Allah. Lan awit saking punika Rasul Paulus ngandika: *"Gusti Allah wus ngutus Rohé Kang Putra marang ing sajroning ati kita, kang nguwuh: "Abba, Rama!"*

"Abba" punika sesebatan ingkang raket sanget: kados satunggaling laré ingkang ngaturi ramanipun kanthi kebaking kapitadosan. Tegesipun: kapitadosan Kristen mboten namung pitados bilih Gusti punika wonten, nanging pitados bilih kita gesang ing salebeting sesambetan katresnan kaliyan Sang Rama.

Mila rikalanipun kita lumebet ing warsa énggal, kita mboten lumampah minangka laré lola tata karohanèn. Kita lumampah dados putra-putranipun Gusti Allah, lan putra-putranipun Gusti Allah kepareng sowan dhateng Sang Rama: mbekta sumelang, mbekta raos ajrih, mbekta geguletaning batos, lan pitados bilih Sang Rama ngreksa gesang kita.

4. Miwiti Jangkah kanthi Kapitadosan ingkang Gesang lan Manah ingkang Ngraosaken

Ing Lukas 2:15-21, para pangèn sami nampi wartos miyosipun Gusti Yésus saking malaékat. Wigatosipun, para pangèn mboten kèndel ing pengalaman rohani. Para pangèn sami lumampah. Para pangèn sami késah madosi Bayi Yésus.

Punika kapitadosan ingkang gesang: kapitadosan ingkang lumampah.

Warsa énggal mboten namung cekap kiisi déning pangajeng-ajeng lan *resolusi* tekad kiyat. Kita katimbalan jumangkah sesarengan kaliyan Gusti. Nanging wonten patrap sanèsipun ingkang wigati: patrapipun Maryam.

Kitab Suci ngandika: *"Nanging Maryam nyathet iku mau kabèh ana ing sajroning atiné lan dirasak-rasakaké"*. Maryam mboten mangertos sedaya rancanganipun Gusti Allah kanthi jangkep. Nanging piyambakipun sinau nyimpen pengalamanipun sesarengan Gusti Allah lan dipunraos-raosaken.

Para sedhèrèk, ing wiwitaning warsa punika, kita kedah kadosdéné para pangèn: lumampah ing kapitadosan. Nanging kita ugi kedah kadosdéné Maryam: ngraos-raosaken kasetyanipun Gusti. Awit tiyang ingkang ngènget panganthinipun Gusti ing mangsa kepengker badhé langkung kiyat ngadhepi mangsa ngajeng. Cobi dipunènget émutana lampahing gesang panjenengan. Rak wonten mangsa nalika panjenengan menggalih mboten sagah malih, nanging Gusti mitulungi lan ngangkat panjenengan? Wonten mangsanipun rikala margi raosipun katutup sedaya, nanging Gusti mbikak margi! Wonten mangsa rikala gesang kebak luh, nanging Gusti maringi kekiyatan!

Awit saking punika, mlebet ing taun 2027, kita jumangkah mboten namung ngginakaken nalaripun manungsa, nanging kanthi pangémut-émut kapitadosan: "Gusti ingkang rumiyén mitulungi, tetep badhé mitulungi"

Panutup

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti, warsa 2027 mbok bilih tetep kebak kawontenan ingkang mboten gumathok.

Nanging pangandikanipun Gusti dinten punika maringi katetepan ingkang langkung ageng: Gusti mberkahi lan njagi umatipun. Gusti ingkang Maha Agung tetep nggatosaken manungsa. Wonten ing Sang Kristus kita punika putra-putranipun Gusti Allah. Kita katimbalan jumangkah ing kapitadosan kanthi ngraos-raosaken kasetyanipun Gusti.

Awit saking punika, sampun ngantos lumebet ing warsa énggal kanthi raos ajrih ingkang ndadosaken pepes. Samia mlebet ing warsa énggal kanthi kapitadosan. Awit kita mboten lumampah piyambakan. Wonten astanipun Gusti ingkang njagi. Wonten wedananipun Gusti ingkang tansah mirsani kanthi katresnan. Wonten Sang Roh Suci ingkang tansah nunggil. Wonten tentrem rahayunipun Gusti Allah ingkang tansah ngrimati gesang kita.

Mbok bilih margi ing ngajeng dèrèng cetha, nanging Sang Pajagining lampah kita cetha sanget: Gusti piyambak! Mila sumangga kita jumangkah lumebet warsa 2027 kanthi kapitadosan: Miwiti Jangkahing Pajaganipun Gusti Allah. Amin

[mrks - yfkl]

KHOTBAH
Minggu Épifani
Minggu, 3 Januari 2027

Waosan 1:	Yérémia 31:7-14
Tanggapan:	Jabur 147:12-20
Waosan 2:	Éfesus 1:3-14
Injil:	Yokanan 1:10-18

Allah ingkang Preduli

ꦮꦺꦴꦱ

KOTBAH JANGKEP

"Allah ingkang Preduli"

Wanci punika kita ngadeg ing sangajenging kori anyar, sumedya lumampah ing warsa 2027. Namung kémawon, jagad ingkang kita ambah punika sanès jagad ingkang aman lan namung kebak tentrem rahayu kémawon. Jagad punika sangsaya mboten temtu kawontenanipun lan malah kepara damel kuwatir. Pawartos-pawartos ing sakiwa tengen kita asring damel giris, kados to: *krisis iklim* ingkang ngancam, kawontenan *perékonomian* ingkang mboten gumathok nukulaken was sumelang tumraping dinten ingkang badhé dhateng. Pasulayan lan paprangan ing antawising sawetawis bangsa dèrèng rampung lan mboten mangertos mbénjang punapa rampungipun. Ing satengahing kawontenan jagad ingkang karaos atis, tintrim lan damel geter krana sarupaning krisis punika, limrah menawi manah kita kethukulan pangraos, "Piyé bisané tetep ngadeg jejeg lan jumangkah ing taun 2027 iki? Apa Gusti Allah pirsa momotaning urip sing kudu daksangga? Apa Gusti Allah preduli marang apa sing dakalami?"

Dinten punika kita sami mahargya Minggu Épifani. Tembung "Épifani" tegesipun Gusti Allah karsa ngetingalaken dhiriNipun. Lumantar pahargyan lan sedaya pangandikanipun

Gusti ing dinten punika dados bukti bilih Allah kita punika Allah ingkang preduli. Anggènipun preduli mboten namung awujud simpati saking katebihan, ing suwarga. Nanging langkung saking punika Gusti Allah karsa rawuh piyambak lan campur asta ing salebeting sujarahipun manungsa, ngrangkul karingkihan kita lan damel pulihing gesang kita.

Sumangga kita sinau saking wiwitan, lumantar sujarahipun bangsa Israèl ing Kitab Nabi Yérémia 31. Kala semanten bangsa Israèl nembé wonten ing satengahing kala jiretipun pangawulan ing Babèl. Bangsa punika kécalan tanah wutahipun, kécalan Padalemaning Allah lan gesang minangka kawula utawi tiyang jajahan. Ing satengahing pangadhuh punika, dumadakan Nabi Yérémia ngasta pawartos ingkang ngagètaken, "Padha surak-suraka kalawan sukarena!" Pawartos punika karaos mboten nalar. Kados pundi déné tiyang ingkang nembé nangis ing tanah pangawulan malah kadhawuhan surak-surak kanthi sukarena? Yektosipun punika mratélakaken anggènipun Gusti Allah preduli. Gusti Allah karsa rawuh piyambak mboten nalika kawontenan sampun saé, nanging minangka tanggelan bilih panjenenganipun nembé makarya ing satengahing prahara.

Cobi kita gatosaken, sinten ingkang dipun utamèkaken Gusti Allah nalika Panjenenganipun prasetya mboyong bangsa Israèl wangsul ing negerinipun. Gusti Allah mboten ngempalaken para prajurit ingkang kiyat utawi para priyagung ingkang kagungan panguwaos. Ayat 8 nyathet bilih Gusti Allah sacara mirunggan nyebataken: tiyang wuta, tiyang lumpuh, para wanita ingkang nembé ngandheg lan nglairaken bayinipun. Tumraping jagad, perangan tiyang-tiyang punika minangka momotan ingkang ngrendhet-ngrendheti lampah. Nanging ing ngarsanipun Allah, tiyang-tiyang punika minangka *prioritas* ingkang utami. Kadya katresnaning Bapa, Gusti Allah karsa nenuntun bangsa Israèl ingkang nglemprek. Katresnanipun mbuktèkaken bilih paukuman krana mboten setyanipun umat, punika sanès pérangan ingkang pungkasan. Katresnanipun sumedya ngrangkul malih, ngéwahi pangadhuh ingkang sampun mataun-taun ing Baèel dados kabingahan ageng.

Sikep preduli ing salebeting katresnanipun Gusti, ugi karaosaken sanget déning Sang Juru Masmur sasampunipun pangawulan. Masmur 147 nyariyosaken kawontenaning umat ingkang nembé kémawon wangsul dhateng Kitha Yèrusalèm. Kitha punika ambruk ajur mumur, lan bangsa Israèl kedah mbangun malih saking wiwitan. Ing satengahing raos giris bab punapa ingkang badhé kelampah mbénjang, Gusti Allah rawuh njangkepi kabetahan ingkang paling baken: Panjenenganipun nyantosani slaraking gapura (bab *keamanan*), mberkahi para laré (lestantuning gesang ing *masa depan*), lan maringi gandum ingkang saé (kacekapan ing bab *pangan*). Dados, Gusti Allah punika preduli dhateng punapa ingkang kita tedha lan ugi katentremaning manah para kagunganipun. Langkung malih, Sang Juru Masmur nggambaraken bab panguwaosipun Gusti Allah ing ngatasing "*cuaca èkstrim*". Gusti Allah maringaken salju, nyawuraken ebun njendhel, lan maringaken jendhelan toya (*ès batu*). Kénging punapa Sang Juru Masmur nyariyosaken bab mangsa atis ingkang njendhel? Wangsulanipun wonten ing ayat 18: "Panjenengané ngandika, kabèh banjur ajèr manèh, Panjenengané ngididaké angin, banyuné tumuli mili."

Menawi ing Prajanjian Lami, anggenipun Gusti Allah preduli dipun ketingalaken lumantar kamardikan ingkang sipatipun kajasmanèn. Dené ing serat Èfesus 1, Rasul Paulus nyariyosaken ing tataran ingkang langkung lebet malih, inggih ing tataran karohanèn. Ing basa aslinipun, ayat 3-14 punika kaserat minangka ukara ingkang panjang tanpa tandha titik. Rasul Paulus nyerat kados tiyang ingkang katelasan ambegan krana saking makantar-kantaripun nyariyosaken bab mekaten éndahing rancanganipun Allah.

Rasul Paulus mratélakaken bilih anggènipun Gusti Allah preduli punika kanthi *proaktif* (mboten sisah nengga kawontenan, ning langkung rumiyin tumindak kanggé *antisipasi*), sanès *réaktif* (nengga, mirsani kawontenan nembé tumindak). Gusti Allah mboten nengga kita ketaman prekawis anyar, nembé preduli. Nanging Panjenenganipun sampun damel rancangan, dangu sadèrèngipun sedaya katitahaken. Wonten pangandika, *"Awit sadurungé jagad katitahaké iya ana ing*

Panjenengané iku Gusti Allah wus milihi kita…" (Éf.1:4a) Sadèrèngipun lintang-lintang katitahaken, sadèrèngipun wekdal kawiwitan, nama-nama kita sampun cinathet ing manahipun Allah. Malah wujud predulinipun Gusti sanèsipun pinanggih nalika kita kaangkat dados putra-putranipun. Ing angger-anggering Bangsa Rum kina, setunggaling laré ingkang kaangkat dados putra gadhah hak ingkang sami kaliyan putranipun piyambak. Wujuding hak, inggih punika nampèni warisan saking tiyang sepuhipun lan sedaya kawontenan gesang sadèrèngipun kalebet sambetan-sambetan ingkang dipun gadhahi kaanggep dados pundhat. Dosa, kagagalan lan raos lepat ingkang mbujeng gesanging manungsa katebus mboten srana emas utawi salaka, nanging dipun bayar lunas kanthi rahipun Sang Kristus Yésus.

Kawusananipun saking sikep predulining Allah, kebabar sacara sampurna ing Yokanan 1. Gusti Allah ingkang *tan kena kinaya ngapa*, samangké karsa mbabar dhiri kanthi nyata. Panjenenganipun mboten ngendika lantaran prahara, pangimpèn utawi seratan ing séla. Panjenenganipun rawuh wonten ing pribadi ingkang tindak ing ngatasipun lebu lan siti ingkang sami kaliyan kita manungsa, inggih ing Sang Kristus Yésus, Sang Sabda ingkang manjalma dados manungsa.

Namung mekaten, Yokanan nyerat bab ingkang *kontras* lan damel kaprihatosaning manah ing ayat 10-11, *"Panjenengané wus ana ing jagad, dhasar jagad iku dumadiné iya déning Panjenengané, nanging jagad iku ora wanuh marang Panjenengané."* Cobi kita bayangaken, menawi panjenengan yasa griya ingkang éndah kanggé brayat panjenengan piyambak. Lan ugi kepara tansah panjenengan tata piyambak kanthi premati. Nanging nalika pajenengan kondur, tiyang-tiyang ing salebeting griya malah ngunci korining griya lan éthok-éthok mboten tepang kaliyan panjenengan. Iba sakiting manah panjenengan. Inggih mekaten ingkang dipun alami déning Gusti Yésus. Gusti Allah pirsa wiwit sekawit bilih rawuhipun ing jagad punika badhé dipun tampik, dipun aniaya lan malah dipun sédani. Nanging kénging punapa Panjenenganipun tetep kersa rawuh ing jagad? Mboten sanès awit karana katresnan lan predulinipun Gusti ingkang ngawonaken resiko katampik. Bab

punika dipun buktèkaken wonten ing Gusti Yésus salamining leladi ing jagad punika. Sanajan Gusti Yésus tansah mratélakaken welas asihipun dhateng para tiyang ingkang katindhes lan ingkang dipun singkiri déning masyarakat. Gusti Yésus ugi karsa manjalma dados manungsa ingkang welas asih. Malah Gusti Yésus ugi kanthi rila legawa nglampahi séda ing kajeng salib. Nanging ing salamining peladosanipun punika, tiyang-tiyang saking golongan Farisi lan para ahli Torèt, golongan Hérodès lan kelompok Zaduki tansah nampik Panjenenganipun. Éwa semanten, Gusti Yésus tansah nindakaken misining Kratonipun Allah ing jagad punika. Panjenenganipun pirsa bilih ing antawis petengipun jagad ingkang nampik, badhé wonten tiyang-tiyang ingkang mbikak manahipun nampèni kawilujengan. Tumrap saben tiyang ingkang purun nampèni Panjenenganipun, Gusti Allah maringaken panguwaos, hak mirunggan lan wewenang supados sami dados putra-putraning Allah.

Awit saking punika, lumantar pahargyan Épifani ing dinten punika, kita kepareng sowang-sowang wangsul kinanthènan grengseng lan semangat ingkang anyar. Kita tansah manembah dhumateng Allah ingkang karsa nunggil ing sujarah gesang kita. Panjenenganipun preduli dhateng jiwa, raga lan pasamuwan kita. Panjenenganipun preduli dhateng alam raya lan raosing manah aman kita. Sarta, Panjenenganipun karsa rawuh sacara pribadi ing manah kita.

Lan sumangga kita tansah tumandang damel njangkepi timbalan mujudaken sikep predulinipun Allah dhateng sesami lan kiwa-tengen kita. Dadosa lantaranipun Allah ingkang nglipur para tiyang sisah, ngekahaken ingkang ringkih, lan mbekta swasana ingkang damel ayem tumraping tetiyang ingkang sami ngraosaken atising jagad punika.

Sumangga kita lumampah ing dinten-dinten ingkang badhé dhateng kinanthènan sikep ingkang langkung *optimis*, yakin, lan kebak ing pikekah. Mboten perlu ajrih lan kuwatir ngadhepi kawontenan ing ngajeng ingkang dèrèng kantenan awratipun. Gusti Allah karsa paring pangayoman dhateng kita. Panjenenganipun punika Allah ingkang sami, ingkang ugi

mrenata lintang-lintang ing akasa, lan Panjenenganipun punika Sang Rama ingkang ngasta lan manguwaosi *masa depan* kita kanthi kebaking sikep predulinipun.

[ias - ip]



KHOTBAH
Minggu Baptisanipun Gusti Yésus
Minggu, 10 *Januari 2027*

Waosan:	
Waosan 1:	Purwaning Dumadi 1:1-5
Tanggapan:	Jabur Mazmur 29
Waosan 2:	Lelakoné Para Rasul 19:1-7
Injil:	Markus 1:4-11

Gusti Allah Rawuh, Mboten Nebih

KOTBAH JANGKEP

"Gusti Allah Rawuh, Mboten Nebih"

Punapa panjenengan naté ngraosaken bilih kawontenaning gesang punika sarwi mboten temtu? Wonten kalanipun kasarasaning raga karaos sangsaya kirang saé Wonten kalanipun ngraosaken ékonomining brayat saya awrat. Wonten kalanipun sesambetan ing satengahing brayat kirang harmonis. Lajeng thukul pitakènan, "Gusti Allah, punapa Paduka taksih preduli?"

Pitakènan punika mboten namung dados pitakènan kita. Kitab Suci ugi nyariyosaken bab kawontenanipun bumi lan manungsa ingkang mboten saé. Waosan Kitab Suci cacah sekawan wanci punika kalair saking kawontanan jagad ingkang ringkih. Wonten gegambaran ngèngingi bumi ingkang campur bawur lan suwung. Wonten gegambaran bab prahara lan bena ingkang nggegirisi. Wonten pitakènanipun manungsa ingkang rinengga ing pamratobat lan pengajeng-ajeng anyar. Wonten pasamuwan ingkang taksih ngupadi enering gesang kang sejati. Saking punika sedaya, kitab suci mratélakaken satunggaling bab, inggih satunggaling *pola* ingkang sami, bilih Gusti Allah mboten nebih, Gusti Allah rawuh, Panjenenganipun preduli.

Ing basa Ibrani, tembung “Rohé Gusti Allah” kasebat *ruakh*. Tembung punika maknanipun roh, hawa utawi angin. Kitab suci nyathet bilih ing wekdal jagad taksih campur bawur, Rohipun Gusti Allah (*ruakh* Allah) sampun nglayang-nglayang. Nalika prahara nempuh, swantenipun Allah tetep gumludhug kapireng. Nalika Gusti Yésus kabaptis ing bengawan Yardèn, Sang Roh tumedhak ing Panjenenganipun. Nalika pasamuwan wiwitan nembé tuwuh lan ngrembaka, pasamuwan kaparingan Roh Suci. Tegesipun, saking sedaya waosan kita dinten punika, kita saged mandeng Gusti Allah ingkang sami. Panjenenganipun punika Allah ingkang mboten naté nilaraken para titah. Gusti Allah tansah makarya lumantar Sang Roh Suci.

Samangké, puncaking kedadosan-kedadosan punika sedaya wonten ing lelampahan baptisanipun Gusti Yésus. Kénging punapa Gusti Yésus kabaptis? Kamangka Panjenenganipun mboten dosa to? Inggih punika werdining Pawartos Injil. Gusti Yésus karsa rawuh ing antawising manungsa. Panjenenganipun mboten nebih. Panjenenganipun milih tetunggilan kaliyan manungsa ringkih.

Baptisanipun Gusti Yésus dados tandha bilih Gusti Allah mboten namung mirsani kasangsaranipun manungsa saking swarga. Gusti Allah rawuh ing satengahing manungsa gesang lan ndhèrèk nunggil béla raos dhateng manungsa. Gusti Allah karsa lumampah sesarengan kaliyan manungsa.

Nalika Gusti Yésus mentas saking toya, dumadakan kepireng swanten saking swarga , “Sira iku Putra kang Suntresnani.” Swanten punika mboten namung ngetingalaken bilih Gusti Yésus punika Putraning Allah, nanging ngetingalaken manahipun Gusti Allah minangka Rama. Gusti Allah punika Rama ingkang preduli lan nresnani. Anggènipun preduli lan ngasihi dipun pratélakaken srana rawuhipun .

Minangka para kagunganipun Gusti, kita asring ngajeng-ajeng supados sikep predulinipun Allah kawujudna ing salebeting mujijat ageng lan ing pandonga ingkang kabul. Kamangka sikep predulinipun Allah asring rawuh lumantar kedadosan-kedadosan ingkang limrah lan prasaja. Contonipun: Ing salebeting tiyang ingkang paring panglipur lan pakiyatan, ing

salebeting patunggilan ingkang sami déné paring pikekah lan purun mangertosi, ing salebeting Sabda Pangandikanipun Gusti ingkang ngekahaken. Gusti Allah ugi rawuh maringaken tentrem rahayu ingkang angèl dipun jlèntrèhaken tata nalar, awit pakaryanipun Allah punika nglangkungi akal budi.

Ing dinten kaping sepisanan mlebet sekolah, wonten laré alit, naminipun Raka. Piyambakipun rumaos ajrih sanget. Raka tansah nggléndhot lan nyepengi astanipun ingkang ibu nalika sampun dumugi ing sangajenging kelasipun. Tiyang-tiyang ing ngriku mboten wonten ingkang dipun tepangi. Raka dèrèng tepang kaliyan guru lan kanca-kancanipun. Nalika ibu badhé nilar, mripatipun Raka wiwit kembeng-kembeng. “Ibuu…ampun nilar kula!” mekaten ujaripun.

Ibunipun mèsem, nyaket lan ngrangkul Raka. “Raka sekolah dhisik yo, Ibu ora adoh. Ibu mung ana ing sak-njabaning kelasmu.” Najan taksih mangu-mangu nanging wusananipun Raka mlebet ing kelasipun piyambakan. Dèrèng dangu wonten ing kelas, Raka sampun ketingal sisah. Piyambakipun tolah-tolèh madosi ingkang ibu. Kleresan pas nolèh dhateng satunggaling jendéla, piyambakipun manggihaken pasuryan ingkang sanget dipun tepangi. Ingkang ibu ndhadhahi Raka kaliyan mèsem. Manahipun Raka mak nyess, dados ayem. Raka ngertos bilih ingkang ibu taksih wonten ing ngriku.

Ing énjing punika, saben rumaos ajrih lan sumelang, Raka badhé mandeng jendéla wau. Saben-saben piyambakipun nyawang èseming ingkang ibu. Ingkang Ibu pancèn mboten wonten ing salebeting kelasipun, mboten lenggah caket kaliyan piyambakipun, nanging karawuhan lan patunggilaning ingkang ibu saèstu ndadosaken Raka wantun sekolah, dedolanan lan nglampahi dinten sepisanan mlebet sekolah.

Tarkadhang Gusti Allah makarya kadya Ibunipun Raka. Mbokbilih kita mboten tansah saged mirsani Gusti Allah sacara langsung, nanging Panjenenganipun mboten naté nebih. Nalika kita ngraosaken ajrih, bingung lan piyambakan, Gusti Allah tetep rawuh, nggatosaken lan tansah nyartani kita. Rawuhipun nukulaken kekendelan nglajengaken lampahing gesang.

Gusti Allah ingkang mboten nebih lan tansah rawuh, ing waosan kita dinten punika mboten namung kèndel ing ngriku. Lelampahan baptisanipun Gusti Yésus mboten namung ngrembag bab punapa ingkang katindakaken Gusti Allah dhateng kita. Ananging lelampahan baptisan ugi mirembag bab punapa ingkang mesthinipun kita tindakaken dhateng jagad punika.

Tiyang ingkang kabaptis katimbalan dados tandha rawuhipun Allah. Menawi Gusti Allah preduli dhateng jagad ingkang ringkih, mila tiyang pitados ugi katimbalan ngrawuhaken sikep preduli. Mbokbilih kita mboten saged ngrampungaken sedaya prekawisipun tiyang sanès, nanging kita katimbalan dados pamireng kanggé tiyang ingkang rumaos kijènan. Kita kadhawuhan nglipur ingkang sedhih, dados kanca dhateng tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng. Lumantar punika sedaya, jagad saged mandeng Gusti Allah ingkang taksih lan tansah makarya.

Minggu baptisanipun Gusti Yésus ngemutaken bilih gesang punika mboten sarwi gampil. Jagad punika tetep ringkih, prahara tetep wonten, prekawis ugi tetep wonten. Nanging kita sedaya kaémutaken bilih Gusti Allah tetep makarya. Panjenenganipun mboten nebih, nanging malah nyaket lan nunggil kaliyan kita. Karawuhanipun kadya ibu ingkang tansah rawuh nunggil, nalika putranipun nembé sinau mlampah.

Nalika laré nembé sinau mlampah, laré punika badhé asring dhawah. Tarkadhang namung dhawah kaping sepisan, nanging saged ugi dhawah wongsal-wangsul. Tarkadhang nangis lan ajrih mlampah malih.

Nanging satunggaling ibu ingkang saé, padatan mboten badhé nebih lan ngendika, “Yèn kowé wis bisa mlaku, mengko Ibu lagi nyedhak kowé.” Nanging kosok wangsulipun, satunggaling ibu mesthi nyaket dhateng putranipun, ngulungaken astanipun, ngekahaken lan ngangkat putranipun nalika dhawah. Ibu badhé tansah nyemangati nalika putranipun ajrih. Dados, punika sedaya dipun lampahi ibu mboten krana putranipun sampun kiyat, sampun *berhasil*. Nanging punika sedaya krana sang Ibu preduli.

Inggih mekaten Gusti Allah kita, ingkang kita tepangi lumantar waosan-waosan ing dinten punika. Gusti Allah sanès Gusti ingkang nengga jagad dados saé piyambak rumiyin. Nanging Gusti Allah rawuh nalika prahara taksih nempuh, nalika manungsa taksih kagubel déning dosa lan karingkihanipun. Ing wusananipun Gusti Allah rawuh wonten ing Gusti Yésus Kristus, ingkang karsa mandhap dhateng bengawan Yardèn lan kabaptis sesarengan manungsa. Kénging punapa mekaten? Inggih, krana Gusti Allah preduli.

[eh - ip]



Mangsa Advèn Natal 2026

“BAHAN LITURGI”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku punika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

BAHAN LITURGI
Minggu Advèn 1
Minggu, 29 November 2026

Katrangan:
PS: Pamedhar Sabda
M: Majelis Gréja (Pinisepuh, Pendhita, Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

Jumaga!
ꦗꦮꦚ

Pacawisan

- Juru piranti musik organ/piano ngungelaken lelagon ingkang mbekta warganing pasamuwan (umat) ngraosaken ibadah ingkang katindakaken.
- Warganing pasamuwan nyawisaken dhiri kanthi ngeningaken panggalih.

TIMBALAN NGIBADAH (*Umat Jumeneng*)

M1: Para sedhèrèk, sumangga kita mlebet ing pangibadah minggu Advèn kapisan punika klayan ngonjukaken Masmur 121: 1-8 kanthi imbal-imbalan,
"Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?"

U: **Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah, kang nitahaké langit lan bumi.**

M1: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.

U: **Sayektiné kang ngreksa Israèl ora ngantuk lan ora saré.**

M1: Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowé, Pangéran Yéhuwah iku pangayomanmu ana ing tengenmu.

U: **Srengéngé ora bakal nglarani kowé ing wayah awan, utawa rembulan ing wayah bengi.**

M1: Kowé bakal direksa déning Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhing bilai; nyawamu direksa.

U: **Pangéran Yéhuwah bakal ngreksa marang lebu lan wetumu, wiwit ing samengko tumeka ing delahan.**

U: (Ngidungaken Kidung Pasamuwan Kristen Lami **KPKL 37: 1-3** "Masmur 121")

KPKL 37. MASMUR 121

1=G 4/4

1 Mripatku tumenga mring langit
Pitulunganku king ngendi
Pitulunganku saking Allah
Kang murbèng langit lan bumi
Pangéran kang ngampingi sira
Tan pareng yèn nemu tiwas
Pacalangira ora ngantuk
Mula atimu aja was

2 Pacalangé ing pasamuwan
Mesthi tan ngantuk lan saré
Yéhuwah yéku Pacalangmu
Kang agung ing panjangkungé
Yéhuwah kang ngayomi sira
Temah dhatan kasumukan
Déning panasé ing tengangé
Myang anyepé ing rembulan

3 Allah kang rumeksa mring sira
Inguwalken saking salir
Godha rencana lan bilai
Temah nyawamu tan kwatir
Sira metua, lumebua
Tansah jinangkung tan kendhat
Ya, samengko nèng alam donya
Lan tumeka ing akérat

VOTUM

PS: Sumangga kita mlebet ing pangibadah Minggu Advèn kapisan samangké kanthi ngakeni: "*Ingkang mitulungi kita punika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, dalah saisènipun sadaya, saha ingkang setya netepi janjining kawilujengan ingkang sampun Kaprasetyakaken.*"

U: (Ngidungaken **KPJ 464b** "Amin") **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Tentrem rahayu nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA (*Umat Pinarak*)

M2: Krisis utawi kawontenan ingkang nguwatosaken dadosaken gesang kajiret wonten ing kawontenan "*tidak baik-baik saja*", wonten ing kawontenan "nyumelangaken". Kawontenan ingkang nguwatosaken dadosaken kita kécalan pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng ingkang nganyut-anyut dadosaken kita gesang ing sanjawining pangènget. Anggènipun mboten ènget punika asring mawujud ing pitakèn, "Wonten ing pundi Gusti Allah punika?", "Punapa Gusti Allah mboten preduli malih dhateng Titahipun?

Para sadhèrèk, sayektosipun Gusti punika Allah ingkang solidhèr utawi rumaos sanasib dhateng kita, saben Titahipun. Gusti dedunung saha nunggil ing kita. Gusti saweg ndadar iman utawi kapitadosan kita, saéngga Panyapa-aruhipun Gusti dhateng kita supados kita ngatos-atos, ugi jumaga. Gusti ngajak kita kanggé lestantun 'jumaga, jumaga, saha jumaga'. Minangka tiyang ingkang sampun nampèni kawilujengan saking Gusti Allah, kita katimbalan supados tetep ngener dhumateng Gusti, nyunaraken Pasuryanipun Gusti dhateng sinten kémawon saha dhateng punapa kémawon ingkang pinanggih ing sakiwa tengen kita. Pramila, sumangga kita 'jumaga',

'ènget', saha gesang leres wonten ing ngarsanipun Gusti saha sesami.

U: (Ngidungaken **KPJ 439: 1, 2** "Ing Jagad kang Peteng")

KPJ 439. ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

1 Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Refr. Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

2 Angundhangna sih rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja
Refr. .....

PANGAKEN DOSA

PS: Sayektosipun kita punika lempung Yeyasaning Astanipun Allah ingkang kawangun saèmper kalayan gambar saha Citranipun. Ananging prakawis punika asring mboten kita rumaosi, ugi mboten naté kita gatosaken wonten ing ajeging gesang padintenan. Anggèn kita mboten nggatosaken punika dadosaken gesang kita saya nebihaken kita saking gambar saha citranipun Gusti. Gesang kita mboten kaerèh malih déning Panjenenganipun, ananging kaerèh déning sawernining tumindak dosa saha jejember. Kita piyambak ingkang sampun ngregedi pakaryaning Astanipun Gusti ingkang luhur saha mulya kanthi tumindak gumedhé ing ngarsanipun Gusti saha sesami. Mila sumangga kita akeni sawerninipun paneraking dosa kita ing ngarsanipun Gusti saha sesami. Kita nyadhong sih-rahmating pangapunten saking Gusti. Sumangga kita

akeni saha kita telangsani anggèn kita dhemen tumindak dosa punika.
(*Wekdal ening sacekapipun saha ndedonga ngakeni dosa*)

PS: Sumangga kita nelangsani dosa kita kanthi ngidungaken KPJ 52:1, 3 "Gusti Sèstu Kula Nalangsa".

U: (Ngidungaken **KPJ 52:1, 3** "Gusti Sèstu Kula Nalangsa")

KPJ 52. GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

1 Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
Refr. Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

3 Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.
Refr. ...

PAWARTOS SIH-RAHMAT (*Umat Jumeneng*)

PS: Sanadyan kita dosa, sayektosipun Gusti Allah preduli dhateng kita. Kanthi Welas-asihipun ingkang tanpa watesan, Panjenenganipun karsa mulihaken saha ngénggalaken gesang kita. Saéngga dosa tuwin panerak kita mboten kaémut-émut malih déning Gusti, kapara gesang kita Kapulihaken miturut kalayan gambar saha Citranipun, runtut kaliyan Sabdanipun ingkang makaten,

> "8 Nanging sapunika, dhuh Yéhuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya! Kawula sadaya punika lempung déné Paduka ingkang mangun kawula, sarta kawula sadaya punika yasaning asta Paduka. 9 Dhuh Yéhuwah, mugi sampun ngantos sanget-sanget anggèn Paduka duka saha mugi sampun ngantos kalajengaken anggèn Paduka ngènget-ènget dhumateng dosa! Mugi Paduka karsaa nguningani,

bilih kawula sadaya punika umat Paduka." (Yésaya 64: 8-9)

Makaten pawartos sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang kita tampèni.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

U: (Ngidungaken **KPJ 114:1, 2** "Gusti, Sèstu Kula Tresna")

KPJ 114. GUSTI, SÈSTU KULA TRESNA

Do=D 4/4

1 Gusti, sèstu kula tresna dhumateng Paduka
kula masrahken manah, badan, dalasan nyawa
Paduka kang agungsih, ingkang sampun menang;
Saèstu kula pasrah dhumateng Paduka.
Refr. Kula tresna dhateng Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula.
Kula sèstu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula

2 Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula,
ngantos sinalib séda, karana gunging tresna.
Mila kawula pasrah klayan trus ing manah;
dhawuhnya kula pundhi, nresnani sesami.
Refr. ...

PALADOSAN SABDA (*Umat Pinarak*)

PS: (Ngonjukaken pandonga Épiklése)

<u>Waosan Kapisan</u>

L1: Waosan kapisan kapethik saking Kitab Nabi **Yésaya 64: 1-9**,
(Sasampunipun maos Yésaya 64: 1-9, dipun pungkasi tetembungan: "Makaten Sabdanipun Gusti")

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**.

<u>Tanggapan</u>

L2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan punika kanthi **Jabur Masmur 80: 1-7, 17-19** ingkang kita ucapaken imbal-imbalan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **1 Korinta 1: 3-9**, (Sasampunipun maos 1 Korinta 1: 3-9 dipun pungkasi tetembungan: "Makaten Sabdanipun Gusti")

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Injil Markus 13: 24-37**, (Sasampunipun maos Injil Markus 13: 24-37 dipun pungkasi tetembungan:
"Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut Markus. 'Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken saha nggatosaken pangandikanipun Gusti Allah.' **Maranata**")

U: (Ngidungaken **Maranata** manut ungeling KPJ 468) **Maranata, Maranata, Maranata.**

KOTBAH

"Jumaga"

WEKDAL ENING

PANGAKEN PITADOS (*Umat Jumeneng*)

M3: Sumangga kita sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

PANDONGA *SYAFAAT* (*Umat Pinarak*)

PS: (Ngonjukaken pandonga *syafaat*)

PISUNGSUNG

M4: Sumangga kita caos sokur kanthi ngempalaken pisungsung wonten ing pangibadah wekdal samangké, kanthi kita talesi Sabdanipun Gusti ing Rum 12:1, ingkang makaten suraosipun,

> "1 Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna

badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati."

Sumangga anggèn kita caos pisungsung punika kita sarengi kanthi ngidungaken KPJ 160: 1, 3 "Gusti, Kawula Ngaturken, Badan-Nyawa".

U: (Ngidungaken **KPJ 160: 1, 3** "Gusti, Kawula Ngaturken, Badan-Nyawa")

KPJ 160. GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

Do=D 3/4

1 Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
sumangga Paduka agem kawula kagunganta.
Refr. Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

2 Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti;
mila kawula kumandel pasrah kang trus ing ati.
Refr. ...

3 Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,
kagema dados lantaran babaring kabingahan.
Refr. ...

PANDONGA PISUNGSUNG (*Umat Jumeneng*)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung saha donga Rama Kawula)

KIDUNG PANGUTUSAN (*Umat Pinarak*)

PS: Sumangga kita jumaga, jumaga, saha jumaga kanthi tumut makarya nglajengaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang luhur punika. Supados punapa ingkang sampun dados pakaryanipun Allah ingkang luhur punika tetep lestantun, tetep saged dipun-alami saha dipun-raosaken lumantar gesang kita. Lumantar kita ingkang sampun jumaga, ènget, tuwin waspada ing satengahing kawontenan ingkang pinanggih ing wekdal samangké. Kita kautus supados dados agèn ingkang ngénggalaken ing satengahing jagad

kanthi mbekta kabar kabingahan bilih sayektosipun Gusti Allah preduli dhateng saben tiyang ing antawis kita.

U: (Ngidungaken **KPJ 441** "Kita Sami Tinimbalan")

KPJ 441. KITA SAMI TINIMBALAN

Do=Bes 4/4

1 Kita sami tinimbalan, supados ndhèrèk ngladosi
pakaryané Gusti Yésus dhateng sesami.
Amartosaken kabar bingah, nggih Injiling karahayon
dhateng salir para bangsa, nèng alam donya.
Refr. Tiyang pitados kedah wonten
pandamel kang nyata!
Klayan éklas mitulungi
tyang kang sinangsara;
sanadyan kita pinangkanya
saking manéka bangsa,
nging sesarengan nindakaken
pakaryan kang mulya

PANGUTUSAN (*Umat Jumeneng*)

PS: Sumangga kita kondur mbabaraken tumindak ngénggalaken ingkang sampun kita tampèni wonten ing Kaleresanipun Gusti. Kita wartosaken saha kita télakaken kapredulènipun Gusti Allah kanthi ndhèrèk gesang ing Panjenenganipun. Sumangga kita lampahi gesang kanthi lestantun ènget, jumaga, kalayan mboten kendhat cumawis saha waspada. Gusti Allah nyembadani saha mitulungi kita lumantar saha ing salebeding Berkahipun kémawon.

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti,

"Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu."

Amin.

U: (Ngidungaken KPJ 436 "Gusti Nuntun Lampah Kula")

KPJ 436. GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA

Do=C 4/4

1 Gusti nuntun lampah kula,
saklangkung nggèn kula begja
Celak miwah tebih ugi,
kula tansah dipun kanthi
Refr. Nggih Gusti kang nganthi kula,
astanya pyambak kang ngreksa
Mila kula manut Gusti,
Juru wilujeng sejati.

[gfp-den]

BAHAN LITURGI
Minggu Advèn 2
Minggu, 6 Désèmber 2026

Katerangan:
PS.: Pamedhar Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

Ngrawuhaken Raos Predulinipun Allah Ing Ara-ara Samuning Jagad

PACAWISAN (kajumbuhna kaliyan pakulinanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta warga pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah. Saben pribadi cecawis dhiri sarana ening sawatawis.
- Pamaosing warta pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH *(Jumeneng)*

M1: Dhuh Allah, Paduka punika Allah kawula, kawula ngupadosi Paduka ing wanci énjing, nyawa kawula ngorong dhumateng Paduka.
U: **daging kawula kangen dhumateng Paduka, kados siti ingkang garing lan gundhul kasatan toya**
M1: Kados mekaten anggèn kawula tumenga dhumateng Paduka wonten ing pasucèn
U: **kalayan nyawang dhateng karosan saha kamulyan Paduka**
M1: Amargi sih kadarman Paduka langkung saé tinimbang gesang
U: **lambé kawula badhé memuji asma Paduka**
M1: Inggih mekaten punika anggèn kawula badhé ngluhuraken Paduka ing salaminipun kawula gesang
U: **ngulukaken tangan kawula margi saking asma Paduka.**

U: (Mujèkaken **KPJ 68: 1-4**)

ALLAH MAASIH

1) Allah Maasih, asung Putranya
Allah Maasih, mring manungsa,
Reff.:
Mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Maasih, mring manungsa

2) Gusti ingutus dadya Pamarta
Gusti ingutus nebus kula
Reff.: ...


3) Gusti Pamarta, ngurbanken nyawa
Gusti Pamarta, mbirat dosa
Reff.: ...

4) Gusti nyirnakken, salir prihatin
Gusti nyirnakken ajrih kwatir
Reff.: ...

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Advèn kaping kalih punika kita talesi sarana pangaken bilih: “Pitulungan kawula punika pinangkanipun saking Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi dalah saisinipun, saha ingkang mboten naté nilaraken pakaryaning astanipun”

U:



SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yesus Kristus miwah patunggilanipun Sang Roh Suci mugi nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA *(Lenggah)*

M2: Bapak, Ibu, lan para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti, gesang ingkang kita lampahi sesarengan punika kalamangsanipun kadosdéné ara-ara samun, ingkang anjalari kita rumaos awrat kanggé nglajengaken lampah. Kawontenan ékonomi ingkang pas-pasan, sesambetan ing antawisipun warga brayat ingkang asring ketaton, utawi wontenipun tumindak mboten adil ing kiwa tengen kita, asring ngosikaken manah kita mosik: 'Gusti, punapa Paduka mirsani sadaya prekawis punika? Punapa Paduka mirengaken panjerit kawula?' Lumantar pangibadah ing wekdal punika, kita sami kaèngetaken malih bilih rekaosing gesang, panandhang, dalah kasisahan sanès mujudaken carios gesang sawetahipun. Awit astanipun Gusti ingkang kebak sih-palimirma punika nembé ngrajut malih pérangan-pérangan gesang kita ingkang naté ajur mumur. Panjenenganipun mboten naté nadyan sakedhèp nétra nilaraken kita lumampah ijèn, awit Allah kita punika Allah ingkang preduli.

U: (Mujèkaken **KPJ 189: 1,2,3**)

GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA

1) Gusti Allah Pangayom setya
   Tansah ngrimati umatnya
   Lir Pangon rumeksa méndanya
   Mula arum ngandikanya
   Ora bakal Aku téga, tan bakal nilar mring sira

2) Mula kita mosik ing ati
   Aku bakal ora wedi
   Awit Gusti Kang Mahasetya
   Datan téga nilar kita
   Manungsa bisané apa, katandhing Allah Makwasa

3) Payo para sagunging titah
   Padha ngabekti mring Allah

Datan bakal sira kagelan
Gusti paring katentreman
Pangéran tan bakal cidra rumeksa ing salamanya

PANGAKENING DOSA

PS: (nuntun ndedonga)

U: (Mujèkaken **KPJ 49: 1,2,3**)

GUSTI KANG MAHAWILASA

1) Gusti kang maha wilasa, mugi paring aksama
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran
Nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya
Temah tan ngraosken tentrem, wah malih gesang langgeng

2) Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula
Temah kula dados suci, miwah nunggil lan Gusti
Manah kang peteng wit dosa, énggal pulih lejara
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama

3) Gusti ingkang Maha kwasa, mugi nuntun kawula
Ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka
Awit kwasaning Roh Suci,nyingkur karsèng pribadya
Nglawan kapéncuting donya, mrih raharja slaminya

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Tumrap kita ingkang sami ngakeni dosa kaparingan wartos sih rahmat kados ingkang sinerat wonten ing 1 Korintus 6:19-20, "*Apa kowé ora padha sumurup yèn bdanmu iku dadi padalemané Sang Roh Suci kang kaparingaké marang kowé déning Gusti Allah, sarta yèn awakmu iku dudu awakmu dhéwé? Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas. Mulané padha ngluhurna Gusti Allah sarana badanmu!*
Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**
U: (Mujèkaken **KPJ 125: 1,2,3**)

LAMUN KULA MLAMPAH

1) Lamun kula mlampah, nèng margining Allah
   Kula sèstu ngraosken bingah, kula yakin èstu
   Gusti nuntun tamtu, mring tyang kang pitados satuhu
   Reff.:
   Mung sawiji, kabegjan sejati
   Nggih pitados mring Gusti, wah manut lan bekti
2) Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah
   Kula nilingken sabdèng Allah
   Uwas lan kuwatir, wus tamtu sumingkir
   Angger pasrah kang trusing manah
   Reff.: ...
3) Iba begja kula, sajroning ginodha
   Kiniyatken déning sabdanya
   Rineksa rinimat, tan dhawah tan lesah
   Wit saking sih-rahmating Allah.
   Reff.: ...

PELADOSAN SABDA *(Lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapandhet saking **Yésaya 40:1-11**
Mekaten Sabdanipun Gusti
U: **Puji sokur konjuk mring Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi sabdanipun Gusti sarana maos **Masmur 85:2-3. 8-13** sacara gantos gantosan (*saged ugi kapujèkaken*)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **2 Pétrus 3:8-15a**
Mekaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk mring Allah**

Pamaosing Injil

PS: Waosan kitab Injil kapendhet saking **Markus 1:1-8**
Mekaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ugi dipunèstokaken kanthi setya tuhu wonten ing gesang padintenan. Maranatha.

U: (mujèkaken **MARANATHA**)

Khotbah "Ngrawuhaken Raos Predulinipun Allah Ing Ara-ara Samuning Jagad"

Wekdal Ening

Pengaken Pitados Rasuli *(Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sauruting jaman, sumangga kita sami antebaken dalah ikraraken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten:

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandonga Syafaat *(Lenggah)*

PS: (nuntun pandonga *syafaat*)

ATUR PISUNGSUNG

M4: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita aturaken raos pamaturnuwun kita dhumateng Allah sarana atur pisungsung ingkang sampun sami kita cawisaken. Minangka landhesan anggèn kita atur pisungsung, sumangga kita raos-raosaken pangandikanipun Gusti ingkang kapendhet saking 2 Korinta 13:11: *"Wasana para sadulurku, padha bungaha, udinen supaya awakmu sampurna. Tampanana sakèhing pituturku. Padha disarujuk lan padha olaha atut rukun, temahan Gusti Allah etuking sih katresnan lan tentrem rahayu bakal nunggil karo kowé!*

U: (Mujèkaken **KPJ 167: 1,2,3**)
KULA TANSAH NGRAOSKEN BINGAH

1) Kula tansah ngraosken bingah,
wit sih kamirahaning Allah
ngganjar wilujeng dhateng kula
lantran kurbaning Sang Putra
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula
Namung krana lubèring sih-rahmatnya

2) Kula tansah manggih kabegjan
Wit karoban ing kamirahan
Saliring kabetahan kula
Kacekapan ing wancinira
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula
Namung krana lubèring sih-rahmatnya

3) Kula sinungan kasarasan
Krana sih-mirmaning Pangéran
Temahan saged nambut kardi
Margining pikantuk rejeki
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula
Namung krana lubèring sih-rahmatnya

Pandonga Pisungsung *(Jumeneng)*
M4: (nuntun pandonga pisungsung)

Pepujèn Pengutusan (*Jumeneng*)
U: (Mujekaken KPJ 120: 1,2,3

KULA MBOTEN BADHÉ NILAR

1) Kula mboten badhé nilar dhateng Gusti Pamarta
Dhateng pundi Gusti tindak, kula ndhèrèk Paduka
Reff.
Kula tut wingking Gusti ing salami kula gesang
Awit yèn tanpa Gusti, kawula tan saged mimpang

2) Nadyan gung karibedan, kawula tan was-sumelang
Gusti paringa tatag, kula kiyat tan gumiwang
Reff.: ...

3) Kula tansah ndhèrèk Gusti, nadyan sring kamomotan
Nyawa kua memuji, tamtu antuk pitulungan.
Reff.: ...


PENGUTUSAN (*Jumeneng)*

PS: Sami mengkera, pratélakna katresnanipun Kristus dhumateng jagad.
U: **Kawula badhé mratélakaken katresnanipun Kristus dhumateng jagad.**
PS: Madega dados mitranipun sesami.
U: **awit kawula sami adreng badhé mratélakaken Kristus**
PS: Pinujia Allah Sang Rama,Sang Putra, lan Sang Roh Suci
U: **ingkang mboten naté misahaken kawula saking katresnanipun, samangké ngantos dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Gusti mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita). Gusti nyunaraken wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringaken sih-rahmatipun. Gusti nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringaken tentrem rahayu. Amin.

U: **"Maranatha, Amin!"**



Ing saben tembung lan karyaku

[rdl-ytd]

BAHAN LITURGI
Minggu Advèn III
Minggu; 13 Desember 2026

Katerangan:
PS.: Pamedhar Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

Sami Abebingaha, Gusti Nembé Makarya

ꦱꦶꦪꦺꦴ

PECAWISAN (kajumbuhna kaliyan padat pakulinan pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta warganing pasamuwan lumebet ing pangibadah
- Warga pasamuwan cecawis dhiri sarana ening sawatawis
- Pamaosing wartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH *(Jumeneng)*

M1: Tansah bebungaha, awit Gusti Allah iku setya tuhu lan pakaryané ora tahu mandheg. Tansah bebungaha. (1 Tésalonika 5:16)

U: **Kawula sowan kanthi mbekta pangajeng-ajeng, pitados menawi Gusti nembé makarya ing satengah-tengahing jagad lan pagesangan kawula sami.**

M1: Ing satengahing pepeteng, Allah andhatengaken pepadangipun lumantar Sang Mesih ingkang rawuh ing donya. “Sang Padhang kang sejati kang madhangi saben wong, iku lagi ngrawuhi jagad.” (Yohanes 1:9)

U: **Kawula mbuka manah kawula kanggé nampèni padhangipun Sang Kristus lan sumadya dados seksi katresnanipun.**

M1: Gusti anglipur tiyang ingkang remuk manahipun lan mbangun malih ingkang rubuh. “Rohé Pangéran Allah ana

ing Ingsun...Ingsun kautus martakaké kabar kabungahan marang para wong kang nandhang sangsara." (Yésaya 61:1)

U: **Kanthi kebak raos kabingahan dalah pangajeng-ajeng, kawula lumebet ing pangibadah Advèn punika, awit Gusti nembé makarya ing satengah-tengah kawula sami.**

U: (Mujèkaken **KPJ 96: 1,2,3**)

TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena
Déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita
Reff.
Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang mara tansah dèn girang

2) Hyang Agung kang njangkung kita angreksa sing panggodha
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat santosa
Reff.: ...

3) Lamun kita nyingkur Gusti, nèng ati peteng uwas
Ilang kakuwatan kita, wah kabungahaning tyas
Reff.: ...

VOTUM

PS: Sumangga kita lumebet ing pangibadah Minggu Advèn ingkang kaping III punika sarana pangaken: Juru pitulung kawula ingkang sejati inggih punika Gusti Allah ingkang sampun nitahaken langit bumi dalah saisinipun, saha ingkang tansah netepi prajanji kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.

U: (mujèkaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Salam wonten ing sih katresnanipun Sang Kristus kagem panjenengan sadaya

U: **Lan kagem panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA *(Lenggah)*

M2: Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti, kita lumebet ing Minggu Advèn ingkang kaping III ing satengahing jagad, ingkang kawontenanipun mboten tansah saé. Kita nyeksèni kathah tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng awit saking kawontenan ékonomi ingkang sèkèng, tumindak-tumindak mboten adil, cecongkrahan, icalipun raos preduli, lan kawontenan gesang ingkang anjalari manungsa sangsaya mikiraken namung dhiri pribadinipun piyambak. Kathah tiyang ingkang sami pitakèn: punapa Gusti taksih makarya ing tengah-tengahing gesang ingkang kawontenanipun kados mekaten punika? Sanadyan mekaten, pangandikanipun Gusti Allah ing wekdal punika ngajak kita supados tansah abebingah, mboten karana jagad punika sampun pulih, nanging karana Gusti mboten mandheg anggènipun makarya. Ing satengah-tengahing Gusti Allah taksih kepareng nuwuhaken pangajeng-ajeng. Ing satengah-tengahing jagad ingkang kebak pepeteng, padhangipun Sang Kristus taksih sumunar. Kristus taksih rawuh ing satengah-tengahing pepetengipun jagad. Lan ing satengah-tengahing pagesangan ingkang anjalari manah kécalan greget, pasamuwan tinimbalan dados seksi bilih katresnan, kaadilan dalah pangajeng-ajeng taksih tuwuh gesang awit Allah taksih tetep makarya ngantos dumugi ing dinten punika. Awit saking punika, sumangga kita lumebet ing pangibadah punika kanthi manah ingkang pitados bilih Gusti nembé makarya ing satengahing jagad lan ugi ing pagesangan kita sami.

U: (Mujèkaken **KPJ 337: 1,2,3**)

DAHAT NYAWAKU ARAREM

1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem
Wit Kang Makwasa karsa dadi, etuking karaharjanku
Pamomongku setya tuhu, wah bebètèng lan pangusènku
Aku mesthi datan rebah wit rineksa déning Allah

2) Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
Mring Allah kang dakanti-anti. Déné Yéhuwah Pangéran
Kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya
Aku mesthi tan gumiwang, wit Allah kang mengku gesang

3) Allah Maluhur kang dadi tuking berkahing pra abdi
Peparangku kang asantosa. Hé bangsaku kumandela
Mring Allah ing salamanya, sarasaning driya saosna
Mring Allah kang Mahasetya, kang dadi pangungsèn kita

PANGAKENING DOSA

PS: Wonten ing kitab **Yésaya 59:1-2** sinerat mekaten: "Astaning Yéhuwah iku sanyata ora cupet kagem paring karahayon, lan pamirengé ora kurang landhep kagem miyarsakaké; nanging kang dadi sesinggetan ing antarané kowé lan Gusti Allahmu iku sakèhing pialamu, tuwin kang njalari Pajenengané asingidan ana ing ngarepmu, satemah banjur ora mireng, iku sakèhing dosamu."

Prekawis-prekawising gesang ingkang pinanggih wonten ing pagesangan punika èstunipun mboten karana Allah mandheg anggènipun makarya, nanging utaminipun karana manungsa asring nebih saking pakaryanipun Allah sarana nindakaken dosa anjalari lairipun raos mboten preduli lan sawarnining tumindak mboten adil. Nalika manungsa gesang namung mikiraken lan nengenaken dhiri pribadinipun piyambak, nindhes sesami lan boten ngatingalaken katresnan, anjalari risakipun sesambetan saé kaliyan Gusti Allah punapadéné sesaminipun gesang.

U: (Mujèkaken **KPJ 57: 1-2**)
NIKMATING DONYA NGGODHA ATI

1) Nikmating donya nggodha ati,
Mikat kita dimèn nebih Gusti
Lan kabèh iku tan nguripi
Nging nggèndèng kita mring telenging pati
Reff.
Aja randhat, umareka, sowana ing dina iki uga
Gusti wus ngantya mring sira
Lah pangayomu kang tuhu setya

2) Mara mbuwanga sengsemira
Wit iku panyidra lan pamblasar
Ninggala dosa lan duraka
Ngungsi mring Gusti sira mesthi luwar
Reff. : ...

PAWARTOS SH RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: **1 Tésalonika 5:23-24** "Muga Gusti Allah kang kagungan tentrem rahayu iku nucèkaké kowé ing sasampurnané lan muga roh, jiwa lan badanmu rineksa becik kalawan tanpa cacad, bésuk rawuhé Gusti Yésus Kristus, Gusti kita. Panjenengané kang nimbali kowé iku setya tuhu, Panjenengané iya bakal ngleksanani."
Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk mring Allah**

U: (Mujèkaken **KPJ 428: 1,2,3**)
BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

1) Bingaha sisaha, Gusti kula puji,
Kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan
Mila kula pasrah pangrèhnya
Reff.
Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa

2) Sapinten awrating momotan kula
Godha rencana myang sisah

Yèn kawula énggal mulat Sang Putra
Manah kula ènthèng lan bingah
Reff.: ...

3) Sanadyan kawula kasinungan drajat
Kaluhuran miwah pangkat
Tebih kula saking raos gumunggung
Nging tumungkul mring Kang Maagung
Reff.: ...

PELADOSAN SABDA *(Lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklésé)

U: (Mujèkaken **KPJ 205: 1,2,3**)

SABDÈNG ALLAH MAKARTI

1) Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi
Kita kang tinimbalan, tampi kawilujengan

2) Sabdèng Allah Hyang Widi, ngrimat sagung dumadi
Nuntun srana nimbali, tumrap kang nyimpang margi

3) Sabdèng Allah kang suci, lestari nguwaosi
Ngantos jagad kang peteng, nampi pepadhang langgeng

Wosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yésaya 61:1-4, 8-11**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk mring Allah**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti saking **Yésaya 61:1-4, 8-11** kalawau sarana maos **Masmur 126** sacara gantos gantosan (saged ugi kapujèkaken)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **1 Tésalonika 5:16-24**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk mring Allah**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Yohanes 1:6-8, 19-28**
Mekaten Injilipun Gusti kita Yésus Krstus, rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang sami ngèstokaken ing gesang padintenanipun kanthi setya tuhu. MARANATHA

U: (mujèkaken **MARANATHA** manut lagunipun KPJ 470)

Khotbah: "Sami Abebingaha, Gusti Nembé Makarya"

Wekdal Ening

Pangakening Pitados *(Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting jaman, sumangga kita sami antebaken dalah ikraraken Pangaken Pitados Rasuli kita ingkang mekaten:

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandonga Syafaat *(Lenggah)*

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG

M4: Atur panuwun arupi pisungsung ingkang badhé kita aturaken punika kita talesi pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **2 Korinta 9:7,** "Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila."

U: (Mujèkaken **KPJ 186: 1-4**)

URIP KANG SAMESTHINÉ

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur
Reff.
Jroning susah lan bungah, sadhéngah kaanan
Aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya

2) Nadyan prahara nempuh, sarta ombak anyempyuh
Aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku
Reff.: ...

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus
Reff.: ...

4) Dhuh Gusti mugi rena, nampi atur kawula
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga
Reff.: ...

Pandonga Pisungsung *(Jumemeng)*

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, panutuping pangibadah lan Donga Rama Kawula)

Pepujèn Pengutusan (*Jumeneng)*

U: (Mujèkaken **KPJ 158: 1,2,3**)

DITANSAH PADHA BUNGAHA

1) Ditansah padha bungaha, nampèni kabegjan swarga
Karana kita wong dosa, ingentas saking antaka
Reff.:
Tansah bungah, ing patunggilané Gusti
Tansah bungah, wit sinung gesang sejati

2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan
Yéku pratandhaning sokur, mring sihé Allah Maluhur
Reff.: ...

3) Ditansah mantep pracaya, tan was sumelang ing ati
Tegen nyenyuwun ndedonga, pasrah wit Gustimu nganthi. Reff.: ...

PENGUTUSAN (*Jumeneng)*

PS: Sami mengkera kanthi kebak raos kabingahan dalah pangajeng-ajeng, awit Gusti mboten naté mandheg makarya ing satengah-tengahing jagad lan pagesangan kita.
U: **Kawula pitados bilih Gusti tetep makarya lumantar gesang kawula.**
PS: Sami madega dados seksinipun Sang Kristus
U: **Kawula samapta madeg dados seksinipun Sang Kristus**.
PS: Pinujia Gusti Allah kita
U: **Samangké lan ing salaminipun**
PF: Sami mengkera kanthi kebak raos kabingahan, tansah èngetana Sabdanipun Gusti bilih Panjenenganipun tetep makarya ing salebeting gesang panjenengan. Lampahana gesang panjenengan kanthi raos panuwun sokur lan tansah setya tuhua nindakaken timbalanipun. Gusti anyarengi gesang panjenengan sarana maringaken berkah.

BERKAH

PS: Gusti mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Gusti nyunaraken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Gusti nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringaken tentrem rahayu. Amin.
U: (Mujèkaken **"MARANATHA! AMIN!"** manut ungeling KPJ 472**)**

[dcdw-ytd]

BAHAN LITURGI
Minggu Advèn IV
Minggu; 20 Dhésèmber 2026

Katrangan:
PS.: Palados Sabda
P: Pradata (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

Allah Maringaken Mitra Salebeting Kapredulèn

PACAWISAN
(*jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak*)

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH *(Jumeneng)*

P1: Ing minggu Advèn IV kita tetunggilan mbekta manèka pangantu-antu, geguletan saha pangajeng-ajeng. Kita pitados bilih Allah ingkang preduli mboten naté nilaraken umatipun. Panjenenganipun rawuh, ngiyataken saha maringaken para mitra ingkang mitulungi kita tetep setya ngantu-antu kababaring prasetyanipun. Awit saking punika, sumangga kita mbikak manah kita, ngeneraken penggalih dhumateng Gusti, saha ngantu-antu karawuhanipun kanthi suka bingah.

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 17:1,3 "Mugi Rawuha, Dhuh Gusti"**

KPJ 17 MUGI RAWUHA, DHUH GUSTI


1. Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuh, dhuh Gusti!

2. Kula memuja, dhuh Gusti! Kula memuja, dhuh Gusti! Kula memuja, dhuh Gusti! Kula sami memuja

VOTUM

PS: Sumangga kita purwakani Pangibadah Minggu Advèn IV punika kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang tansah setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kababar.

U: *(ngidungaken)* **Amin, Amin, Amin**



SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA *(Lenggah)*

P2: Satengahing kita sami wekel makarya, mburu *targèt* (asil pungkasan ingkang sampun katemtokaken), mangun brayat, ngladosi Gusti, punapa wonten tiyang-tiyang sakiwa-tengen kita ingkang luput saking kawigatosan kita? Kita wekel ngraosaken berkah, nanging supé dados berkah?

Jejer pangibadah kita dinten punika *"Allah Maringaken Mitra Salebeting Kapredulèn."* Ing satengahing kaprihatosan ékonomi, gesang ingkang mboten mesthi, lan sangsaya lunturipun kapredulèn, Sabdanipun Gusti ngèngetaken kita bilih Allah mboten naté nimbali kita mlampah piyambakan, sumangga kita mbikak manah kita,

amargi mbok bilih dinten punika Allah mboten namung nembé madosi tiyang ingkang mbetahaken pitulungan, nanging ugi nembé nimbali kita kanggé dados mitra salebeting kapredulèn tumrap sesami.

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 94:1, 3 "Sumangga Mareka"**
KPJ 94 SUMANGGA MAREKA

1. Sumangga mareka ngarsané Gusti kita,
anggunggung asmanya. Wit sihé kang sanyata
maringken Kang Putra, yéku marginira
birat dosa kita, wah gesang sembada

2. Yéhuwah Makwasa maringi kabingahan,
lan tentrem raharja dugèng jaman klanggengan.
Samnya tansah panggah mituhu mring Allah,
minangka panuwun, wit gung berkahipun

PANGAKEN DOSA

PS: Sadhèrèk ingkang kinasih sumangga kita ngakeni dosa kita ing pandonga.
Dhuh Gusti, Ing mangsa Advèn, kawula asring nggesangaken lilin, nanging asring supè nggesangaken raos preduli. Kawula ngupadi padhang, nanging négakaken tiyang mlampah ing pepeteng. Kawula sampun dongakaken saking katebihan. Nanging angèl ngulungaken asta paring kapredulèn. Kawula kirang greget preduli krana nguras wekdal, nguras tenaga, kadhang kala nguras ajining dhiri, malah asring kuciwa krana mboten dipun regani.

Nanging Paduka, dhuh Gusti, mboten naté mboten saya preduli. Kawulangna kawula dados paningal tumrap ingkang mboten katingal, dados kuping tumrap ingkang mboten kapireng, dados tangan tumrap ingkang mboten saged kagayuh, lan rangkulan tumrap ingkang kécalan

pangajeng-ajeng. Krana katresnan Paduka mboten naté késah saha panganthi Paduka mboten naté mandheg.

Kadadosna kawula sadaya salebeting kapredulèn, supados jagad ningali bilih pepadhanging Advèn mboten namung sumunar ing langit, nanging ugi sumunar salebeting manah ingkang samidéné nresnani saha ngréncangi saben tiyang ingkang nembé rumaos piyambakan. Amin.

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 231:1-3 " Kadospundi, Dhuh Gusti"**

KPJ 231 KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

1. Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
   methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
   Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci.
   Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

2. Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,
   Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
   tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
   ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran

3. Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
   Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa?
   Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
   lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Peparingipun Gusti dinten punika kita raosaken salebeting Sih Rahmatipun nalika Gusti langkung rumiyin preduli dhateng kita, **Lukas 1:48-49** ingkang mekaten: "*Sabab Panjenengané wis ngudanèni asoring abdiné. Lah wiwit saiki sakèhing turun bakal ngarani aku rahayu, jalaran Kang Mahakuwasa wis nindakaké pakaryan-pakaryan kang pinunjul marang aku sarta suci asmané*"
Mekaten pawartos Sih-Rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**
U: (Ngidungaken) **KPJ 237:1-2 "Nyawaku Muji Allah"**

KPJ 237 NYAWAKU MUJI ALLAH

1. Nyawaku muji Allah, sukmaku bungah-bungah.
   wit saka peparingé Allah marang abdiné.
   Déné karsa ngudanèni asoring kawulanya,
   nganti saliring bangsa ngarani aku rahayu

2. Aku sinungan berkah saka astaning Allah
   déné suci asmané, lan gedhé mukjijaté
   kawelasané dhumawuh mring kang padha ngéringi,
   wis mesthi dènberkahi tumeka turun-tumurun.

PALADOSAN SABDA *(Lenggah)*

PS: (*Pandonga Èpiklésé*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **2 Samuèl 7:1-11; 16**
Mekaten pangandikanipun Gusti!
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan


L2: Masmur tanggapan arupi pepujènipun Maryam ingkang kapendhet saking **Lukas 1:46b-55** sacara sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosang Kaping Kalih saking **Rum 16:25-27**
Mekaten pangandikanipun Gusti!
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 1:26-28**
Mekaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih menika ingkang mirengaken saha nggatosaken pangandikanipun Gusti. Maranatha!
U: (*ngidungaken **Maranatha***)



Khotbah "Allah Maringaken Mitra Salebeting Kapredulèn"

Wekdal Ening

Pangaken Pitados *(Jumeneng)*

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken* ***Pangaken Pitados Rasuli***)

Pandonga Syafaat *(Lenggah)*

PS: (*Mimpin pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

M4: Pangandikanipun Gusti dinten punika ngèngetaken kita bilih Allah mboten namung paring berkah, nanging ugi paring kadang-mitra salebeting kapredulèn. Kapredulèn ingkang ugi kababar salebeting ngunjukaken pisungsung saking sapéranganing berkahipun Gusti kados ingkang sinerat ing **Ibrani 13:15-16** ingkang mekaten, "Kang iku payo kita padha tansah saos kurban pamuji sokur marang Gusti Allah lumantar Panjenengané, iya iku kang arupa wohing lambé kang ngluhuraké asmané. Sarta aja lali nindakaké kabecikan lan awèh pitulungan, jalaran iya kurban-kurban kang mangkono iku kang ndadèkaké keparengé Gusti Allah."

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 164 "Klawan Bungah Muji"**

KPJ 164 KLAWAN BUNGAH MUJI

1. KLawan bungah muji nggonku ngaturaké
   pisungsung mring Gusti, nadyan sepélé.

(*Kanthong Pisungsung kaideraken. Sasampunipun kantong cekap kaideraken umat ngidung malih*.)

3. Aku sru kepéngin bisaa tansah
   males katresnané Pangéran Allah!

Pandonga Pisungsung *(Jumeneng)*

M4: (Mimpin pandonga pisungsung)

PANGUTUSAN (*Jumeneng)*

PS: Enerna manah panjenengna dhumateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Wangsula, wengakna paningal panjenengan kanggé ningali tiyang ingkang ringkih, sèkèng, kasepèn, lan kamomotan.

U: **Kawula ngengakaken paningal kanggé ningali tiyang ingkang ringkih, sèkèng, kasepèn, lan kamomotan.**

PS**:** Dadosa mitra ing satengahing pepeteng, pepes, lan mboten preduli.

U: **Kawula dados mitra ing satengahing pepeteng, pepes lan mboten preduli.**

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti:“Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan, lan maringi tentrem rahayu.” Amin

U: (Ngidungaken) **KPJ 101 :1,2 “Allah Kang Dados Pepadhang”**

KPJ 101 ALLAH KANG DADOS PEPADHANG

1. Allah kang dados pepadhang
   nuntun dhateng kraharjan.
   Astanya sèstu santosa,

ngreksa tyang kang pracaya.
Pepadhang ing Allah nganthi,
ngirid ing ngajeng lan wuri,
Ngantos dumugèng swargi.

2. Allah kang dados pepadhang
peparing klayan loma.
Sabdanya kebak pangwasa,
sung pangayoman nyata.
Sèstu pepakèning Allah nyegerken
manah kang lesah,
wah ngiyatken ing lampah

[gesh - hw]



BAHAN LITURGI
Dalu nDungkap Natal
Kemis, 24 Désèmber 2026

Ketrangan:
PS.: Palados Sabda
M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

Dak Pesthèkaké Dalanmu Padhang

PACAWISAN
(*jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak*)

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan (menawi wonten)

Tokoh & Petugas:

- N: Narator
- UA: Utusan Nata Agung Agustus
- Y: Yusuf
- M: Maryam
- P1: Pangon 1
- P2: Pangon 2
- ML: Malaékat
- M: Majelis/Pinisepuh
- PS: Palados Sabda
- U: Umat
- S: Suwanten

PERANGAN I: KEDAH TETEP MLAMPAH

TIMBALAN PANGIBADAH
(Papan pangibadah ing kawontenan remeng-remeng. Mboten wonten dhèkorasi panggung ingkang keladuk padhang. Namung kapireng suwanten jangkahing suku tiyang lumampah.)
(Yusuf lan Maryam lumampah rindhik saking wingking papan pangibadah tumuju mangajeng)

(Narator mboten perlu katingal. Suwanten saking sisih papan pangibadah)

N: Nalika semanten, wonten dhawuh kakepyakaken. Sanès saking Bètlehèm. Sanès saking Nazarèt. Ugi mboten saking papan pangibadah. Dhawuh punika saking Rum. Saking pusering panguwaosing donya. (*Suwanten tiyang nothok kanthi sora*)

UA: Atas dhawuhé Sang Nata Agung Agustus! Wong saindenging karajan agung wajib dicacahaké! Wong sawiji-wijiné kudu bali menyang ing kuthané dhéwé-dhéwé! *(Tidhem)*

N: Krana satunggaling dhawuh saking Sang Nata Agung ndadhosaken kathah tiyang kedah mlampah. Wonten ingkang nilaraken griyanipun. Wonten ingkang nyumenèkaken pakaryanipun. Wonten ingkang ngéwahi rancanganipun. Kalebet Yusuf dan Maryam *(Yusuf lan Maryam mlampah malih)*.

M: Yusuf... Taksih tebih?

Y: Isih adoh.

M: Kula sayah.

Y: Aku ngerti.

M: Kita piyambak malah mboten mangertos punapa ingkang nengga kita ing Bètlehèm.

Y: Aku uga ora weruh, Maryam. *(Yusuf semené)*.
Nanging awaké dhéwé kudu tetep mlaku *(Ening)*.

N: Para tiyang ingkang mlampah mboten ningali sadaya margi. Mboten sami mangertosi ingkang nyrantos ing margi salajengipun. Namung sami mangertos .... kedah mlampah. Para sadhèrèk, punapa gesang punika ugi asring makaten? Kita damel rantaman. Lajeng satunggaling lelampahan ngéwahi sedayanipun. Satunggaling pawartos, satunggaling pancasan. Satunggaling kécalan. Satunggaling sesakit. Satunggaling kawontenan ingkang mboten naté kita rantam sadèrèngipun.

Lan dumadakan... kita kedah mlampah nglangkungi margi ingkang mboten kita pilih. Dalu punika kita dumugi saking lampah kita piyambak-piyambak. Wonten ingkang rawuh kanthi kabingahan. Wonten ingkang rawuh kanthi kasayahan. Wonten ingkang rawuh kanthi pitakènan. Wonten ingkang rawuh tanpa mangertosi punapa ingkang nyrantos ing margi salajengipun. Nanging kados Yusuf lan Maryam... dalu punika kita terus mlampah. Kita sesarengan ngupadi pepadhang.

(Umat Jumeneng)

KIDUNG PAMBUKA

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 234:1,3 "Kaprungu Swara Gumyak"**

KPJ 234 KAPRUNGU SWARA GUMYAK

1. Kaprungu swara gumyak ngumandhang saka swarga
paring warta kabungahan tumrah mring pra manungsa.
Nyata Allah tresna; kongsi ngutus Putranya
maringken tentrem rahayu mring para wong pracaya.
Refr. Rungokna, swaranya paring warta basuki!
Rungokna swaranya! Pangéran asih mring jalmi.

(Prosèsi Pelados Pangibadah)

3. Loncèng Injil ngumandhang, kaundhangaké terus
   sih-katresnan kang sampurna, srana kurban Panebus.
   Yéku pawartanya tumraping wong sadonya:
   Wus miyos Yésus Pamarta, Juru Slameting jalma.
   Refr. .....

VOTUM

PS: Sumangga kita purwakani Pangibadah Dalu ndungkap Natal punika kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang nguwaosi sejarah wonten ing astanipun, saha wonten ing Gusti Yésus Kristus sampun mbabar pepadhang kanggé jagad.

U: (Ngidungaken) **Amin, Amin, Amin**



SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan.

U: Nunggila ing panjenengan ugi!.

PERANGAN II: MBOTEN WONTEN PAPAN-PANGGÈNAN

PANGANDIKA PAMBUKA ***(Lenggah)***

(Yusuf lan Maryam dumugi ing panggènan ngajeng).

Y: Kula nuwun... Semah kula badhé nglairaken. Punapa taksih wonten papan panginepan kanggé kula saréncang?

S1: Kebak.

Y: Mbok menawi satunggal papan panggènan ingkang alit kemawon?

S2: mboten wonten panggènan.

Y: Nyuwun tulung... Kula saréncang sampun mlampah tebih.

S3: Mboten wonten panggènan! *(Ening lan Maryam lenggah alon-alon).*

M: Yusuf...

Y: Aku ènèng kéné.

M: Ing pundi Putra punika badhé miyos? *(Yusuf mboten mangsuli).*

N: Mboten wonten panggènan. Tembung ingkang prasaja. Nanging dalu punika… Sang Juru Wilujenging jagad rawuh lan jagad mboten nyawisaken papan panggènan kagem Panjenenganipun. Mboten wonten kraton. Mboten wonten kamar. Mboten wonten among tamu. Namung satunggaling panggènan prasaja. Satunggaling pamakanan. Nanging, malah wonten ing panggènan ingkang mboten pantes punika Allah karsa rawuh. Para sadhèrèk…. mbok menawi kita ugi naté rumaos mboten nggadhahi panggènan. Mboten kaanggep. Mboten katampi. Utawi malah kita ingkang mboten nyawisaken panggènan. Kita keladuk mempeng makarya. Kaladuk kebak déning rantaman. Keladuk kebak raos kuwatir. Kaladuk kebak kanggé dhiri pribadi. Ngantos mboten wonten papan malih kagem Gusti. Dalu Natal punika ngatag kita pitaken: menapa taksih wonten papan panggènan kagem Kristus ing gesang kita?

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 212:1-2 "Aku Mbok Caritanana"**

KPJ 212 AKU MBOK CARITANANA

1. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
   pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.
   Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.
   Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.
   Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.

2. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
   Yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
   Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
   Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.
   Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.

PERANGAN III: PEPETENGING MANUNGSA

PANGAKEN DOSA

(Lampu alon-alon kadamel remeng-remeng, Yusuf lan Maryam mboten dados pusat kawigatosan malih, 2 Pangèn lenggah ing sisih sanès).

P1: Bengi menèh.
P2: Iya pancèn.
P1: Sésuk?
P2: Ya, padha waé!
P1: Sésuké menèh?
P2: Mbok menawa ya padha waé. Hemhh... *(Tidhem).*
P1: Kadhang kala aku takon...Apa uripé awaké dhéwé iki bakal ngéné terus?
P2: Aku ora weruh *(Kekalihipun kèndel srana patrap mènggalih).*
N: Dalu. Peteng. Sepi. Lan pitakènan ingkang tanpa wangsulan. Mbok menawi punika ingkang dipun raosaken déning kathah tiyang ing dalu punika. Kita tetunggilan ing gréja. Kita ngagem rasukan ingkang saé. Kita ngrepèkaken kidung Natal. Nanging Gusti mirsani pepeteng ingkang kita singitaken. Raos ajrih kita. Raos pait kita. Kanepson kita. Kalepatan kita....kita sampun kedangon kasèp gesang wonten ing pepeteng.
PS: Gusti paring Sabda ing Yokanan 3:19, "*Sang Padhang iku wus rawuh ing jagad, nanging manungsa padha luwih rumaket marang pepeteng, tinimbang karo pepadhang*". Para sadhèrèk, ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Suci, sumangga kita ngakeni dosa lan karingkihan kita. *(Umat kaparingan wewengan ndedonga ngakeni dosa sacara pribadi sinarengan instrumental (KPJ 74 "Gusti Mugi Nunggila.")*

Gusti Allah ingkang Mahatresna, ing ngarsaning pepadhang-Paduka kawula mboten saged nyingidaken gesang kawula. Paduka pirsa raos ajrih ingkang kawula simpen, tatu ingkang kawula ingu, raos pait ingkang dèrèng kawula luwari, lan dosa ingkang tansah kawula tindakaken. Kawula ngakeni menawi kawula langkung

asring milih lumampah miturut kekarepan kawula piyambak. Kawula nutupi manah dhumateng Paduka saha nutup paningal dhateng geguletaning sesami. Nyuwun pangapunten Gusti. Karsaa rawuh ing pepetenging gesang kawula. Karsaa paring pepadhang ing manah kawula. Kapulihna gesang kawula.

U: (Ngidungaken) **KPJ 74:1,3 "Gusti Mugi Nunggila"**

KPJ 74 GUSTI MUGI NUNGGILA

1. Gusti mugi nunggila mring kula.
   Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
   namung Paduka kang mitulungi.
   Sumangga, Gusti nunggil mring kula

3. Saèstu Gusti dados peparang,
   pikekah jroning gung karibedan,
   tamèng prahara anèng samodra;
   wit Gusti tansah nunggil mring kula

PERANGAN IV: PEPADHANG RAWUH

PAWARTOS SIH-RAHMAT (Jumeneng)
(*Dumadakan satunggaling cahya padhang kaarahaken dhateng para pangon*).

P1: Apa kuwi?

P2: Aku ora ngerti! (*Kekalihipun jumeneng saha ajrih*).

ML: Aja padha wedi! (*Tidhem*).
Kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal tumrah marang sabangsa kabèh. Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu, yaiku Sang Kristus, kang jumeneng Gusti. *(Cahya alon alon tambah padhang).*

PS: Para sadhèrèk, sumangga kita pirengaken pawartos sih rahmat saking Titus 2:11 ingkang makaten, "*Awitdéné sih-rahmaté Gusti Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kababar*." Sih ratmat punika sampun kababar! Kristus sampun rawuh! Pepadhang sampun sumunar! Wonten ing Yésus Kristus, saben tiyang ingkang sowan

srana pitados lan pamratobat nampèni pangapunten lan gesang énggal. Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U: Puji Sokur konjuk Gusti Allah!

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 248:1,2 "Tan Ana Cahya Mulya"**

KPJ 248 TAN ANA CAHYA MULYA

1. Tan ana cahya mulya wah swara milangoni
   Ngendhih* bingaring driya.
   Dé Sang Putra wus prapti,
   putra tunggaling Pangéran,
   kang nuwuhken katentreman.
   Refr. Pra malaékat wewarta, ngengidung memuja,
   "Allah nunggil mring kita".

2. Sajagad sukarena bumi tentrem-rahayu,
   pinuji Ratu Mulya
   karya mareming kalbu.
   Mudha-wredha muji samya,
   "Panebus kita wus prapta!"
   Refr. .....

PALADOSAN SABDA

(Pangon taksih jumeneng)

P1: Sliramu ngrungokaké?
P2: Iya.
P1: Terus saiki? *(samidéné mandeng)*
P2: Awaké dhéwé lunga.
P1: Menyang ngendi?
P2: Bètlehèm. Ndeleng apa sing wis kalakon ing kana. *(Kekalihipun wiwit mlampah).*

PANDONGA ÉPIKLÉSÉ

PS: Pepadhang ingkang rawuh tansah mbereg manungsa kanggé jumangkah. Para pangèn mboten lenggah kémawon ing pasamunan. Para pangèn késah, ngupadi lan manggihaken. Dalu punika kita ugi rawuh kanggé mirengaken malih cariyos kawilujenganipun Allah.

Sumangga mbikak manah kita kagem Sabdanipun Gusti. *(PS mimpin donga Épiklésé).*


a. Waosan Kapisan
Yésaya 9:2-7

b. Jabur-Masmur Tanggapan
Jabur-Masmur 96

c. Waosan Kaping Kalih
Titus 2:11-14

d. Pamaosing Injil
Lukas 2:1-14

U: (Ngidungaken) **Haléluya, Haléluya, Haléluya**



KHOTBAH
"Dak Pesthèkaké Dalanmu Padhang"

PERANGAN VI: MARGINIPUN MESTHI PADHANG

LITURGI CAHYA LILIN NATAL
(Papan Pangibadah kadamel remeng-remeng. Lilin Kristus kagesangaken sacaketing Pamakanan).

PS: Kapirengna Pangandikanipun Gusti, "Anadéné Sang Padhang nelahi sajroning pepeteng, lan ora kalindhih déning pepeteng iku."
Kristus, Sang Pepadhanging Jagad, sampun rawuh.
Wonten ing Panjenenganipun, margi kita mboten peteng malih.
Wonten ing Panjenenganipun, lampah kita mboten kasasar malih.
Wonten ing Panjenenganipun, kita pitados, marginipun mesthi padhang.

(PS mundhut latu saking Lilin Kristus lan nerasaken dhateng palados pangibadah. Palados nerasaken padhang dhateng umat).

N: Padhangé Kristus sampun kita tampi. Sumangga mbagèkaken padhang punika saking satunggaling gesang tumuju gesang sanèsipun *(Umat nerasaken pajaring lilin dhateng umat sisihipun).*

U: (Ngidungaken) **KPJ 218:1-3 "Dalu Suci"**

1. Dalu suci tidhem sami, Njeng Gusti Pamarta
   tedhak manjalma krana kita
   miyos wonten kandhang Bètlehèm
   Gusti ning dumadi, Gustining dumadi.

2. Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,
   nilar kamulyané ing swarga,
   sumèlèh ing rumput kang nistha;
   nladhani mring kita, nladhani mring kita

3. Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
   katentremané jagad-raya,
   kados prasetyané Kang Rama.
   Mila linuhurna, mila linuhurna.

(Sasampunipun ngidung, lilin tetep gesang)

PS: Kristus punika pepadhanging jagad.

U: Kawula badhé mlampah ing satengahing pepadhangipun.

PS: Pitadosa, marginipun mesthi padhang.

U: Kawula badhé ndhèrèk lumampah ing marginipun Gusti kanthi setya.

(Umat mejahi lilin)

PS: Lilin ing asta kita sampun pejah, nanging pepadhangipun Kristus tetep gesang salebeting gesang kita, nganthi lampah kita ing margi ingkang mesthi padhang.

PENGAKEN PITADOS
(Pinisepuh ngatag umat kanggé ngikraraken Pangaken Pitados Rasuli).

PANDONGA SYAFAAT
(PS mimpin pandonga syafaat kapungkasan pandonga "Donga Rama Kawula").

PISUNGSUNG
M: Para pangèn sami wangsul kalawan memuji saha ngluhuraken Allah, amargi samukawis ingkang sampun kapireng lan katingal. Kita ugi sampun nampèni sih-nugrahaning Allah. Mila, sumangga kita télakaken sokur kita srana pisungsung. Pangandikanipun Gusti 2 Korinta 9:7 ngandika, "*Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila*."

U: (Ngidungaken) **KPJ 247:1-"Sugeng Rawuh Gusti"**
KPJ 247 SUGENG RAWUH GUSTI

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
   kang tumedhak nèng donya krana kula,
   "Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,
   rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"
   Salam, salam!

2. Gusti ingkang dadya tuking sih-rahmat;
   adreng panyuwun kula klayan urmat.
   Kang ibu Maryam tansah manggiya widada,
   kang sampun dadya srana miyos Paduka.
   Salam, salam!

3. Pra pangén gumregah, cahya nelahi,
   nulya nampi pawartos saking swargi;
   "Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan

nulya ginedhong sumèlèh ing palungan."
(kang ginedhong sumèlèh ing pamakanan*)
Salam, salam!

4. Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthi
nedya angaturken pangabekti;
mas lan blendokmur sinaosaken mring Gusti
kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.
Salam, salam!

PERANGAN VII: WANGSUL ING PEPADHANG

NARASI PANGUTUSAN
(Para pangon mlampah wangsul ing papaan sakawit.)
P1: Awaké dhéwé bali ing pasamunan?
P2: Iya, ayo bali!
P1: Wedhus-wedhusé isih padha ngantu-antu.
P2: Pakaryané awaké dhéwé uga isih padha.
P1: Dadi... ora ana kang owah? *(Ening)*
P2: Ana!
P1: Apa?
P2: Awaké dhéwé wus nyawang padhang *(sami mèsem)*
N: Para sadhèrèk... Para pangèn wonten ing pasamunan ingkang sami. Ing pakaryan ingkang sami. Ing donya ingkang sami. Nanging para pangèn kanyatanipun sampun bènten, sampun ningali padhang. Dalu punika kita ugi badhé wangsul. Mbok menawi ugi ing griya ingkang sami. Ing pakaryan ingkang sami. Ing geguletan ingkang sami. Mbok menawi prakawis kita dèrèng rampung. Nanging Natal ngègetaken kita. **Kita mboten mlampah ijèn malih. Sang Padhang ingkang rawuh mesthèkaken margi kita padhang.**

KIDUNG PANGUTUSAN ***(Jumeneng)***

U: (Ngidungaken) **KPJ 227:1,2"Iba Éndah Cahyèng Ratri"**

KPJ 227 IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI

1. Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;
   duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat.
   Raharja, prajalma kang sinungan kawaluyan,
   lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.

2. Puji konjuk Hyang Maluhur kang melasi mring jalma;
   nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.
   Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,
   langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya

PANGUTUSAN

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Kristus, Sang Pepadhanging Jagad.
U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Kristus.
PS: Ampun ajrih mlampah ing satengahing jagad ingkang dhèrèng sedayanipun padhang.
U: Pepadhangipun Kristus nganthi lampah kawula sadaya.
PS: Wangsula lan dadosa pepadhang tumrap ingkang kécalan ener.
U: Kawula sumadhiya dados seksi katresnanipun Kristus.
PS: Pinujia Allah Rama, Putra, lan Roh Suci.
U: Samangké èngga salaminipun.

BERKAT

PS: Katresnanipun Allah Rama, ingkang setya nuntun lan ngrimati lampah gesang panjenengan; Pepadhangipun Yésus Kristus, Sang Putra, ingkang madhangi margi lan nuntun saben lampah Panjenengan; lan panuntunipun Sang Roh Suci, ingkang ngiyataken Panjenengan kanggé teras lumampah salebeting pitados lan pangajeng-ajeng;

tansah nyarengi panjenengan ing dinten punika, benjang lan dumugi salami-laminipun.

U: (Ngidungaken) **KPJ 472 "Haléluya! Amin!"**

[yabs - hw]



BAHAN LITURGI
Natal
Jemuwah, 25 Dhésèmber 2026

Katrangan:
PS: Palados Sabda
Prdt: Pradata
Umt: Umat
Lkt: Lèktor

Natal Kita Sadaya

Pacawisan:
- PS lan Prdt cecawis Donga Konsistorium
- *Cantoria* lan pemusik ngatag umat nyinau lagu, "Natal Kita Semua" Cipt. Pdt. Lusindo Tobing (Partitur lan link *Youtube* ing Lampiran Khotbah Jangkep Natal 2026)
- Wekdal Ening

TIMBALAN NGIBADAH *(jumeneng)*

Prdt: Natal panjenengan, Natal kula, Natal kita sadaya! Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, cihnaning tandha sokur kita awit saking sih-tresnaning Gusti Allah ingkang rawuh ing bumi lumantar wiyosan nDalem Gusti Yésus Kristus, sumangga kita lumebet ing Pangibadah Natal taun 2026 dinten punika kanthi suka bingah. Kabingahan punika mawujud anggèn kita sami ngraos-raosaken bilih Gusti Allah ingkang tuhu-setya ngrimati lan karsa mulihaken pagesangan kita. Sumangga kita tansah manembah dhumateng Panjenenganipun, bingah-bingah, memuji Gusti kanthi pamaosing Jabur Masmur 150:1-6 kanthi sesautan:
"Haléluya! Padha saosa puji marang Gusti Allah ana ing pasucèné! Padha saosa puji marang Panjenengané ana ing cakrawalané kang santosa!

Umt: **Padha saosa puji marang Panjenengané | marga saka sakèhing kakiyatané, | padha saosa puji**

marang Panjenengané | marga saka kaluhuranè kang ngébat-ébati!

Prdt: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka. Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi clempung lan slukat!

Umt: **Padha saosa puji marang Panjenengané | kanthi terbang lan jejogedan, | padha saosa puji marang Panjenengané | kanthi swaraning clempung lan suling!**

Prdt: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang kumencring, padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang gumenjrèng!

Umt: **Kabèh kang ambekan | karebèn padha saosa puji | marang Pangéran Yéhuwah! | Haléluya!**

Prdt: Kita ngrepèkaken pujèn sokur Natal, ngriyayakaken kapredulènipun Gusti Allah lumantar pepujèn saking

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 247:1-2 "Sugeng Rawuh, Gusti")**

"SUGENG RAWUH, GUSTI"

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
   kang tumedhak nèng donya krana kula,
   "Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,
   rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"
   Salam, salam!

2. Gusti ingkang dadya tuking sih-rahmat;
   adreng panyuwun kula klayan urmat.
   Kang ibu Maryam tansah manggya widada,
   kang sampun dadya srana miyos Paduka.
   Salam, salam!

(juru musik tetep ngungelaken musik)

Prdt: Sumangga kita sami tangkep asta.

Umt: (Ngrepèkaken malih pada 1 lan 2 sesarengan. Juru musik ngungelaken *interlude* lan *coda* radi panjang)

umat sami déné tangkep asta.

VOTUM

PS: Kita lumebet ing Pangibadah Natal punika kanthi pangaken: "Pitulungan kita punika wonten ing asmaning Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun; ingkang tansah setya-tuhu netepi prasetya kawilujengan ingkang sampun kababaraken."

Umt: (aklamasi) **Amin**, **Amin**, **Amin**.

SALAM

PF: "Sih-rahmat lan tentrem rahayu, ingkang pinangkanipun saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk sadaya."

Umt: **Ugi nunggila ing panjenengan**.

PRATÉLAN PAMBUKA *(lenggah)*

Prdt: Datan naté kendhat kapredulèn lan sih-susetyaning Gusti Allah tumrap gesang kita. Ing satengahing kawontenan mrihatosaken magepokan ekonomi lan *energi*, awit wontenipun cecongkrahan punapa déné paprangan; Gusti Allah ingkang tansah njagi saha ngrimati kita. Gusti Allah pirsa, Panjenenganipun nyawisi punapa kémawon ingkang kita betahaken. Nalika kita rumaos boten jenjem tentrem, punika sadaya awit Gusti Allah tansah nunggil kita. Kapredulènipun Gusti Allah maring kita umatipun mulihaken, nyarasaken, lan nuwuhaken pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang pitados. Gusti Allah nggatosaken, Gusti Allah preduli.

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 245:1-3 "Sang Pepadhang Sejati"**)

"SANG PEPADHANG SEJATI"

1. Sang pepadhang sejati samangkya wus prapti,
   nyirnakna rèhing pati, mrih jalma basuki.

2. Sang pepadhang sayekti wus rawuh ing bumi
   mbirat kwasaning dosa, sung tentrem-raharja.

3. Sang pepadhang sanyata manjalma manngsa
   ngasoraken pepeteng, sung gesang kang langgeng.

PANGAKEN DOSA

PS: Sesarengan kita raos-raosaken sabdanipun Gusti Yésus ing Matéus 7:21, “Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang nglakoni sakarsané RamaKu kang ana ing swarga,” awit boten wonten satunggal kémawon ing antawis kita ingkang kuwagang nindakaken paréntah punika kanthi wetah, nindakaken karsaning Sang Rama ing swarga. Kita nglenggana bilih kita langkung asring boten mbangun-turut Gusti, jalaran asring nengenaken dhiri kita piyambak. Sumangga kanthi tulus lan gumolonging manah, kita pratélakaken panalangsa saha pamratobat kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 212:1-2 “Aku Mbok Caritanana”**)

“AKU MBOK CARITANANA”

1. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
   pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.
   Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.
   Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.
   Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.

2. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
   yèku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
   Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
   Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.
   Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(jumeneng)*

PS : Awit sih-wilasa kapredulèning Panjenenganipun ingkang boten winates, Panjenenganipun karenan nampèni

pratélan panalangsa kita. Pamratobat ingkang katindakaken kanthi tulus badhé mulihaken. Pramila ingkang Maha Preduli mbabar pangapunten lan panebusaning dosa lumantar Pakaryan Katresnanipun ingkang agung ugi mulya. Wekdal samangké nampènana Sabda lumantar 1 Pétrus 1:18-19, "Sabab kowé padha sumurup, yèn anggonmu katebus saka kalakuanmu kang tanpa guna, kang kokwarisi saka para leluhurmu, iku ora srana barang kang bisa rusak, uga ora kalawan salaka utawa emas, nanging srana getih kang akèh ajiné, yaiku rahé Gusti Yésus Kristus kang padha kaya getihing cempé kang tanpa cacad lan tanpa blentong." Awit saking punika sampun ngantos muspra tanpa tanja sih Kapredulèning Panjenenganipun tumrap kita. Tansaha setya nresnani lan preduli maring sesama ugi Makaten sih-rahmat saking Guti. Makaten pawartos sih-rahmat.

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 214:1-3 "Anèng Pamakanan"**)

ANÈNG PAMAKANAN

1. Anèng pamakanan, iku dunungnya;
   ginedhong ing kain, sèstu prasaja.
   Lelintang ing langit padhang nelahi,
   dé Yésus Gustiku saré kepati.

2. Raja-kaya nywara, kang néndra wungu,
   nadyan piniyarsa nging tan ngreridhu
   Samangkya atiku sèstu rahayu,
   wit Gusti, mitraku nentremken kalbu.

3. Dhuh Yésus, Sang Putra, mugi Paduka
   lestantun ing kula kanthi sih-tresna.
   Pra umat samya binerkahana,
   tinuntun nggènira lumebèng swarga.

PALADOSAN PANGANDIKA *(lenggah)*

PS: (mimpin donga paladosan pangandika)

Waosan Kapisan
Lkt 1: Waosan kapisan kapethik saking kitab **Yésaya 52:7-10** Makaten pangandikanipun Gusti.
Umt: **Puji sokur konjuk Gusti**

Jabur Masmur Tanggapan
Lkt 2: Sumangga kita tanggapi kanthi maos **Jabur Masmur 98** kalawan sesautan.

Waosan Kalih
Lkt 3: Waosan kalih kapethik saking **Ibrani 1:1-12** Makaten pangandikanipun Gusti.
Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil
PS: Pamaosing Injil, kapethik saking **Yokanan 1:1-14**. Makaten Injiling Yésus Kristus "Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken Sabda Natal saking Gusti, nggatosaken, saha nindakaken ing gesang padintenanipun." Haléluya!
Umt: (aklamasi) **Haléluya** 3X **Amin**, **Haléluya** 3X **Amin**.

Kotbah "NATAL KITA SADAYA"

Wekdal Ening

Pangaken Kapitadosan *(jumeneng)*
Prdt: Sesarengan umating Gusti Allah ing sauruting jaman, sumangga kita pratélakaken lan kita teguhaken ingkang dados kayakinan kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.
Umt: (sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Donga Syafaat *(lenggah)*
PS: (mimpin Donga Syafaat)

PISUNGSUNG

Prdt: Pisungsung ing Pangibadah Natal punika kita talesi kanthi Pangandikanipun Gusti, lumantar Rasul Paulus ingkang nyerat ing 1 Korinta 6:19-20, “Apa kowé padha ora sumurup, yèn badanmu iku dadi padalemané Sang Roh Suci kang ana ing kowé, Sang Roh Suci kang kaparingaké marang kowé déning Gusti Allah, sarta yèn awakmu iku dudu awakmu dhéwé? Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!”

Umt: (ngaturaken pisungsung sinarengan ngrepèkaken **KPJ. 234:1-3 “Kaprungu Swara Gumyak”**)

“KAPRUNGU SWARA GUMYAK”

1. Kaprungu swara gumyak
   ngumandhang saka swarga
   paring warta kabungahan
   tumrah mring pra manungsa.
   Nyata Allah tresna; kongsi ngutus Putranya
   maringken tentrem rahayu
   mring para wong pracaya.
   Refrein: Rungokna, swaranya paring warta basuki
   Rungokna swaranya!
   Pangéran asih mring jalmi.

2. Loncèng Injil ngumandhang,
   ngundang kembul bujana.
   Aja nulak timbalannya,
   kang kebak sih-nugraha.
   "Mara tampanana, Rotining Kauripan!
   Murih sira nduwènana, urip ing kalanggengan."
   Refrein: ...

3. Loncèng Injil ngumandhang,
   kaundhangaké terus
   sih-katresnan kang sampurna,
   srana kurban Panebus.

Yèku pawartanya tumraping wong sadonya:
Wus miyos Yésus Pamarta,
Juru Slameting jalma.
Refrein: ...

Donga Pisungsung (jumeneng)
Prdt: (Mimpin donga pisungsung lan Donga Rama Kawula)

Nyanyian Pengutusan
Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 232 "Kamulyakna"**)

KAMULYAKNA

1. Kamulyakna Hyang Maagung
ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan
Kluhurna Allah nèng swarga,
kluhurna Allah nèng swarga!
Tentrem rahayu ana ing bumi,
tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan,
ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan!
Pinujia, pinundhia Hyang Maagung
ing suwarga lan ing bumi.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan
Amin, amin!

PANGUTUSAN
PS: Kabagéa kapredulèning Natal tumrap sadaya tiyang lan enerna manah panjenengan maring Gusti.
Umt: **Kawula ngeneraken manah | maring Gusti**.
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus,
Umt: **kawula sumadiya | dados seksining Sang Kristus**
PS: Pinujia Gusti Allah kita.
Umt: **Samangké | éngga salaminipun.**

PS: Késaha rinengga kabingahaning Natal, èngeta Sabdaning Gusti bilih Panjenenganipun tansah makarya lestantun ing gesang panjenengan. Nglampahana gesang kanthi raos sokur lan tansah setya netepi timbalan kapredulèning Panjenenganipun. Gusti tansah nunggil gesang panjenengan kanthi berkahipun

BERKAH

PS: "Pangéran Yéhuwah mberkahi (kita) panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunari (kita) panjenengan kanthi wadananipun lan maringi (kita) panjenengan sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi (kita) panjenengan tentrem rahayu."
Amin.

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 476 "Puji Gusti Haléluya")**

"PUJI GUSTI HALÉLUYA"

Puji Gusti Haléluya!
Puji Gusti, Puji Gusti! Haléluya!
Puji Gusti! Haléluya!
Puji Gusti! Haléluya!
Puji Gusti, Puji Gusti! Haléluya!
Puji! Haleluya! Puji! Haléluya!
Puji Puji, Haléluya!
Puji Puji, Haléluya!
Puji Gusti Haléluya!

SUGENG NATAL
GUSTI YÉSUS KRISTUS TANSAH MBERKAHI

[lt - ucsl]

BAHAN LITURGI
Minggu I sasampunipun Natal
Minggu, 27 Dhésèmber 2026

Katrangan:
PS: Palados Sabda
Prdt: Pradata
Ltgs: Liturgos
Umt: Umat
Lkt: Lèktor

Karahayon Tumrap Sadhéngah Bangsa

(Cathetan: Pacawisan pangibadah kasumanggakaken manut padatan gréjanipun piyambak-piyambak)

TIMBALAN NGIBADAH (lenggah)

Ltgs : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, sugeng rawuh lan sugeng ngriyayakaken sihipun Gusti Allah lumantar pangibadah dinten puniki. Sampun saprayoginipun kita ngucap sokur awit sih-susetya Panjenenganipun ingkang nyapa aruh jagad raya ingkang katitahaken. Sumangga kita ugi sami déné sapa aruh lan mbagé salam kanthi pasuryan ingkang sumringah ing antawisipun satunggal lan satunggalipun. Kanthi jumeneng, kita tunggil manah sami ngrepèkaken **KPJ. 28 "Suci, Suci, Suci."**

KIDUNG PAMBUKA

KPJ. 28 "SUCI, SUCI, SUCI"

1. Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
   Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
   suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
   titah sadaya memuji samya

2. Suci, suci, suci, pujining pra suci
   angumandhang sora ngebèki akasa.

Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

***VOTUM* DAN SALAM**

PS: Kita wiwiti pangibadah Minggu ing wekdal punika kanthi pangaken bilih, "Pitulungan kita punika wonten ingkang Asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun; ingkang boten nilar babar pisan titah awit pakaryaning Astanipun."

Umt: (aklamasi) **Amin**, **Amin**, **Amin**.

PS: "Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus wonten ing para sadhèrèk sadaya."

Umt: **Wonten ing panjenengan ugi**.

PRATÉLAN PAMBUKA (lenggah)

Ltgs: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita manunggil ing pangibadah Minggu Kapisan sasampunipun Natal. Ing kedadosan Natal, wonten manéka cariyos ingkang kapratélakaken ing Kitab Suci. Salah satunggal cariyos ing antawisipun wiyosan nDalem Gusti Yésus ingkang asring dipun lirwakaken inggih punika kedadosan Yusuf lan Maria masrahaken Gusti Yésus konjuk Sang Yéhuwah ing Padalemaning Allah. Nalika Gusti Yésus kapasrahaken kasebat, satunggaling piyayi inggih punika Siméon mratélakaken bilih rawuhipun Gusti Yésus mujudaken kababaring karahayon tumrap sadhéngah bangsa. Pratélan kasebat netepi pamecanipun para nabi ing Prajanjian Lami. Anggèn kita samangké sami tetunggilan ing ngrika, kita badhé ngriyayakaken karahayon ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah tumrap sadhéngah bangsa. Ing satengahing kawontenan jagad ingkang asring nemahi kawontenan boten gumathok, kita tetap pitados bilih Gusti Allah tansah nunggil umat kagunganipun ingkang tansah ngajeng-ajeng dhumateng Panjenenganipun. Sanyata rawuhipun Gusti ing jagad punika inggih awit saking katresnanipun.

KIDUNG UMAT

KPJ. 230 “KABINGAHAN KANG SEJATI”

1. Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi.
   Ratu Adil sampun prapta,
   sinung gesang mulya, sinung gesang mulya,
   sinung, sinung gesang mulya

2. Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad
   Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:
   ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.

3. Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
   Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
   tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.

PANGAKEN DOSA

PS : (Palados Sabda ngatag umat ndedonga piyambak-piyambak. Sasampunipun punika, Palados Sabda mimpin donga pangakening dosa)

KIDUNGING UMAT

KPJ. 231 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”

1. Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
   methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
   Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci.
   Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

3. Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
   Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa?
   Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
   lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (jumeneng)

PS : Tumrap kita sadaya ingkang kanthi tumemen ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti saha masrahaken dhiri kita murih kaénggalaken déning Panjenenganipun, nampènana pawartos sih-rahmat lumantar Yérémia 33:8-9, "Ingsun bakal nucèkaké para wong iku saka ing sakabèhé kaluputané kang dilakoni, anggoné nindakaké dosa ana ing ngarsaningSun lan Ingsun bakal ngapura sakèhing kaluputan kang dilakoni kalawan anggoné nindakaké dosa lan anggoné mbaléla marang Ingsun. Lan kutha iki bakal dadi bakuning kabungahan, kasuwur, lan dadi pangaleman tuwin ingajènan tumrap Ingsun, ana ing ngarepé sakèhé bangsa ing bumi; kang wus padha krungu bab sakèhing kadarman kang Suntandukaké marang bangsa iki; para bangsa bakal padha kagèt lan gumeter, marga saka sakèhing kadarman lan karaharjan kang Suntandukaké marang bangsa iku." Makaten sih-rahmatipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

(umat sami tangkep asta lan ngucap:
"Tentrem Sang Kristus wonten ing panjenengan"
Sasampunipun punika kanthi tetep jumeneng,
umat ngrepèkaken KPJ. 236)

KPJ. 236 LINUHURNA! GUSTI PAMARTA

1. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.
   Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.
   Jagad bilai, Kristus ngrawuhi, daweg kanca, dèn pepuja!
   Rawuhé Gusti datan ngadili, malah nulungi tyang dosa.

2. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.
   Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.
   Jagad bilai, Gusti ngrawuhi karsa nucèkken tyang dosa.
   drapon muktia saha mulyakna asmané Hyang Mawilasa.

3. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa.
   Linuhurna! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa.
   Jagad bilai, Gusti ngrawuhi paring tladha mring tyang dosa;
   ngirid mring swarga tyang kang pracaya; swawi ndhèrèk, para kanca!

PALADOSAN SABDA (umat lenggah)
Kidung Pacawisan
KPJ. 205 "SABDÈNG ALLAH MAKARTI"

1. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
   Kita kang tinimbalan tampi kawilujengan.

Pamaosing Kitab Suci
Waosan I
Lkt: (maos Kitab Yésaya 61:10 – 62:3)
Makaten pangandikanpun Gusti.
Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Tanggapan
Jabur Masmur 148 (kawaos sesautan utawi dipun kidungaken)

Waosan II
Lkt: (maos serat Galatia 4:4-7)
Makaten sabdanipun Gusti.
Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil
PS: (maos Injil Lukas 2:22-40)
Makaten Injiling Yésus Kristus. "Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti Allah lan dipun gatosaken." Haléluya!
Umt: (aklamasi) **Haléluya**, **Haléluya**, **Haléluya!**

Kotbah
Wekdal Ening

PANGAKENING KAPITADOSAN (umat lenggah)

Dkn: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah jaman lan paggènan, kita ucapaken sesarengan Pangaken Pitados Rasuli:

DONGA SYAFAAT (umat lenggah)

PS: (mimpin donga syafaat)

PISUNGSUNG

Dkn: (maos Jabur Masmur 96:8-9). “Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané. Padha sujuda marang Sang Yéhuwah kalawan manganggo kasucèn, hé sawrataning bumi kabèh, gumetera ana ing ngarsané.”

KIDUNG PISUNGSUNG

KPJ. 223 “GUMEBYAR!”

1. Gumebyar! Gumebyar! Lintang wétan sumunar.
   Pra Pujangga saking wétan
   madosi Putra kaswargan
   ingkang sampun binabar.

2 Bètlehem! Bètlehem! Pujinen Ratu Salèm!
   Linuhurna Hyang Makwasa!
   Tentrem - rahajeng nèng bumi,
   manungsa sinarjonan!

3. Sangsara, sangsara rawuhé Sang Pamarta.
   Nging nggih niku kang pinuji
   ing golongan bala swarga.
   Nggih niku Gusti kula.

4. Dhuh Gusti, dhuh Gusti! Kawula saos bekti.
   Ryadin m'nika, mugi kula
   winulanga andedonga,
   sowan mring Sang Ginusti.

Dkn: (nuntun donga pisungsung) (umat jumeneng)

KIDUNG PANGUTUSAN

KPJ. 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”

1. Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji.
   Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,
   Refein: Gloria in excelsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

2. Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,
   kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena.
   Refrein: ...

3. Wus miyos Juru-basuki, yeku isining puji,
   panggunggung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,
   Refrein: ...

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Enerna manah panjenengan maring Gusti.
Umt: **Kawula ngeneraken gesang | maring Gusti**.
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.
Umt: **Puji sokur konjuk Gusti**.
PS: Pinujia Gusti,
Umt: **Samangké éngga salaminipun**.
PS: Nampènana berkahing Gusti: “Gusti Allah, etuking pangajeng-ajeng, njangkepi (kita) panjenengan kanthi karahayon lan tentrem rahayu ingkang pinangkanipun saking Gusti Yésus neguhaken kapitadosan (kita) panjenengan, supados awit sawabing Roh Suci (kita) panjenengan lubèr ing pangajeng-ajeng.”
Umt: (aklamasi) **Haléluya** 5x, **Amin** 3x.

[wsn - ucsl]

TATA PANGIBADAH
Pangibadah Pungkasaning Warsa
Kemis, 31 Dhésèmber 2026

Katerangan:
PS.: Pelados Sabda
P: Pradata
I: Imam
U: Umat

"Ngèngeti Gusti Allah ingkang Preduli"

PENCAWISAN
(dipuntata kados padatan ing gréjanipun piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang mbereg pasamuwan ngayati pangibadah ingkang badhé kalampahan
- Pasamuwan sami lumebet ing wekdal tidhem dados cecawising pribadi

Wartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN PANGIBADAH *(lenggah)*

P: Ing pungkasaning warsa punika, kita kabereg kèndel sawetawis ing pancadaning wekdal, kita ningali margi ingkang sampun kapengkeraken. Wonten lelampahan ingkang kebak kabungahan, wonten ugi luh, nanging saben jangkah punika, wonten sihipun Gusti ingkang setya nganthi. Pangibadah pungkasaning warsa punika dados sarana kanggé kita niti priksa lan ngétang malih berkahipun Gusti, ngantos kita ngrumaosi bilih kita dumugi ing dinten punika mboten namung awit kita kiyat lumampah piyambakan, nanging awit astanipun Gusti Allah ingkang nggatosaken tansah nenuntun lumampahing gesang kita.

KIDUNG UMAT

U: (Ngidungaken **Lagu "Tuhan Selalu Menolong"**)

Lagu: "Tuhan Selalu Menolong/Gusti kang tansah mitulungi"
https://www.youtube.com/watch?v=sH9RRp2VhM0
kapertal déning : Yéhuda FKL)

GUSTI KANG TANSAH MITULUNGI
(TUHAN SELALU MENOLONG)

Mangsa mesthi tansah gumanti
Sihé Gusti tansaha langgeng
Mboten éwah gingsir ing saliminipun
Kawula pitados
Gusti tansah paring berkahipun
Gusti tansah paring panyoman
Manuk ing angkasa
Gusti kang ngrimati
Wit sih katresnané
Gusti kang tansah mitulungi,
kang tansah ngreksa aku
Seelering rambutku
Tan badhé tumiba
Tanpa palilahé
Gusti kang tansah mitulungi,
kang tansah ngreksa aku
Gusti maringi berkah
Lan tansah ngrimati
Nganti salaminya

(Saged dipungantos saking KPJ 26:1-3 "Pinuji Gusti")

KPJ 26. PINUJI GUSTI

1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Reff.: Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.

Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Reff.: ...

3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Reff. ...

P: Sumangga kita sami sowan ing ngarsanipun Gusti kanthi raos sokur awit sedaya kamirahan lan panganthinipun Gusti. Kula aturi sami jumeneng. Kita ngrepèkaken kidung **KPJ 59: 1 "Pinujia Tansah Allah Mamirah".**

U: (Ngidungaken KPJ 59 "Pinujia Tansah Allah Mamirah")

KPJ 59 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH


1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki
Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah maring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

(Imam lan Pelados Sabda lumebet ing papan pangibadah, kidung saged dipunambali ngèngeti kawontenan)

VOTUM

PS: Sumangga kita miwiti pangibadah pungkasaning warsa punika kanthi pangaken: Pitulungan kita ingkang sayektos inggih punika saking Gusti ingkang nitahaken, langit, bumi, lan sedaya isinipun, ingkang kanthi setya njangkepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.

U: (ngrepèkaken **Amin, Amin, Amin**)



SALAM

PS: Sih katresnan lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus wonten ing para sedhèrèk (kita) sedaya.

U: **Ugi wonten ing panjenengan.**

PAMBUKA *(Lenggah)*

P2: Ing dalu punika, kita kèndel sawetawis. Ngeneraken paningal kita dhateng lumampahing gesang kita. Wonten ingkang ketingal cetha, wonten ugi ingkang mboten cetha. Jangkah ingkang ènthèng mbingahaken, wonten ugi jangkah ingkang kebak ing rekaos. Saking sedaya jangkah punika kasimpen sihipun Gusti. Awit saking punika, sumangga kita ngènget Gusti Allah ingkang preduli: Pepadhang ingkang tansah sumunar rikalanipun margi karaos peteng lan Sekabat ingkang mboten nilaraken kita.

U: (ngrepèkaken **KPJ 96 : 1,2 "Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah"**)

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA

1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Reff: Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang

2) Hyang Agung kang njangkung kita, rineksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.
Reff: ...

PANGAKEN DOSA

PS: Sumangga kita ndedonga, nelangsani dosa kita: Dhuh Gusti Allah ingkang kebak sih katresnan lan kasetyan, titi wanci punika kawula sami sowan kanthi andhap asoring manah ing ngarsa Paduka. Kawula sami ningali malih gesang kapengker, kawula ningali kathah kasaénan lan pangrimat Paduka, nanging kawula ugi ngrumaosi asring kawula kirang setya, kirang nggadhahi raos sokur, lan kawula namung nindakaken pikajeng kawula tinimbang karsa Paduka. Nyuwun pangapunten awit sedaya dosa kawula, kalepatan, pitembungan, pemanggih, lan tumindak kawula ingkang mboten dados karsa Paduka. Wonten ing sih Paduka, nyuwun Paduka énggalaken manah kawula, Paduka karsa ngapunteni kawula. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula ndedonga. Amin

U: (ngrepèkaken **KPJ 46 : 1-4 "Awit Kathah Dosa Kula"**)

KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan

2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.

3) Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.
Kula badhé ngèstokaken ing sakarsa Paduka.

4) Kula mboten purun malih karya sekel Paduka;
badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Jumeneng)*

I: Sumangga kita sami nyawang Gusti ingkang kebak ing sih katresnan, ngapunteni dosa kita. Pawartos sih rahmat kacetha ing pangandikanipun, Mikha 7:18 – 19, "*Allah ingkang pundi ingkang nyamèni Paduka, ingkang ngapunten dosa, saha ingkang ngapunten panerakipun*

kekantunaning bangsa kagunganipun piyambak: ingkang boten saged tahan dhateng bebendunipun ing salajengipun, nanging ingkang rena dhateng sih-palimirma? Panjenengané bakal paring kawelasan manèh marang kita, lan nglebur kaluputan-kaluputan kita, sarta mbucal sakèhing dosa kita, menyang ing telenging sagara"

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (ngrepèkaken **KPJ 97 :1,3 "Uwal Sing Laknat"**)

KPJ 97 UWAL SING LAKNAT

1) Uwal sing laknat; iba begjaku! Gusti wus séda,
mbirat dosaku, temah luwar sing paukuman,
dènya ngluwar babar pisan.
Reff: Babar pisan dènnya nulungi,
babarpisan dènnya ngrampungi.
Rumaketa ing pamenthangan,
mesthi luwar babarpisan.

3) Putrané Allah, sebutan kita,
kang tilas satru pinundhut mitra,
kang utang pati inguripan,
wit tinebus babar-pisan.
Reff: ...

PELADOSAN SABDA (*Lenggah*)

PS: (Donga Èpiklése)

U: (ngrepèkaken **KPJ 197 "Kula Sampun Siyaga".** Lèktor nyawisaken dhiri)

KPJ 197 KULA SAMPUN SIYAGA

Kula sampun siyaga, Gusti;
sumadya nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti,
marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah

dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya.
Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking **1 Para Raja 3:5-14**
Mekaten Sabdanipun Gusti


U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yokanan 8:12-19**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ingkang ngraos-raosaken saha nindakaken kanthi setya ing pagesanganipun saben dinten. Haléluya.

U: (ngrepèkaken **NKB 223b: HALÉLUYA**)

223b. HALELUYA



Lagu : Eropa

Khotbah: "Ngèngeti Gusti Allah ingkang Preduli"

Wekdal Ening

Pangaken Pitados (*Jumeneng*)

P3: Sesarengan kaliyan sedaya umatipun Gusti Allah ing saben wekdal, sumangga kita nélakaken lan kita neguhaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi kanthi sesarengan kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.
U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Donga Sapaat (*Lenggah*)
PS: (Ngonjukaken pandonga sapaat)

PISUNGSUNG
P4: Wekdal samangké kita kaaturan wekdal ngaturaken sokur awit sedaya berkahipun Gusti. Kita aturaken kanthi ngempalaken pisungsung. Pangatag pisungsung kapendhet saking Jabur 103:2 *"Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangéran Yéhuwah, lan aja lali marang sakèhing kasaénané!"*
U: (ngrepèkaken **KPJ 186 : 1-4 "Urip Kang Samesthiné**)

KPJ 186 URIP KANG SAMESTHINÉ

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,
Néng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur
Reff: Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yéku karsa-Nya!

2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku.
Reff: ...

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
Reff: ...

4) Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.
Reff: ...

Donga Pisungsung (*Jumeneng*)

P4: (Mimpin pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah lan **Donga Rama Kawula**)

Kidung Pangutusan (*Jumeneng*)

U: (ngrepèkaken **KPJ 109 : 1,3 "Gusti Pangayoman Kang Setya"**)

KPJ 109 GUSTI PANGAYOMAN KANG SETYA

1) Gusti pangayom kang setya ngirid lampah kawula.
Nadyan panggodha nempuha, kula tan badhé léna,
wit kinanthi déning Gusti siyang dalasan ratri,
siyang dalasan ratri.

3) Gusti pepadhang sejati; tansah nuntun kawula.
Nadyan rubéda ngribedi, datan semplah ing driya.
Berkahira ngreksa kula ngantos ing salaminya,
ngantos ing salaminya.

PANGUTUSAN (*Jumeneng)*

PS: Sami ngétanga berkahipun Gusti, pramila manah kita kebak ing pangucap sokur

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus

U: **Kawula sumadya dados seksinipun Sang Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Samangké lan salaminipun**

PS: Sami mengkera kanthi raos sokur, sami ènget sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah ngrimati gesang panjenengan (kita). Sami nglampahi gesang kanthi pitados lan setya tuhu nindakaken timbalanipun. Gusti nganthi gesang panjenengan (kita) kanthi berkahipun.


BERKAH

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng

panjenengan (kita), lan maringi sihrahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu" Amin.

U: (ngrepèkaken NKB 225" HALÉLUYA! AMIN!")

225. HALELUYA! AMIN!



Lagu : Tradisional

[sdy - yfkl]

TATA PANGIBADAH
Warsa Énggal
Ju'mat, 1 Januari 2027

Katerangan:
PS.: Palados Sabda
P: Pradata
PL: Palados Liturgi
I: Imam

Miwiti Jangkahing Pajaganipun Gusti Allah

Pacawisan
- Wekdal ening/donga pribadi.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH (*umat jumeneng)*

PL: Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti, ngaturaken warsa énggal! Ing dinten sepisanan warsa 2027 punika, kita sami sowan kanthi raos sokur awit panganthinipun Gusti Allah ing salaminipun lampah gesang kita. Dinten punika kita lumebet ing jangkahing gesang ingkang énggal kanthi kapitadosan bilih Gusti tansah nuntun, njagi, lan nglanting umatipun.

Pangandikanipun Gusti ngémutaken kita bilih asmanipun ingkang mulya ing sajagad raya, katresnanipun nyata ing miyosipun Sang Kristus Sang Juru Wilujeng, lan Rohipun nyagetaken kita nguwuh: "Ya Abba, Rama." Awit saking punika kita mboten lumampah piyambakan. Gusti Allah nyarengi kita sesarengan umatipun, mberkahi lan nandukaken wedananipun dhumateng kita. Sumangga kita lumebet ing pangibadah warsa énggal punika kanthi manah ingkang kebak ing raos sokur, pangajeng-ajeng, lan kapitadosan, kanthi masrahaken sedaya lumampahing gesang kita ing warsa 2027 wonten ing pajaganipun sihing Gusti.

"*Dhuh Yéhuwah, Gusti kawula, iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi*"

KIDUNG UMAT:

U: (Ngidungaken **KPJ 71 : 1, 4 "Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti"**)

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.
Reff: Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

4) Klangkung ageng sih-katresnan Paduka,
ingurbanken Sang Kristus, Kang Putra.
sinangsara, séda tedhak naraka.
mrih manungsa basuki slaminya.
Reff: ...

Votum

PS: Pitulungan kita inggih punika saking Gusti, ingkang nitahaken langit lan bumi


U : **Gusti ingkang mboten badhé négakaken suku kawula gloyoran**

PS: Gusti ingkang ngreksa kita, Panjenengané mboten badhé saré

U: **Gusti ingkang ngreksa kawula saking bilai**

PS: Gusti ingkang ngreksa marang mlebu lan metu kita kanthi setya salami-laminipun

U: (ngrepèkaken **Amin, Amin, Amin**)



Salam

PS: Sihipun Gusti wonten ing panjenengan (kita)

U: Ugi wonten ing panjenengan

(umat lenggah)

Pambuka

PL: Lumebet ing warsa 2027, kita sedaya jumangkah kanthi sedaya pangajeng-ajeng, momotan, lan pitakènan bab lumampahing gesang kita ing dinten mangajeng. Mboten wonten tiyang ingkang mangertosi kanthi terwaca punapa ingkang badhé kedadosan ing warsa punika. Nanging dados tiyang pitados, kita katimbalan supados miwiti jangkah kita kanthi kapitadosan bilih Gusti mboten badhé nilaraken umatipun.

Jejering pangibadah kita, “Miwiti Jangkahing Pajaganipun Gusti Allah” ngémutaken bilih gesangipun saben tiyang pitados mboten lumampah piyambakan, nanging wonten ing panganthi, pangayoman, lan tuntunanipun Gusti. Gusti Allah mberkahi umatipun, Gusti Allah ingkang mulya ing ngatasipun jagad punika, Gusti Allah ingkang ngutus Gusti Yésus Kristus dados Juru Wilujeng, inggih Gusti Allah ingkang sami lumampah sesarengan kaliyan kita dinten punika.

Lumantar sabdanipun, kita kasantosakaken bilih Gusti nggatosaken gesanging manungsa, ngayomi umatipun, lan nampi kita dados putra-putranipun. Kita mboten prelu jumangkah kanthi ajrih, nanging kanthi kapitadosan lan pangajeng-ajeng. Warsa énggal sanés gumantining wekdal kémawon, nanging wekdal énggal kanggé gesang ing panuntun lan pangreksanipun Gusti Allah.

Mugi lumantar pangibadah punika, manah kita kasantosakaken kanggé miwiti warsa 2027 kanthi pitados saèstu bilih Gusti nuntun saben lumampahing gesang kita.

KIDUNG PAMUJI:

U: (Ngidungaken **KPJ 110 : 1,2 "Gusti Pangunsèn Kula"**)

KPJ 110 GUSTI PANGUNGSÈN KULA

1) Gusti Pangungsèn kula, sèstu gung sih rahmatnya.
Ing sajroning panandhang, lamun bebaya nrajang,
Gusti sung pangluwaran, kula manggih kraharjan.

2) Daya karosan kulawinates wontenira.
Srana pasrah-sumarah mring rèh kwasaning Allah,
kula manggih kabegjan, ngantos dugèng klanggengan.

Donga Pangaken Dosa

PL: Para sedhèrèk, sumangga kita ngaturaken ing ngarsanipun Gusti, sedaya karingkihan, awrating dosa lan sesakit kita, kanthi ngrumaosi karingkihan kita lan agenging sih katresnanipun Gusti ingkang mboten naté kendhat. Kita aturaken sedaya punika ing pandonga, lan kekidungan kita...

KIDUNG UMAT:

U: (Ngidungaken **KPJ 44 : 1-3 "Aku Wong Kang Dosa"**)

KPJ 44 AKU WONG KANG DOSA

1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucékna, srana rahé kang suci.
Reff: Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.
Reff: ...

3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.
Reff.: ...

(umat jumeneng)

Pawartos Sih Rahmat

PS: Wonten ing karingkihan lan apesing gesang kita, ingkang mawujud ing kadosan lan asoring dhiri kita, sumangga sami rumaket dhumateng Gusti lan kita pidhangetaken Panjenenganipun, ingkang paring sabda "*Apa wong wadon bisa lali marang bayiné, nganti ora tresna marang wohing wetengané? Sanadyan iku lali marang anaké, nanging Ingsun ora bakal kesupèn marang sira. Lah sira wus Sungambar ana ing èpèk-èpèking astaningSun, tembok-tembokira iku tansah ana ing ngarsaningSun*" (Yésaya 49:15-16).
Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti, Maha Asih

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Salam Tentrem

PS: Tentrem rahayuné Sang Kristus wonten ing panjenengan

U: **Tentrem rahayuné Sang Kristus ugi wonten ing panjenengan.**

(umat sami jawat asta)

KIDUNG UMAT:

U: (Ngidungaken **KPJ 198 : 1, 3 "Lampahing Gesang Puniki"**)

KPJ 198 LAMPAHING GESANG PUNIKI

1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan méga,
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata
Reff: Bibar jawah mijil kluwung,
mengku janji prasetya;

sasisihing sisah ngantya
kluwunging sih Njeng Gusti.

3) Aywa mangu miwah kwatir, nadyan peteng marginya,
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
Gusti Ingkang Mahatresna, yéku tuking pitulung;
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.
Reff: ...

PALADOSAN SABDA *(umat lenggah)*

- Èpiklése/pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci (déning PS)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Sepisan

L: Waosan sepisan Kitab Suci kawaosaken saking **Wilangan 6:22-27**
Mekaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Jabur Masmur Tanggapan

L: Sumangga kita nanggapi waosan Kitab Suci sepisan kanthi maos Jabur 8 kanthi sesautan.

L: Dhuh Yéhuwah, Gusti kawula, iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi, kamulyan Paduka ingkang ngungkuli langit kakidungaken.

U: **Sarana cangkemipun bayi-bayi lan manungsa. Paduka sampun nalesi kakiyatan margi saking lawanan Paduka, supados mbungkem mengsah tuwin tiyang ingkang watek remen males piawon.**

L: Manawi kawula ningali langit pakaryanipun asta Paduka, punapa déné rembulan saha lintang-lintang ingkang sampun Paduka tata,

U: **manungsa punika punapa ta, dene Paduka èngeti? Punapa ta anaking manungsa punika, déné Paduka galih?**

L: Ewadéné Paduka dadosaken langkung andhap sakedhik katimbang kaliyan titah ing swarga, sarta Paduka makuthani kalayan kaluhuran saha kamulyan.
U: **Paduka kuwaosaken mengku yeyasaning asta Paduka, samukawis sadaya Paduka paringaken wonten ing sangandhaping tlapakanipun:**
L: sakathahipun ménda tuwin lembu, ugi sato-kéwan ing ara-ara,
U: **peksi ing awang-awang saha ulam ing saganten, saha samukawis ingkang langkung ing margining saganten.**
L: Dhuh Yéhuwah, Gusti kawula, iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi.

Waosan kaping kalih

L: Waosan kaping kalih Kitab Suci kawaosaken saking **Galati 4:4-7**
Mekaten Sabdanipun Gusti!
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapethik saking **Lukas 2:15-21**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ugi ingkang ngéstokaken. Haléluya
U: (ngrepèkaken **NKB 223 A**)

223a. HALELUYA

do = f 3 ketuk

1 1 6|5 . 3|1 1 3|2 . .|1 1 3|1 . 6|7 7 2|1 . . ‖
Hale-lu-ya, ha-le-lu-ya, ha-le-lu-ya, ha-le-lu-ya!

Syair dan lagu : Abraham Maraire (Zimbabwe)

Khotbah:
"MIWITI JANGKAHING PAJAGANIPUN GUSTI ALLAH"

Wekdal
Ening

Pangaken Pitados *(umat jumeneng)*
PL: Sumangga kita teguhaken malih pangaken pitados kita ing salebeting kita miwiti jangkah kita ing warsa 2027 punika, kanthi ngrepèkaken **KPJ 122 :1-4 "Kula Pitados".**

KPJ 122 KULA PITADOS

1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti, Yésus Kristus Kang Putra
ontang - anting lan kesasih, Gusti Pamarta kula.

2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.

4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamuwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

Donga Sapaat *(kapimpin déning PS)* *(umat lenggah)*
PS: (Ngonjukaken donga sapaat)

PISUNGSUNG

PL: Lumebet ing warsa 2027 punika, sumangga kita tansah ngènget sih katresnanipun Gusti, Panjenenganipun paring sabda, kados punapa ingkang kaseksèkaken déning Yérémia 17:7-8, *"Binerkahan wong kang kumandel marang Sang Yéhuwah, lan pangarep-arepé marang Sang Yéhuwah! Dhèwèké bakal kaya wit kang tinandur ana ing pinggiring banyu, kang oyod-oyodé mrambat ing pinggiring kali, lan kang ora ngalami tekané panas sumelèt, godhongé ajeg ijo, ora samar ing mangsa ngérak lan tanpa kendhat metokaké woh"*

KIDUNG UMAT:

U: (Ngidungakeng **KPJ 181 : 1-3 "Puji Sokur Konjuk Gusti"**)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paring ingpakaryan,
nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni
sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

3) Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula
neng pamengkuning Allah.

(umat jumeneng)

DONGA PISUNGSUNG

PL: Dhuh Gusti, sumbering gesang lan sedaya berkah, ing wiwitaning warsa énggal punika, kawula sami sowan ngasoraken manah ing ngarsa Paduka. Kanthi raos sokur kawula sami ngaturaken pisungsung kawula, pratandha katresnan lan pangaken bilih sedaya gesang kawula namung wonten ing asta Paduka.

Paduka dhuh Gusti ingkang nuntun lampah kawula, satemah kawula saged mengkeraken dinten-dinten kapengker, Paduka ngangkat kawula rikalanipun kawula ringkih, ngiyataken kawula ing salebeting momotan kawula, lan mbikak dinten énggal kanthi sih katresnan Paduka ingkang mboten naté kendhat. Mila saking punika, saking sedaya ingkang sampun kawula tampi, kawula pisungsungaken malih dhumateng Paduka kanthi manah ingkang kebak ing raos sokur.

Mugi Paduka nampi pisungsung kawula, dhuh Gusti. Paduka sucèkaken lan Paduka agem dados sarana sih, pangajeng-ajeng, lan peladosan dhateng sesami, supados asma Paduka sangsaya linuhuraken ing tengahing jagad punika.

Mugi Paduka karsa memulang dhumateng kawula nglampahi warsa 2027 punika kanthi manah ingkang namung ngener dhumateng Paduka, setya lan masrahaken pangajeng-ajeng kawula dhumateng Paduka, pitados bilih panuntun sih katresnan Paduka mboten badhé nilaraken umat Paduka. Kawula ndedonga ing asmanipun Gusti Yésus Kristus, Ingkang dados Lantaran kawula, ingkang sampun memucal pandonga.... (sesarengan ngidungaken **DONGA RAMA KAWULA)**

KPJ 152 DONGA RAMA KAWULA

Rama kawula kang wonten swarga,
ingkang asma kasucèkna,
Kraton Paduka rawuh,
karsa Paduka klampah ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntena,

kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan kraton lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
Amin, amin

PANGUTUSAN

PS: Sumangga kita jumangkah ing warsa 2027 kanthi santosaning pitados.

U: **Kawula sumadya miwiti jangkah kanthi panuntunipun Gusti Allah**

PS: Sami anduma kabungahan lan pangajeng-ajeng sihipun Gusti Allah dhumateng sesami

U: **Mugi Gusti Allah ngiyataken lan nyagetaken kawula sami**

PS: Sami gesanga dados sedhèrèk ing lampah gesanging sesami, sedhèrèk kanggé sedaya titahipun Gusti

U: **Kawula pasrah dhateng tuntunan kawicaksaning Rohipun Gusti Allah**

KIDUNG UMAT:

U: (Ngidungaken **KPJ 392 : 1,2 "Mugi Sih-Rahmaté Njeng Gusti"**)
KPJ 392 MUGI SIH-RAHMATÉ NJENG GUSTI

1) Mugi sih rahmaté Njeng Gusti lan sihé Allah Sang Rama,
nunggila ing prasudhara, pinanggiha sami basuki
Reff: Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.
Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.

2) Mangsa tamtu silih-gumanti; wanci siyang gantos ratri, swau kita tetunggilan, samangkya kita pepisahan
Reff: ....

PS: Sami nampènana berkahipun Gusti:
Mugi Gusti Allah, Sang Sumber gesang, miwiti jangkah panjenengan (kita) nglampahi warsa punika.
Panjenenganipun ingkang badhé lumampah ing ngajeng panjenengan (kita) nuntun lampah panjenengan (kita)
Penjenanganipun ingkang wonten ing sakiwa tengen panjenengan (kita) ngiyataken manah panjenengan (kita)
Panjenenganipun ingkang ngreksa kanthi sih katresnanipun ing salaminipun.

Mugi Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi sihrahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu

Ing bungah lan sisah, ing gegayuhan lan luhing pagesangan, astanipun Gusti tansah ngreksa lan ngayomi gesang panjenengan (kita), satemah saben lampah ingkang panjenengan (kita) jangkah tansah dados lampah ingkang kebak pangajeng-ajeng, pitados, lan gesang.

Berkah saking Gusti Allah Sang Tritunggal – Sang Rama, Sang Putra, Sang Roh Suci – nganthi lan makuwon ing gesang panjenengan (kita), dinten punika, saben wekdal, lan ngantos salami-laminipun. Amin

U: (ngrepèkaken **KPJ 436 : 1,3 "Gusti Nuntun Lampah Kula**)

KPJ 436 GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA

1) Gusti nuntun lampah kula,
saklangkung nggèn kula begja
Celak miwah tebih ugi,
kula tansah dipun kanthi
Reff: Nggih Gusti kang nganthi kula,

astanya pyambak kang ngreksa
Mila kula manut Gusti,
Juru wilujeng sejati.

3) Gusti nuntun, kula pasrah
klayan nrimah ing satitah.
Sanadyan ta dugèng janji,
kula tansah dipun kanthi.
Reff: ....

[mrks - yfkl]



BAHAN LITURGI
Minggu Épifani
Minggu; 3 Januari 2027

Katrangan:
PS: Pelados Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

Allah ingkang Preduli

ꦮꦺꦴ

PECAWISAN (saged katindakaken kados ingkang sampun lumampah ing pasamuwan sapapan)

- Organis/pianis ngungelaken musik hambekta swasana pasamuwan nyawisaken dhiri mangibadah.
- Pasamuwan ngeningaken manah, nyawisaken dhiri
- Pawartosing Pasamuwan.
- Bèl Pangibadah

TIMBALAN PANGIBADAH (Pasamuwan Jumeneng)

M: Pasamuwan kinasih. Dinten punika, ing Minggu Épifani, kita mandeng katresnanipun Allah ingkang mbongkar tembok singgetan lan mratélakaken dhirinipun dhateng jagad.

U: **Panjenenganipun punika Allah ingkang Preduli, mboten saking katebihan, nanging rawuh piyambak ing sujarah lan gesang kawula.**

M: Ing warsa anyar punika, ing tengah-tengahing kawontenan ingkang mboten gumathok, wonten sawernaning *krisis*, gonjinging jagad, kita kedah mandeng dhateng pundi?

U: **Kawula mandeng dhumateng Sang Kristus, Sang Pepadhang Sejati, ingkang jumeneng dados Jangkaring Iman lan sumbering kekiyatan kawula.**

M: Sumangga medal saking témbok-témbok ingkang sampun ngungkung kita ing *kenyaman*. Sumangga kita pahargya pratélaning dhirinipun Allah lantaran panembah kanthi sakekiyataning jiwa lan raga kita.
U: **Kawula memuji Gusti.**
M: Sumangga manembah dhateng Allah ingkang sampun nuntun gesang kita. Pasamuwan kaaturan jumeneng lan ngluhuraken asmanipun Gusti.

Kidunging Pasamuwan (Pasamuwan Jumeneng)
U: (Ngidungaken KPJ 22: 1-3 "Puji Konjuk Allah Rama")

KPJ 22. PUJI KONJUK ALLAH RAMA

1. Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
   Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.
   Haléluya! Haléluya! Tetiganya sawiji.

(Imam, Pelados Sabda lan Majelis lumebet ing Gedhong Gréja)

2. Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
   nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.
   Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.

3. Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
   wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.
   Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

Votum
PS: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun; ingkang mrenata lintang-lintang ing akasa nanging karsa rawuh nunggil ing antara kita; Inggih Panjenenganipun Allah ingkang ngrerancang kawilujengan kita wiwit purwa mula.
U: (Ngidungaken **Amin… Amin… Amin…**)

Salam

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, nunggila ing para sedhèrèk sedaya.

U: **lan nunggila ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA (Pasamuwan lenggah)

M: Pasamuwan kinasih ing Gusti. Lumebet ing warsa 2027, ing tengahing kawontenan sarwi mboten gumathok, wiwit saking *krisis iklim* ngantos tantangan *krisis* ékonomi; Sabda Pangandikanipun Gusti minggu punika ngekahaken kita. Gusti Allah mboten namung kèndelan, nanging preduli kanthi wetah mulihaken jiwa, raga lan alam raya. Épifani nimbali saben kita medal saking témbok-témbok gréja supados dados seksi sikep predulinipun Allah dhateng manungsa. Sumangga jumangkah nglampahi gesang kanthi manteb krana Gusti Allah ingkang mranata lintang-lintang ing akasa inggih Gusti Allah ingkang nunggil ing lampah gesang kita. Dinten punika kita dipun èngetaken bilih Gusti Allah punika preduli, mboten namung *simpati* saking katebihan, nanging karsa makarya paring pulih kanthi nyata. Rawuh, campur asta ing sujarahipun manungsa. Lan karenan mulihaken sesambetan kita kaliyan Panjenenganipun.

KIDUNG

M: Gusti Allah sampun manjalma dados manungsa. Panjenenganipun gesang lan nyami rupi kaliyan kita. Panjenenganipun ngraosaken rekaosing gesang nanging tetep karsa milujengaken kita. Pramila pantes menawi kita sami memuji asmaNya.

U: (Ngidungaken KPJ 23:1-3 Puji Mring Allah)

KPJ 23 PUJI MRING ALLAH

1. Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa.
   Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
   Pangidungnya klayan bingah ing manah,

nggunggung Gustining pratitah.

2. Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
   Ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
   wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
   tinebus temah waluya.

3. Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
   tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
   dadya dilah, andel-andel satuhu.
   Pujinen lan trusing kalbu!

PENGAKENING DOSA (Litani)

M: Para sedhèrèk, sumangga sami nelangsani dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti.
Dhuh Gusti Yésus, Paduka punika Pepadhang ingkang karsa rawuh ing jagad, nanging kawula kedah ngakeni bilih kawula langkung remen wonten ing pepeteng. Kawula asring ndhelikaken sikep preduli kawula ing salebeting témbok-témbok gréja lan mboten maélu dhateng kasangsaraning sesami.

U: **Dhuh Gusti, muga karsa ngapunteni kawula ingkang égois punika.**

M: Nalika kawula asring dipun kuwaosi raos was sumelang, kécalan pangajeng-ajeng lan kesupèn bilih Paduka punika Allah ingkang ngreksa sagunging gesang. Kawula gagal dados putra-putra Paduka ingkang kekah.

U: **Dhuh Gusti, mugi karsa ngapunteni kawula ingkang kirang pitados punika.**

M: Kawula mbekta kawontenan pasrawungan kawula ingkang kebak tatu, manah kawula lungkrah, lan jagad kawula kebak memala. Mugi karsaa ndhodhog manah kawula srana katresnan Paduka ingkang mulihaken.

M+U: **Wonten ing Sang Kristus, inggih Sang Sabda ingkang manjalma dados manungsa, mugi karsa**

ngapunteni lan mulihaken kawula ingkang dosa. Amin.

Kidung Pengakening Dosa:

M: William Ralph Featherston, Satunggaling pujangga sastra, sampun ngalami pitobat lan mratélakaken larik-lariking seratan bab pangucap sokur dhumateng Sang Kristus. Gusti Yésus sampun nresnani piyambakipun, Gusti Yésus ugi karsa nresnani kita ingkang purun mretobat lan gesang kados ingkang kinersakaken.

M+U: (Ngidungaken **"Sang Kristus 'Ma Asih"** manut lagu **Kidung Jemaat 382**)

SANG KRISTUS MA' ASIH

1) Sang Kristus Ma'asih, nggih Gusti kula
Kula nilar dosa, kagem asmaNya
Sang Juru Wilujeng, 'Tuk-ing katresnan
Tresna sokur kula, saya wuwuha

2) Paduka linangkung, tresna kawula
Mbirat dosa kula, wit wutah rahNya
Nanggel kasangsaran, ning mboten geter
Tresna sokur kula, saya wuwuha

3) Salamining gesang, tansah pinuji
Katresnan kang tulus, lestari tansah
Yèn dumugi janji, nggih yakin èstu
Tresna sokur, saya wuwuha

PAWARTOSING SIH RAHMAT (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Tumrap saben tiyang ingkang kanthi tulus lan asoring manah ngakeni dosanipun ing ngarsanipun Gusti Allah, pirengna pawartosing sih rahmat ingkang sinerat ing **Èfesus 1:7**: *"Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté."*
Mekaten Pawartosing Sih Rahmat saking Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk Gusti**.

(Pasamuwan sami sesalaman lan ngendika: "tentrem rahayuning Sang Kristus wonten ing kita")

KEKIDUNGAN

M: Sedaya ingkang kelampah ing gesang punika dumados awit wonten pawadanipun. Panjenenganipun nembé makarya kanggé kasaénan kita. Sumangga tansah ngucap sokur awit sedaya prekawis ingkang kaparingaken Gusti wonten ing gesang kita.

M+U: (Ngidungaken **KPJ 39 Puji Sokur M'ring Gusti"** kakidungaken rambah **kaping tiga**)

KPJ 39 PUJI SOKUR M'RING GUSTI

Puji sokur mring Gusti, krana tresnanya.
Puji sokur mring Gusti, Haléluya.

PELADOSANING SABDA (Pasamuwan Lenggah)
Pandonga peladosaning Sabda

Pamaosing Kitab Suci
Waosan 1:

L: **Yérémia 31:7-14** Mekaten Sandanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan:

L: **Jabur Masmur 147:12-20** (kawaos sacara sesautan)

Waosan 2:

L: **Éfesus 1:3-14** Mekaten Sabdanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil:

PS: **Yokanan 1:10-18** Mekaten Injilipun Gusti Yésus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken lan nggatosaken Sabdanipun Gusti ing gesang saben dintenipun. Haléluya!

U: (Ngidungaken **"Haléluya"**)

Khotbah: "Allah ingkang Preduli"

Wekdal Ening

Pengakening Iman Rasuli (Pasamuwan Jumeneng)

M: Sesarengan kaliyan para tiyang pitados ing sedaya wekdal lan sadhéngah papan, sumangga kita lairaken malih pengaken kita, inggih Pengakening Iman Rasuli, mekaten...

PANDONGA SYAFAAT

(PS ngonjukaken donga syafaat, lan kapungkasan srana sesarengan ngrepèkaken KPJ 152 Kidung Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M: Minangka pangucap sokur awit anggènipun Allah preduli ngrimat nyawa, raga lan gesang kita, sumangga kita ngaturaken pisungsung kanthi landhesan pangandikanipun saking **2 Korinta 9:7,** *"Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila."*
Sumangga kita misungsungaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken kanthi ngrepèkaken kidung KPJ 34:1-3 "Ulukna Pamuji".

Kidung Pisungsung:

U: (Ngidungaken KPJ 34:1-3 Ulukna Pamuji)

KPJ 34 ULUKNA PAMUJI

1. Ulukna pamuji kanthi trusing ati,
hé titah, mring Gusti Allah kang setya
lan maha mirah; wit sira rinoban berkah.

2. Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira, wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah; wit sira sinung raharja.

3. Aturna panggunggung dalasan pisungsung
mring Allah, hé para umat,
kang setya paring sih-rahmat, tan ngétang dosaning jagad.

M: (Donga Pisungsung lan Panutuping Pangibadah)

(Pasamuwan Jumeneng)

PANGUTUSAN

PS: Sumangga kita sami wangsul ing gesang padintenan wonten ing swasana anyar taun 2027 punika. Sampun ngantos cuwa lan geter krana kahanan ingkang dèrèng gumathok. Kaémuta bilih Gusti Allah ingkang karsa mulihaken nyawa kita inggih sami kaliyan Allah inkang ngreksa raga lan manguwaosi alam raya. Pratélakna anggènipun Allah preduli kanthi tinarbuka dhateng sesama lumantar gesang padintenan kita.

Kidung Pangutusan

M: Timbalan kita minangka para kagunganipun inggih punika martosaken kawilujengan peparingipun dhateng sedaya bangsa. Gusti Yésus sampun mratélakaken kayektosan, katresnan lan tentrem rahayu. Sumangga kita wartosaken, sumangga kita seksèkaken pakaryan kawilujenganipun Allah.

U: (Ngidungaken KPJ 425: 1, 2 Apa Sira Ngupaya Inten)

KPJ 425 APA SIRA NGUPAYA INTEN

1. Apa sira ngupaya inten kanggo makutha?
Ing papan asor nistha, ana inten kang ngantya.
Reff.: Inten-inten miwah retna,
pra manungsa binanda;
yogya linari, ginawa kagem makutha Raja.


2. Tumrap jiwa mbaléla, nyingkur saka Gustinya, undhangna kabar bungah, yéku Injiling Allah.
   Reff.: ...

Berkah

PF: Enerna manah panjenengan dhateng Gusti Allah, lan tampènana berkahipun:
"Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan, Pangéran Yéhuwah nyunari panjenengan srana wedananipun lan maringi panjenengan Sih Rahmat, Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem Rahayu," Amin.

U: (Ngidungaken **NKB 225 "Haléluya! AMIN!"**)

225. HALELUYA! AMIN!



Lagu : Tradisional

[ias - ip]

BAHAN LITURGI
Minggu Baptisanipun Gusti Yésus
Minggu, 10 Januari 2027

Katrangan:
PS.: Pelados Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

"Gusti Allah Rawuh, Mboten Nebih"

ꕥ

PECAWISAN (saged katindakaken kados ingkang sampun lumampah ing pasamuwan sapapan)

- Organis/pianis ngungelaken musik hambekta swasana pasamuwan nyawisaken dhiri mangibadah.
- Pasamuwan ngeningaken manah, nyawisaken dhiri
- Pawartosing Pasamuwan.
- Bel Pangibadah

TIMBALAN PANGIBADAH *(Jumeneng)*

M1: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita mahargya Baptisanipun Gusti Yésus, langit piyak, Roh Suci tumedhak kadya peksi dara, lan wonten swanten saking suwarga ingkang ngendika: "Sira iku Putra kang Suntresnani, kang dadi kaparenging panggalihingSun." Gusti Yésus kabaptis, ngémutaken kita bilih Gusti Allah mboten tebih saking jagad punika. Panjenenganipun tansah rawuh, nunggil kaliyan kita para putranipun ingkang gesang ing salebeting katresnan lan kasetyan. Sumangga kita marek ing ngrsanipun kanthi sesautan maos jabur Masmur 139:7-10

M1: Dhateng pundi anggèn kawula késah nebihi roh Paduka?

U: **dhateng pundi anggèn kawula mlajeng nilar pangayunan Paduka?**

M1: Menawi kawula sumengka dhateng langit, Paduka wonten ngrika.

U: **menawi kawula nggelar patileman kawula wonten ing jagadipun tiyang pejah, Paduka inggih wonten ing ngriku.**

M1: Menawi kawula mabura mawi swiwinipun bangbang wétan, sarta manggèna wonten ing poncoting seganten, ugi wonten ing ngriku kawula katuntun ing asta Paduka, saha kaasta ing asta Paduka tengen.
Gusti Allah Kang Maha rawuh, nimbali kita sami mangibadah.

U: **Kawula sowan manembah dhateng Allah ingkang mboten naté nilar para umat kagunganNya.**

M1: Kita memuji asmanipun Gusti kanthi Kidung KPJ 14:1-3 "**KULA SAMYA TETUNGGILAN**"

U: (Ngidungaken KPJ 14:1-3 Kula Samya Tetunggilan)

KPJ 14 KULA SAMYA TETUNGGILAN

1. Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
   wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
   Reff.: Kula tansah nggunggung Gusti
   lan ajrih asih yekti,
   wit ing ayoming sihira
   sèstu tentrem raharja.

2. Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,
   ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat.
   Reff.: ...

3. Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
   mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah
   Reff.: ...

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah Baptisanipun Gusti Yésus punika kanthi pengaken: Pitulungan kita kang sejati wonten ing Gusti Allah Sang Rama ingkang nitahaken langit, bumi dalasan isinipun; lan ingkang setya netepi prasetyan ingkang sampun kapratélakaken.

U: (ngidungaken: **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA *(Lenggah)*

M2: Para sedhèrèk ingkang kinasih, ing Minggu Baptisanipun Gusti Yésus punika, kita kaémutaken bilih Gusti Allah sanès Gusti Allah ingkang tebih lan ngèndelaken jagad piyambakan. Ing Sang Kristus Yésus, Gusti Allah rawuh ing gesangipun manungsa lan mratélakaken katresnanipun. Nalika Gusti Yésus kabaptis ing bengawan Yardèn, langit piyak lan sabdaning Allah kapireng. Lumantar lelampahan punika, kita pitados bilih Gusti Allah tetep rawuh nunggil lan nimbali kita gesang minangka para putra ingkang dipun kasihi. Sumangga kita tanggapi rawuhipun kanthi manah ingkang kebak sokur lan suka rena.

U: (Ngidungaken **KPJ 140:1-3**)

KPJ 140 SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

1. Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa;
   sing bangsa sanès umatnya ingangkat dados putra,
   tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti.
   Nindakna pakarti luhur, yéku tandha ning sokur.

2. Sih - nugrahaning Pangéran, peparing lelahanan.
   Tan wonten dosa duraka kang datan ingapura.

Nging tyang kang wangkot ing ati, pracaya mung ing lathi,
pinagas saking sih-rahmat, sangsara ing akérat.

3. Sihing Allah sèstu adya, nentremken tyang pracaya
pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga.
Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah.
Asmanipun kaluhurna, samangkya lan slaminya.

PENGAKENING DOSA

PS: Pangandikanipun Gusti ing 1 Yokanan 1: 8 mekaten: "Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha ngapusi awak kita dhéwé lan ora kadunungan kayektèn.". Awit saking punika, sumangga kanthi manah ingkang tulus kita pratélaaken panelangsaning dosa lan pamratobat. Lan sumangga kita ngrepèkaken Kidung KPJ 395: 1,2

U: (Ngidungaken **KPJ 395:1,2**)

KPJ 395 SAWETARA AKU NOLÈH

1. Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang dak tampa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kadhang lelimengan,
nanging Gusti karsa nuntun.
Mulané aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa,
temah rumangsa begja

2. Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadonya.

PAWARTOSING SIH RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Tumrap saben kita ingkang tulus manahipun ngakeni dosanipun, Gusti Allah ingkang setya lan adil karsa ngapunteni sedaya dosa lan ngresiki piala kita. (1 Yokanan 1:9). Kita karukunaken lantaran Gusti Yésus Kristus kados

kacetha ing 1 Yokanan 2:2: “Lan Panjenengané iku kang dadi pangruwaté dosa kita, lan ora ngemungaké dosa kita baé, nanging malah iya dosané wong sajagad kabèh.” Mekaten pawartosing Sih Rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

U: (Ngidungaken **KPJ 125: 1-3**)

KPJ 125 LAMUN KULA MLAMPAH

1. Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
   kula sèstu ngraosken bingah.
   Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
   mring tyang kang pitados satuhu.
   Reff.: Mung sawiji kabegjan sejati,
   nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

2. Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,
   kula nilingken sabdèng Allah.
   Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,
   angger pasrah kang trusing manah.
   Reff.: ....

3. Iba begja kula, sajroning ginodha
   kiniyatken déning sabdanya.
   Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah,
   wit saking sih-rahmating Allah.
   Reff.: ....

PELADOSANING SABDA *(Lenggah)*

PS: (Donga Peladosaning Sabda)

U: (Ngidungaken **KPJ 205:1**; Léktor mapanaken dhiri)

KPJ 205 SABDÈNG ALLAH MAKARTI

1. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
   Kita kang tinimbalan, tampi kawilujengan.

Waosan Sepisan
L1: Waosan sepisan saking **Purwaning Dumadi 1:1-5**
Mekaten Sabdaning Gusti
U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan
L2: Sumangga kita tanggapi sabdanipun Gusti wau kanthi maos **Jabur Masmur 29** secara sesautan.

Waosan Kaping Kalih
L3: Waosan kaping kalih saking **Lelakoné Para Rasul 19:1-7**
Mekaten Sabdanipun Gusti
U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil
PS: Waosan Injil, saking **Markus 1:4-11**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken lan nggatosaken Sabdanipun Gusti ing gesang saben dintenipun. Haléluya!
U: (Ngidungaken **"Haléluya"**)

Kotbah "Gusti Allah Rawuh mboten Nebih"

Wekdal Ening

Pengakening Iman *(Jumeneng)*
M3: Sesarengan kaliyan para tiyang pitados ing sedaya wekdal lan sadhéngah papan, sumangga kita lairaken malih pengaken kita, inggih Pengakening Iman Rasuli, mekaten...
U: (sesarengan nglairaken **Pengakening Iman Rasuli**)

Donga Syafaat *(Lenggah)*
PS: (Ngonjukaken donga syafaat)

PISUNGSUNG

M4: Pratélaning sokur kita, mangga kita landhesi srana pangandikanipun Gusti saking 2 Korinta 9:7, "*Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila.* "

U: (ngidungaken **KPJ 353:1-3**)

KPJ 353 SEMBAH BEKTI WAH PUJI

1. Sembah bekti wah puji konjuk ngarsèng Gusti,
   kang mberkahi gréjanya, temah tansah begja.
   Injil kraton ing Allah ingundhangken sumrambah.
   Asmané kamulyakna déning sagung bangsa.

2. Sagung kidung kamulyan konjuk mring Pangéran
   dalah pisungsung katur tandha saos sokur
   wit pangèhnya nyata dhateng umat kang setya.
   Asmané kamulyakna kanthi trus ing driya.

3. Salir kidung panggunggung konjuk Hyang Maagung,
   kang maring pasamuwan tansah sung pitulung.
   Nadyan panggodha nempah, gréja panggah tan dhawah
   Asmané kamulyakna salami - laminya.

Pandonga Pisungsung *(Jumeneng)*

M4: (Ngonjukaken pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah lan Pandonga Rama kawula)

Kidung Pangutusan (*Jumeneng)*

U: (Ngidungaken **KPJ 417: 1,3**)

KPJ 417 SAURUTING LAKU

1. Sauruting laku kang dakalami,
   Gusti tansah tindak ngrumiyini.
   Mula kang dadi osik ing atiku,
   "Gustiku sèstu setya tuhu!"

Reff.: Salakuku Gusti datan négakken,
klayan setya dènira angreksa.
Ing wusanané, Gusti marengaken
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga.

3. Aku pracaya mring pangrèhé Gusti,
awit gesang langgeng ing astané.
Gustiku kang ngasta soroging swargi
wah nuntun aku mring kratoné.
Reff.: ....

PANGUTUSAN (*Jumeneng)*

PS: Enerna manah panjenengan dhateng Gusti.
U: **Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti.**
PS: Dadosa seksining Sang Kristus.
U: **Puji sokur konjuk Allah.**
PS: Pinujia Gusti Allah
U: **Samangké lan ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: *"Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita), Pangéran Yéhuwah nyunari panjenengan (kita) srana wedananipun lan maringi panjenengan (kita) Sih Rahmat, Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan tentrem Rahayu," Amin.*
U: (Ngidungaken **PKJ 294 "HALÉLUYA! AMIN!"**)

[eh - ip]

Mangsa Advèn Natal 2026

“BAHAN RIYAYA NATAL”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku punika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

BAHAN ADIYUSWA
(Pahargyan Natal Adiyuswa)

L: Liturgos
Prd: Pradata
PS: Palados Sabda

Ginéndhong déning Katresnaning Allah

ꦮꦺꦴ

Nyuwun Kawigatosanipun:

- Pahargyan Natal Adiyuswa punika katindakaken secara luwes lan boten ngedahaken ngginakaken tata pangabekti kados padatan ingkang kaginakaken ing GKJ/GKI.
- Piranti tuwin paraganing liturgi, *fragmen* (pethikan satunggaling lakon), kagiyatan, saha *handmime* (nirokaken kanthi solah bawaning tangan saha praupan) saged kajumbuhaken kaliyan pakulinan.
- Liturgos saged langkung saking setunggal paraga. Tetembungan ugi saged kaéwahi manut pakulinan.
- Para paraga tata pangabekti dedonga sesarengan.

SWASANA TIDHÊM *(Pasamuwan lenggah)*
(Gedhong pamujan kadamel rêmêng-rêmêng, tandha pangibadah énggal kalêksanan)

TIMBALAN NGABEKTI *(Pasamuwan jumeneng)*
(Intro pepujèn kaungêlakên tanpa pangatag. Sasampunipun intro, liturgos lumebet ing gedhong pamujan lan ngaturi pasamuwan jumeneng lajeng memuji sinartan kêplok.)

KPJ 230 KABINGAHAN KANG SEJATI

1
Kabingahan kang sejati sumrambah
sabumi. Ratu Adil sampun prapta,
sinung gesang mulya, sinung gesang mulya,
sinung, sinung gesang mulya

2
Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:
ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.
3
Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
4
Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

CECALANING PANGIBADAH *(Pasamuwan lenggah)*
(*Saged kawaos kanthi dipun sarengi giyaran foto-foto Adiyuswa, brayat, utawi lelampahaning gesang kawiwitan saking bayi dumugi adiyuswa*)

L: Wilujeng pepanggihan ing riyadin natal!
Kadospundi pawartos panjenengan dinten punika?
Rikala taksih alit, kita sedaya mesthi naté dipun géndhong. Rikala kita dhawah, kita dipun géndhong. Rikala ajrih, kita dipun géndhong. Rikala sakit, ugi dipun géndhong. Sesarengan kaliyan mindhaking yuswa, kita wiwit saged mlampah piyambak. Kita nyambut damel, mangun balé-somah, nggulawenthah laré, ngadhêpi kanyataning gesang. Sasampunipun adiyuswa, kanthah piyayi sepuh kepara ngraosaken malih lelampahan kadosdéné rikala taksih alit. Kekiyataning raga suda, kasarasan boten mesthi saé, kalamangsanipun malah kedah gumantung kaliyan tiyang sanès. Ing satengahing kanyatan kados mekaten, Natal dados pawartos ingkang nêntrêmakên: Wonten “Paraga” ingkang boten naté mandhêg nggéndhong kita. “Paraga” punika inggih punika Gusti Allah. Pangandikanipun Gusti ing Yésaya 46: 4, nelakaken: “Nganti sira tuwa Ingsun iki

tetep Panjenengané lan nganti rambutira putih anggoningSun nggéndhong sira kabèh."

"**SAMPAI MASA TUAMU"** ***(sacekapipun)***
https://www.youtube.com/watch?v=OtDPmNJ4oHY

Sampai masa tuamu Aku Yésus tetap Dia
Dan sampai masa putih rambutmu Aku
menggendong kamu.
Aku telah melakukannya dan mau menanggung
kamu trus
Aku mau memikul kamu dan menyelamatkan kamu

Ngantya akèh umurmu, Ingsun tetep Yésus iki
Lan nganti putih rambut sira, bakal tetep Sun-géndhong.
Ingsun pyambak kang murwakani lan bakal nglestarèkaké.
Ingsun sumedya nggèndhèng sira lan nylametake sira.

(Kapertal déning: Pdt. Mardita Ganda Kusuma)

(Pasamuwan Lenggah)

PAWARTOS KABINGAHAN NATAL

Prd: Sami mirengna pawartos kabingahan Natal!
"Aja padha wedi, lan kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal tumrah marang sabangsa kabèh: Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu, yaiku Sang Kristus, kang jumeneng Gusti."

U: Puji Syukur konjuk Gusti Allah!

L: Natal paring pangertosan tumrap kita bilih Gusti Allah nggatosaken *(preduli)*. Gusti Allah boten tebih lan namung makuwon ing swarga. Gusti Allah rawuh ing satengah-gesanging manungsa. Gusti Allah rawuh ing satengahing kabingahan kepara luh. Gusti Allah rawuh rikala kita taksih anèm mekaten ugi rikala sampun sepuh.

U: Kamulyakna Gusti Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu anaa ing bumi.

U: (Ngrêpèkakên) **KPJ 232 KAMULYAKNA**

KPJ 232 KAMULYAKNA

1
Kamulyakna Hyang Maagung
ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan
Kluhurna Allah nèng swarga,
kluhurna Allah nèng swarga!
Tentrem rahayu ana ing bumi,
tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa, ing manungsa
kang sinarjonan,
ing manungsa kang sinarjonan,
kang sinarjonan!

2
Pinujia, pinundhia
Hyang Maagung ing suwarga lan ing bumi.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan
Kluhurna Allah .....
Amin, amin!

PALADOSAN SABDA *(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Nuntun Pandonga Épiklése)

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 2: 1-20**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang ngèstokaken. Haléluya.

U: (*Ngidungaken*) **Haléluya, haléluya, haléluya.**

Khotbah: Ginéndhong déning Katresnaning Allah

Saben tiyang mesthi naté ngraosaken dipun géndhong. Kadospundi raosipun nalika kita dipun géndhong? Pengalaman dipun géndhong ingkang tasih kaémut lan karaosaken dumugi wanci punika kadospundi? *(Kaparingan wêwêngan para adiyuswa – sawetawis – paring pangandikan)* Ing yuswa ingkang sampun adi, rikala kekiyataning raga sampun suda, kasarasan ugi suda, dipun géndhong tartamtu naté karaosaken. *(Palados sabda saged nggiyaraken gambar tiyang sepuh ingkang dipun géndhong.)*



(https://www.facebook.com/UnknownFactsByGenmice/posts/a-touching-moment-shows-a-son-carrying-his-frail-mother-who-can-no-longer-sit-in/1430059075144901/).

Tiyang ingkang dipun géndhong inggih punika tiyang ingkang gumantung kaliyan pambiyantunipun tiyang sanès. Kalamangsanipun rumaos tanpa daya, malah tanpa gina ugi. Ing kanyatan kados mekaten, dinten punika Natal bekta pawartos

bilih wonten "Paraga" ingkang boten naté mandhêg (lèrèn/sumêné) nggéndhong kita, Panjenenganipun inggih Gusti Allah piyambak. Ing Kitab Yésaya 46: 4, Gusti Allah prajanji bilih nganti sira tuwa Ingsun iki tetep nggéndhong sira. Panjenenganipun prajanji boten namung ngancani, boten namung mirsani, ananging nggéndhong kita. Gegambaran punika mirungga sanget. Kadosdéné ibu ingkang nggéndhong yoganipun utawi bapak ingkang manggul, rikala larénipun *kêsêl mlaku*. Inggih kados mekaten anggènipun Gusti Allah mrenahaken pasamuwanipun. Gusti Allah boten ngandika "tumêkèng sira diwasa", ananging "nganti sira tuwa". Punika ngemu teges bilih – sinaosa sampun – tuwa/sepuh sanès wekdal ing kalirwakaken déning Gusti. Malah rikala kekiyatan raganing manungsa sampun suda, katresnan lan panggulawenthahing Gusti Allah ajeg.

Lukas 2: 1 – 20 paring katrangan kadospundi Gusti Allah ingkang rawuh nedya nggéndhong jagad. Panjenenganipun boten namung ngutus malaékat. Panjenenganipun boten namung paring pangandikan saking swarga. Panjenenganipun rawuh piyambak. Punika ingkang kasebat *inkarnasi* (manjalma). Gusti Allah manjalma lumantar sugengipun Gusti Yésus Kristus. Sang Bayi ingkang miyos ing kandhang punika minangka bukti bilih Gusti Allah ngersakaken cecakedan kaliyan manungsa. Natal nedahaken bilih Gusti Allah lumebet ing kasangsaraning manungsa. Gusti Yésus miyos ing kawontenan prasaja. Panjenenganipun wanuh kaliyan kasayahan, tinampik, kasangsaran, kécalan. Awit saking punika Panjenenganipun saèstu mirsa gesanging manungsa. Punika ingkang kawastanan "Belaraosing Gusti Allah".

Ing yuswa adi wonten kathah momotan ingkang asring boten gampil. Kasarasan ingkang sampun suda, kécalan sisihan, para laré ingkang sampun tebih, raos sêpên, winatesing raga, raos sumelang ing wekdal ingkang badhé kelampahan. Natal ngémutakên bilih Gusti Allah boten namung mirsani saking katebihan. Panjenenganipun rawuh, mirengaken, mirsa, lan ngrêgêm pasamuwanipun. Kepara nalika tiyang sanès boten mengertos raosing manah kita sawetahipun, Gusti Allah pirsa

awit Panjenenganipun naté gesang kadosdéné manungsa. Ing ngriku kita saged ngraosaken bilih Panjenenganipun nggéndhong kita.

Wonten tapak suku (tetilas tumapaking suku) ingkang misuwur kanthi irah-irahan *footprints in the sand*. Tetiyang ingkang nggadhahi impèn ningali lampahing gesangipun sesarengan kaliyan Gusti. Ing panjanging gegisik piyambakipun ningali kalih pasang tapak suku. Rikala ing kawontenan rumpil gesangipun, piyambakipun namung nyumêrêpi sapasang suku. Piyambakipun miterang dhumateng Gusti: "Gusti, kénging punapa Paduka nilar kula rikala kula saèstu betahaken Paduka?" Gusti paring pangandikan: "Nggèr, AnakKu, ing wektu kang paling angèl iku, Aku lagi nggéndhong sira." Punika pawartosing Natal. Saged ugi, kita boten tansah saged nyumerepi Astanipun Gusti Allah. Ananging kita saged pitados bilih Gusti Allah boten naté ngeculaken kita.

Minangka adiyuswa kristen, kita kabêrêg: Sepisan, caos sokur awit gêgéndhonganing Gusti ing sauruting gesang. Rikala méngo sawetawis, kita badhé manggihi iba kathahipun pitulunganipun Gusti ingkang nggéndhong kita dumugi wekdal samangké. Kaping kalih, tetep pitados rikala ngadhêpi momotan. Kekiyataning raga pareng suda, ananging katresnaning Allah boten badhé suda. Kaping tiga, dados piranti katresnaning Gusti Allah kadosdéné Gusti nresnani kita lan nggatosaken, pramila kita ugi tinimbalan kanggé nresnani lan nggatosaken sesami adiyuswa, brayat, lan warganing pasamuwan.

Wonten cariyos bab gesang ingkang kadadosan ing Tiongkok bab pawèstri ingkang nggéndhong sémahipun awit saking pangabdèn (*demi pengabdian*). Du Chanyun, satunggaling guru SD ing papan ingkang tebih saking pesisir Propinsi Henan, Tiongkok, ngabdèkakên gesangipun kanggé memucal kawiwitan yuswa 19 taun. Sinaosa asilipun alit, piyambakipun tetep memucal kanthi tumêmên. Ing taun 1990, sasampunipun mamangun gedhung pawiyatan ingkang risak awit galaking jawah lan lésus, piyambakipun lajeng sakit lan ngalami lumpuh (apus sukunipun temah mboten saged

mlampah) ing raganipun sisih kiwa, ingkang dadosaken piyambakipun boten saged mlampah malih.

Ing satengahing kawontenan winates punika, sémahipun, Li Zhengjie, satunggaling pawèstri dhusun ingkang "buta huruf", prajanji badhé nggéndhong sémahipun tumuju papan panyambut-damelipun sadanguning kaprelokaken. Saben dinten piyambakipun ngêtêrakên sémahipun nglangkungi margi ingkang taksih kebak séla, lèpèn, lan papan ingkang bebayani, lajeng wangsul ngrimat brayat lan nyambutdamel ing sabin. Makaping-kaping piyambakipun dhawah, malah naté badhé kéntir sareng sémahipun nalika nyabrang lèpèn ingkang bêna.

Rumaos boten têgêl kaliyan pangupadining sémahipun, Du Chanyun ngrerantam padudon lan nedya megat murih ingkang garwa uwal saking kasangsaranipun. Nalika kekalihipun dumugi Kelurahan, Sang Kepala Désa (Lurah) boten nyarujuki ancas pepisahan kasebat. Panjenenganipun ngendika, "Kula dèrèng naté mrangguli pawèstri nggéndhong jaleripun kanggé nyuwun *prosès* pegat". Wekdal semanten Li namung matur, "Senajan sliramu ora bisa tangi manèh, aku bakal nggéndhong nganti satuwamu!"

Awit kekahing sesambetanipun, Du Chanyun boten naté *bolos* sadanguning mucal pitulas taun. Para siswanipun ngantos lulus 100%, lan kathah ingkang kasil nglajengaken tumuju pawiyatan inggil. Cariyos kekalihipun dados bukti bilih katresnan sejati boten namung bab raos ananging kasetyan ingkang kawujudaken kanthi tumindak nggéndhong.

Natal boten namung cariyos bab wontening bayi ing pamakanan. Natal punika cariyos bab Gusti Allah ingkang rawuh nyaked, ingkang nggéndhong pasamuwanipun, ingkang setya ngirid rikala taksih alit, diwasa, kepara dumugèng adiyuswa. Awit saking punika salebeting natal punika sumangga kita mitadosaken gesang ing ngarsanipun. Awit Gusti ingkang sakawit nuntun lampah kita, inggih Gusti ingkang taksih, badhé, lan tansah nggéndhong kita wekdal punika dumugèng delahan. "Nganti sira tuwa Ingsun iki tetep Panjenengané lan nganti rambutira putih anggoningSun nggéndhong sira kabèh." (Yésaya 46: 4). Amin.

Wekdal Tidhem

Pengaken Pitados *(Pasamuwan jumeneng)*

Prd: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sauruting jaman, sumangga kita ikraraken saha kita kekahaken malih pangakening iman kita, kanthi sesarengan ngucapaken Sahadat Kalih Welas, ingkang mekaten....

U: (Sesarengan ngikraraken **Sahadat Kalih Welas**)

PANDONGA SYAFAAT

(PS nuntun Pandonga Syafaat lan kapungkasan kaliyan Pandonga Rama Kawula ingkang kalagokaken)

PISUNGSUNG PEPUJÈN

PISUNGSUNG

L: Para Sedhèrèk, saged ugi ing antawis kita wonten ingkang menggalih bilih ing yuswa adi punika, boten kathah malih ingkang saged kapisungsungaken. Éwasemanten Gusti Allah boten namung mirsani agenging gunggung pisungsung kita. Gusti Allah ugi nampi sawernining pandonga kita, pengalaman kita, kawicaksanan kita, sumanak kita dhateng sesami, lan kasetyan anggèn kita ngibadah. Sedaya punika minangka pisungsung ingkang aji ing ngarsanipun Gusti. Menawi dinten punika kita kasagedaken atur pisungsung, punika minangka tandha sokur awit Gusti sampun nggulawenthah gesang kita. Sumangga kita misungsungaken raos sokur kita katur Gusti kanthi éklasing manah.

U: (Ngrêpèkakên **KPJ 229 KABINGAHAN KANG SEJATI**)

KPJ 229 KABINGAHAN KANG SEJATI

1

Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti

memuja, misungsung, ngakendosa, lan nyenyuwun,
bingah-bingah trus ing manah.
Sung kabegjan dhateng liyan numrahna!
Raharja wit wus prapta Sang Pamarta.
2
Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan
ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata.
Ngluwarana tyang sangsara wah mbélani tyang prihatin,
mrih samya rahayu, wit Sang Kristus sampun rawuh.
3
Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,
pepanggihan lan pra mitra sesarengan aneng gréja
memuji mring Gusti wah leladi mring sesami,
angrukunna tyang congkrahan wah nyirnakna kamitégan,
ngegungna sih-tresna. Kristus Gusti sampun prapti.

Pandonga Pisungsung *(Pasamuwan jumeneng)*

Prd: (Nuntun pandonga pinsungsung)

Nyanyian Pengutusan

L: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, kita sampun ngriyadinaken natal. Kita kaémutaken bilih Gusti Allah ingkang miyos ing Bèthléhèm inggih punika Gusti Allah ingkang tetep badhé nggéndhong pasamuwanipun. Sami mengkera kanthi tentrem rahayu, nglamapahana gesang panjenengan kanthi pangajeng-ajeng. Tansaha sumunar ing yuswa adi, awit Gusti ingkang nggulawenthah panjenengan ing sakawit badhé tansah nunggil panjenengan. Sumangga kita giyaraken pawartos punika!

U: (Ngrêpèkaken **KPJ 225 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS**)

KPJ 225 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS

1
Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.

2
Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
3
Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
4
Haléluya! Haléluya! Putranipun Allah
sampun miyos ing Bètléhèm. Pinujia tansah!

PANGUTUSAN & BERKAH

PS: Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé; Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu. Amin.

U: (Ngidungaken)
Halé, halé, halé... luya
Halé, halé, halé... luya
Halé, halé, halé... luya
Haléluya, Haléluya!

[eh - mgk]

Mangsa Advèn Natal 2026

“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI” *INTERGENERASIONAL* (kanggé sadaya golongan umur: kaki-nini, bapa-biyung, putra-wayah)

Bahan ingkang kaladosaken ing buku punika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan
ing ngriki.

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI
***Intergenerasional* 1**
(kanggé sadaya golongan umur: kaki-nini, bapa-biyung, putra wayah)

Waosan:
1 Yokanan 4: 16-21

Dipun Tresnani
Kanggé
Nresnani

Waosan:
1 Yokanan 4: 16-21

CECALA
1. Ingkang sami dhèrèk Panyuraos Kitab Suci kapantha-pantha ing péranganing kelompok adhedasar yuswanipun piyambak-piyambak.
2. Ingkang sami dhèrèk Panyuraos Kitab Suci kepareng anepangaken dhiri kalawan ukara, "Kula..., Kula rumaos dipun tresnani nalikanipun... *(ngaturaken satunggaling pandamel utawi kawontenan)*
   Tuladha: Kula Putra, Kula rumaos dipun tresnani nalikanipun nampi panglipur samangsa duhkita.
3. Ingkang sami ndhèrèk panyuraos Kitab Suci mirengaken andharaning panyuraos.

ANDHARANING PANYURAOS
Serat 1 Yokanan 4:16-21 ngandharaken kados pundi sesambetanipun antawisipun nguningani lan ngraosaken katresnanipun Gusti, lan kados pundi katresnan punika kebabar ing sesambetaning sesami. Yokanan mbereg kita sedaya murih mirsani katresnan boten mligi pangraos kémawon ananging ugi minangka jati dhiri lan patraping gesang para pitados. Serat 1 Yokanan 4:16-21 saged kapantha ing tigang pérangan, inggih punika:
1. Étuking Katresnan: Gusti Allah Punika Katresnan (ayat 16 & 19)

Yokanan mratélakaken bilih “Gusti Allah Iku Katresnan”. Katresnan punika boten ngemungaken wewatekaning Gusti Allah ananging wujud lan kanyataning Gusti Allah ing sawetahipun. Awit Gusti Allah punika katresnan, pramila sedaya pandamelipun kabereg lan kalimputan ing katresnanipun kanggé kesaénaning manungsa. Panjenenganipun Gusti ngrawuhaken katresnanipun ing satengahing jagad nalikanipun Panjenenganipun rawuh ing jagad. Katresnanipun Gusti Allah punika katresnan ingkang agapé, katresnan ingkang tanpa pamrih, ingkang sadarmi maringi datan ngajeng-ajeng piwales, murwakani anggènipun nresnani lan kepareng maringi bebanten. Gusti Allah mbabaraken katresnan ingkang agapé lan nimbali manungsa ngraosaken katresnan punika satemah sinten kémawon ingkang nampèni katresnanipun Gusti saged mbagèkaken katresnan punika dhateng asanès. Soroging katresnan inggih punika ngraosaken katresnanipun Gusti. Ayat 19 nélakaken, *“Anggon kita padha tresna iku, amarga Gusti Allah wus ngasihi marang kita luwih dhisik.”* Saèstunipun manungsa punika boten nggadhahi étuking katresnan ing gesangipun piyambak. Anggènipun nresnani mligi awit ngraosaken katresnanipun Gusti Allah langkung rumiyin lumantar pangurbananipun Gusti Yésus Kristus. Kita boten saged maringaken punapa ingkang boten naté kita tampèni lan kita darbèni. Kita kasagedaken nresnani Gusti Allah miwah sesami mligi awit Gusti Allah sampun ngesokaken katresnanipun dhateng kita. Pindha toya ing salebeting tuwung, anggènipun saged mbludag nalikanipun kaèsokan toya ngantos lubèr. Katresnanipun Gusti Allah kedah lubèr murih saged dipun dum-dum dhateng asanès. Inggih namung ingkang dipun tresnani ingkang saged nresnani.

2. Sawabing Katresnan (ayat 17-18)
   Nalikanipun kita saèstu nampèni lan ngraos-raosaken katresnanipun Gusti ingkang milujengaken, sedaya raos ajrih bakal ical. Ayat 17 dan 18 nélakaken: “*Katresnan iku ora kadunungan rasa wedi, katresnan kang sampurna iku*

malah mbéngkas rasa wedi, amarga wedi iku ngandhut paukuman, lan wong kang wedi iku ora sampurna katresnané." Katresnanipun Gusti Allah ingkang sampurna ngéwahi raos ajrih dados kakendelan ingkang nuwuhaken raos mantep lan tanggon nalikanipun sowan ing ngarsanipun Gusti Allah. Sinaosa makaten, taksih kathah tetiyang ingkang ngrungkebi kapitadosanipun klawan ajrih. Badhéa ajrih dipun jeksani, ajrih nampèni bebendu punapa déné ajrih mlebet ing naraka. Yokanan ngémutaken bilih raos ajrih punika ngemot paukuman. Lan sok sintena tiyang ingkang gesang ing salebeting raos ajrih punika, saèstunipun dèrèng mangertosi lan ngraosaken katresnanipun Gusti Allah ingkang sampurna.

3. Wujuding Katresnan: Katresnan dhateng sesami (ay. 19-21) Yokanan ngaturaken paugeraning katresnan, ingkang mbereg para pitados nélakaken kawigatosanipun. Inggih punika, "saben tiyang ingkang nresnani Gusti Allah awit sampun langkung rumiyin dipun tresnani déning Gusti Allah, sageda mujudaken katresnan punika dhateng sesaminipun. *"Manawa ana wong kang muni: "Aku tresna marang Gusti Allah," mangka sengit marang saduluré, iku wong goroh."* Kadospundi kok dipun wastani goroh? Amargi tangèh lamun saged nélakaken katresnan dhumateng Gusti Allah ingkang boten ketingal, menawi boten saged nélakaken katresnan dhateng sesamining manungsa ingkang ketingal? Katresnan dhumateng Gusti Allah lan katresnan dhateng sesami punika pérangan ingkang jumbuh, wetah datan saged pinisah. Katresnaning manungsa manginggil *(vertikal)* dhumateng Gusti Allah kedah kababar ing katresnaning manungsa mangiwa-manengen *(horizontal)* tumrap sesamining manungsa.

Saking panyuraos punika kita sami nggegilut bilih Gusti Allah saèstu mreduli lan nresnani kita. Panjenenganipun boten kémawon Gusti Allah ingkang Maha Agung lan Maha Luhur, ingkang datan ginayuh lan nglangkungi sedayanipun *(transenden)*. Panjenenganipun ugi Gusti Allah ingkang ketingal, ingkang celak, ingkang rawuh sarta sesambetan rapet

kaliyan sedaya yeyasanipun. Katresnan lan kawigatosanipun Gusti Allah kepara nyata ngebèki manah lan gesanging manungsa. Satemah kita kasagedaken mbéngkas sawernining raos ajrih lan sumelang, badhéa ing gesang samangké punapa déné ing tembé. Kayektèn bilih Gusti Allah punika katresnan saèstu nentremaken manah, mirungganipun nalikanipun ngadhepi péranganing gesang ingkang awrat ing dinten samangké, punapa déné raos was lan sumelang menggah gesang ing dinten candhakipun.

Kita ugi kaémutaken murih sampuna mbabaraken katresnan klawan ngendelaken kakiyataning kamanungsanipun piyambak. Mokal anggènipun nresnani lan mreduli asanès menawi kita piyambak boten nyipati lan ndarbèni katresnanipun Gusti ingkang lubèr. Tuwunging katresnan kita kedah kebak ngantos mbludak murih sageda nresnani asanès. Pérangan punika wigatos, awit ing kanyataning gesang, nresnani asanès punika boten gampil. Malah kepara wonten ingkang boten purun lan boten remen dipun tresnani. Mekaten ugi wangkoting manah kita, awit wontenipun pingget lan tatu, temahan ngganggep tiyang ingkang adamel pingget/tatu punika boten pantes dipun tresnani.

Saksampunipun ngraosaken sih katresnanipun Gusti ngantos tuwunging katresnan kita bludag, kita tinimbalan mbabaraken katresnan dhumateng Gusti Allah lumantar nresnani sesami. Samangké kathah tiyang ingkang kasepèn lan ngorong dhateng katresnan ingkang sejatos. Awit pameteking jagad, kathah tiyang ingkang gesang mligi kagem awakipun piyambak, murih lestantun gesangipun, kanthi cara punapa kémawon. Ingkang kantun namung kapentinganipun piyambak, sanès katresnan ingkang sejatos. Awit saking punika, umatipun tinimbalan supados mreduli lan mbabaraken katresnanipun Gusti ingkang tinampi ing gesanging para pitados.

BAHAN PIREMBAGAN

1. Caritakna pengalamaning gesang ingkang nelakaken bilih panjenengan èstu-èstu dipun tresnani déning Gusti?

2. Punapa panjenengan naté ngraosaken boten dipun tresnani déning Gusti? Kados pundi anggènipun ngadhepi raos ‘boten dipun tresnani déning Gusti’?
3. Kados pundi panjenengan mujudaken katresnan dhateng asanès?
4. Pérangan punapa kémawon ingkang njalari panjenengan kangèlan anggènipun nresnani asanès?
5. Upayanen satunggaling tiyang ingkang samangké mbetahaken katresnan lan kawigatosan panjenengan! Pandamel nyata punapa kémawon ingkang badhé katindakaken murih saged mbabaraken katresnan panjenengan dhateng tiyang punika?

[rz - aj]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI
***Intergenerasional* 2**
(kanggé sadaya golongan umur: kaki-nini, bapa-biyung, putra wayah)

Waosan:
Yokanan 1:1-14

Kawigatèn Minangka *"Support System"*

Cecala

Asring kita mireng tetembungan *"Support System"*. *Support system* (*sistem pendukung* utawi piranti ingkang nyengkuyung) inggih punika gegelitaning tiyang satunggal lan sanèsipun, punapa déné etuking kekiyatan (sumber daya) ing sakiwa tengen kita, ingkang sami déné nelakaken kawigatèn lan nyengkuyung satunggal lan sanèsipun. Badhéa ing babagan émosional (kebak pangraos), mental (kawontenaning jiwa) punapa déné pandamel ingkang sanyata. (praktis). Saged dipun jarwakaken, nalikanipun sagolonganing tiyang utawi satunggaling tiyang ingkang mreduli dhateng kita, lan kita ugi mreduli dhateng piyambakipun, saged dipun wastani tiyang-tiyang punika dados *support system* kanggé kita lan kita dados *support system* kagem piyambakipun. Wondéné ingkang dados "*Support System*" kita ingkang sejatos boten sanès inggih punika Gusti Allah piyambak. Gusti Allah ingkang karsa dedalem ing manah kita lan ngraosaken sedaya panandhanging gesang kita. Panjenenganipun Gusti ingkang nresnani lan mreduli dhateng gesang kita. Pandamelipun Gusti Allah ing gesang kita saèstu mratélakaken punapa ingkang dados piwulangipun, katresnanipun lan pandamelipun. Pitakènipun, kados pundi murih pasamuwan, kalebet brayat lan kita sedaya sageda nélakaken katresnan, mreduli lan dados *suport system* kagem sesami? Ing sedaya karibedaning gesang, kados pundi anggèn kita saged mitulungi lan ngluwari asanès saking karibedaning

gesang, malah kepara saged mbabaraken karahayon ing pagesanganing asanès?

Wujuding *support system* tentu kémawon manéka warna. Umpanipun, nélakaken panyengkuyung sacara émosional (kebak pangraos) srana ngupadi papan ingkang nyaman satemah saben panggresahing tiyang saged kapireng. Njalari tuwuhing raos dipun tampi, dipun aosi lan dipun gatosaken. Panyengkuyung sanèsipun saged katindakna srana paring pangènthèng-ènthèng ing momotaning gesang. Saged kémawon biyantoni ing panyambut damel punapa déné maringi waragad. Wondéné panyengkuyung sanèsipun saged kémawon srana andhum informasi (pawarta), maringi wewarah pamrayogi lan informasi (pawarta) sanèsipun ingkang dipun betahaken kanggé ngudhari perkawis/momotan. Makaten ugi pratélaning tembung ingkang saé, ingkang mbangun semangat, punapa déné pangalembana ingkang tulus awit pambudidaya ingkang sampun katidakna, minangka panyengkuyung kawigatosan sanèsipun. Salajengipun, sinten kémawon ingkang saged dados panyengkuyung kawigatosan kita? Punika saged kémawon gegelitaning brayat, sémah-garwa, kadang-mitra, kanca, para-para ingkang limpad ing wewatekan/kapribadèn, kadosta *psikolog* (ahli jiwa), *psikiater* (dhokter ahli ing babagan sakit owah) punapa déné *konselor* (parampara).

Lumantar panyuraos kitab suci dinten punika, kita kabereg murih sageda ngayati klawan tumemen sihipun Gusti Allah ing Gusti Yésus Kristus ingkang kepareng nresnani kita. Jer saèstunipun, Gusti Yésus punika "*support system*" ingkang paling pinunjul. Panjenenganipun ingkang kepareng ngrawuhaken para tiyang ingkang sami nyengkuyung satemah kita sageda tansah nelakaken katresnan dhumateng Gusti. Malah-malah, inggih namung Panjenenganipun, ingkang kepareng dados modhèl (conto) anggèn kita dados "*support system"* nalikanipun merduli lan nélakaken kawigatosan dhateng asanès.

Ngregengaken Swasana & Ringkesing Pangertosan "Njaring Panyengkuyung"

Patraping dolanan/panggladhi: Sedaya ingkang ndhèrèk panyuraos Kitab Suci intergenerasi, sami lenggah mubeng adamel bunderan. Pangarsaning panyuraos kitab suci, ngaturaken satunggal gulungan bolah wol. Tiyang kapisan, nyepeng pucuking bolah lan ngaturaken satunggaling prekawis/perangan ingkang njalari piyambakipun rumaos nampèni kawigatosan saking tiyang ing sakiwa tengenipun. Tumunten, gulunganipun bolah kalawau kauncalaken dhateng sedhèrèk sanèsipun sinambi tetep nyepeng pucukaning bolah. Wusana mangkénipun andhapuk "jaring laba-laba" saking bolah ingkang nyambetaken tiyang satunggal lan sanèsipun.

Ringkesing Pangertosan: Jaring punika gegambaraning *support system*-ipun kita. Tanpa kawigatèn saking sedayanipun, kita gampil anggènipun dhawah.

Pangertosan Ringkes Yokanan 1:1-14

Satunggaling filsuf lan teolog kristen, ingkang pemanggihipun nyawabi ngrebdanipun Kekristenan Barat lan Filsafat Barat, inggih punik Augustinus, naté nyerat "*de Civitate Dei /Kota Allah.*" Wonten ing seratan punika, piyambakipun mundhut kuwatan saking Simplisius, ingkang njlèntrèhaken pemanggihipun filsuf Platonis magepokan kaliyan Yokanan 1:1-5. Ingkang mrayogèkaken, perikop punika kaserata klawan aksara emas jalaran saèstu pangaji utawi istiméwa.

Kacriyos, satunggaling teolog reformator protestan, Francis Junius, ngaturaken paseksi bilih nalika taksih timur, piyambakipun naté kesasar/blasar jalaran piwulanging kapitadosan ingkang manéka warni. Begjanipun, inggih awit sih rahmatipun Gusti, piyambakipun boten sengaja maos ijemaning ayat-ayat punika, wusana mratobat. Pranyata, anggènipun saged maos ayat punika awit Ramanipun Francis pancèn mapanaken Kitab Suci ing papan ingkang padatanipun dipun langkungi déning Franscis. Sanyata élok, nalikanipun maos ayat kitab suci punika, piyambakipun ngraosaken lan nyipati panguwaosipun

Gusti ingkang adamel badanipun sakojur gumeter lan éram. Sanalika mratobat lan ngrasuk gesang anyar saha kumandel ing Gusti Yésus Kristus.

Saèstu dados kawigatosan, bilih tuwuh padudon lan bebantahan ing pirembagan, ing antawisipun para wasis Biblika magepokan kaliyan *inkarnasi* (manjalma) wonten ing Yokanan 1:5. *"Anadéné Sang Padhang nelahi sajroning pepeteng, lan ora kalindhih déning pepeteng iku."* Kasambetaken kaliyan ayat 14, "*Anadené Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita, lan aku wus padha nyawang kamulyané, iya iku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané kang jumeneng Putrané ontang-anting Sang Rama, kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn."* Kamangka kanyatan bab *inkarnasi* (manjalma), ing pundi ngemot kawruh bab "Sang Padhang nelahi ing sajroning pepepeteng" sampun kebabar wiwit dumadosing "pepeteng lan pepadhang" ing Purwaning Dumadi nalika Gusti Allah nyipta langit lan bumi. Temahan, nalikanipun kita sami nggesangaken lampu-lampu natal, satemenipun kita mratélakaken pepadhanging Gusti Allah, ingkang nelahi pepeteng ing jagad. Pramila makaten, sunaring lampu natal dados pratandhaning katresnanipun ingkang sanyata élok. Sinaosa dinten-dinten ingkang kelampahan, wonten pepeteng ingkang nglimputi, pepadhanging Gusti Allah tansah nelahi, mirungganipun ing dinten Natal. Jer Gusti punika mreduli ing jagad ingkang kalimput ing pepeteng.

Salajengipun, Yokanan 1:9-13 ngémutaken malih bilih Gusti Yésus punika Putraning Allah. Panjenenganipun prasetya kepareng badhé tansah maringi pepadhang lan merduli dhateng kita sedaya, pindha kawigatènipun tiyang sepuh/rama tumrap putra-putranipun. Inggih punika anggènipun nggulawenthah lan ngayomi kita, malah kepara dados *"support system"* kita sedaya. Kebabaring prasetyanipun mboten ngemungaken kacihna secara langsung ing manahipun para pitados ingkang ngraosaken tentrem rahayu, ananging ugi andhapuk tentrem rahayu punika lumantar kawigatènipun semah-garwa, tiyang sepuh, para

sedhèrèk lan kadang mitra. Laras kaliyan seratanipun ibu Pdt. Riani Josaphine Suhardja wonten ing katranganipun Tema Bahan MAN (Masa Adven Natal) Taun 2026 punika. Ingkang ngewrat bab "Sabda (Logos) ingkang Ilahi lan langgeng punika sampun kepareng dados manungsa *(egneto)."* Wusana, kerawuhanipun Gusti ingkang nglangkungi pangertosaning manungsa, datan karaos tebih malih, awit sanyata Panjenenganipun pidalem lan makuwon ing antaraning manungsa. Boten namung blegering manungsa kémawon ananging sanyata rawuh ing satengahing jagad. Klawan Jejer "*ALLAH PEDULI*", sampun kepareng maringi wangsulan menggah jagad ingkang kasepèn. Minangka pratélaning kapitadosan ingkang nélakaken kabar kabingahan tumrap jagad, bilih Sang Sabda ingkang manjalma, ngantos samangké taksih rawuh lan dumunung minangka *support system*-ipun kita sedaya.

Pitakènipun, punapa kita sumadya dados *support system*, ingkang migatosaken tetiyang ingkang mbetahaken? Jejer minangka *support system* ateges sumadya dados panjurung pitulung menggah para tiyang ingkang sami kamomotan lan kèmengan. Mekaten ugi menggahipun ingkang pepes lan semplah sarta kécalan pangajeng-ajeng sageda gumregah; tangi lan lumampah malih. Minangka *support system* ateges sumadya nuwuhaken gesang sesarengan asanès jer Gusti Allah piyambak ingkang sampun kepareng ngrembakaken gesang kita. Dados pambereg tumrap sinten kémawon ingkang mbetahaken.

Kados pundi anggèn kita ngetrapaken kawigatosan ing pagesangan saben dintenipun? Minangka kasepuhan, sageda dados pamireng lan pandonga ingkang saé menggahing para kanèman. Kosokwangsulipun, minangka kanèman, sumangga andhum kawruh ingkang munpangati mirungganipun magepokan kaliyan kemajenganing jaman dhateng para sepuh, datan darbèni panganggep ngguroni punapa déné minteri. Murih wedharing pangandika, *"Anadene Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita,.."*(ay. 14) kebabar nyata ing kawigatèn lan katresnan kita. Mirungganipun dhateng

para-para ingkang nandhang duhkita, ngraosaken ajrih, kasayahen lan nampèni mawerni-werni pacobèning gesang. Mugi sageda nyantosakaken gesangipun lan dadosa *support system* ingkang sembada.

Pirembagan & Pandamel Nyata (Beblesaken Bahan ingkang Kasuraos):
Sumangga nélakaken pirembagan menggah pitakèn-pitakèn punika miturut golonganing yuswanipun piyambak-piyambak!

Pitakènan Kagem Para Muda Taruna:
1. Punapa Panjenengan sampun rumaos dipun gatosaken lan dipun tresnani? Ngaturana satunggaling lelampahan ingkang naté dipun alami!
2. Pasinaon pangaji punapa ingkang saged dados piwulang saking lelampahan punika?
3. Pérangan punapa saking para kasepuhan ingkang panjenengan ajeng-ajeng sageda dados *support system* ing gesanging para kanèman?

Pitakènan menggahing para kasepuhan:
1. Tantangan saklangkung ageng punapa ingkang Panjenengan adhepi ing jaman samangké?
2. Kangèlan punapa ingkang Panjenengan raosaken nalikanipun mbangun sesambetan menggahing para kanèman ing jaman samangké?
3. Kados pundi sagedipun para kanèman nelakaken kawigatèn menggahing para sepuh?

Pamawas Wekasan!
4. Menawi brayat punapa déné pasamuwan dados pratandhaning “Kristus makuwon ing antawising manungsa”, kawigatèn kados punapa ingkang perlu énggal katindakna murih gesang ing salebeting *support system*, kebabar ing antawising golonganing yuswa ing brayat punapa déné pasamuwan?

Pandamel Nyata

5. Karsaa nggambar sawijing “Tanduraning Panyengkuyung (*Pohon Dukungan*)” nganggé dluwang karton ingkang ageng. Nyawisana dluwang awujud ron lan nyawisaken ugi pang utawi rèncèk ingkang cacahipun manut gunggunging pasamuwan ingkang rawuh. Paringana wekdal kagem saben pasamuwan mundhut satunggal dluwang ron lan rèncèk kalawau murih karaketaken ing gambaraning “Tanduran Panyengkuyung” sinambi nyerat “Ukaraning Kesanggeman”, murih sageda katitipriksa sedaya ingkang rawuh.

Tuladhaning Ukara:
"Kita datan kendhat badhé ndongakaken putra-wayah ngantos dumugi puputing yuswa.”

"Kita sumadya nilingaken pamireng, midhangetaken sedaya pasambat lan panggresahing para kasepuhan ingkang sami wadul dhateng kita”

Pandonga Panutup (5 Menit)

Paringana wekdal kagem saben tiyang ing golonganing yuswa tartamtu, nélakaken pandonga kagem golonganing yuswa sanèsipun kanthi satunggal ukara kémawon. Umpaminipun satunggaling kanèman ndongakaken para kasepuhan; laré ndedonga kagem tiyang sepuh, tiyang sepuh ndedonga kagem para kanèman. Gilir gumantos ngantos rampung.

Tuladha Pandonga saking laré: *"Gusti Yésus, pamuji sokur konjuk Paduka awit Rama lan Ibu, peparing Paduka.”*

Tuladha Pandonga saking Muda Taruna: *"Gusti Yésus, mugi paringana kasarasan kagem Éyang Kakung lan Éyang Putri, ing salebeting yuswa ingkang sepuh.”*

Tuladha Pandonga Saking Kasepuhan: *"Gusti Yésus, karsaa maringaken berkah dhateng para kanèman ing jaman samangké, temahan tansah setya kumandel ing Gusti Yésus Kristus minangka Juru wilujengipun."*

Nélakaken pandonga ingkang ringkes; satunggal ukara kémawon, murih werdinipun pandonga punika cetha lan trawaca, murih gampil dipun émut-émut lan dipun babaraken!

[lt - aj]



Mangsa Advèn Natal 2026

“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku punika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan
ing ngriki.

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1

Waosan:
Markus 13: 24-37

Payo Jumaga!

1. WÊKDAL SIDHÊM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 15 KULA TUMENGA MRING GUSTI

1
Kula tumenga mring Gusti
kang pinarak ing swarga,
kados mripatipun abdi,
mulat dhateng Gustinya.
Nggih mekaten mripat amba,
mandeng mring Gusti kula,
ngajeng ajeng pitulungan,
ngadhang rentahing sihnya.
2
Mripat amba tansah mandeng
dhateng Allah kawula
kados abdi ingkang nyawang
mring astaning Gustinya
sami ngadhang pitulungan;
saking Kang Sinuwitan;
nggih makaten ingkang abdi
nyadhong piwlasing Gusti.

3. DONGA PAMBUKA

4. PÊPUJÈN NUNGSUNGAKÊN SABDA

KPJ 35 AJA KUWATIR LAN WEDI

1
Aja kuwatir lan aja wedi, awit nèng Gusti
tan kekurangan. Aja kuwatir lan aja wedi,
tamtu tinanggelan.

(*Kakidungaken wongsal-wangsul*)

5. WAOSAN KITAB SUCI: Markus 13:24-37

INJIL MARKUS 13 : 24-37 (JAWA 94)

24 "Sawisé mangsa kasusahan mau, srengéngé bakal dadi peteng, lan rembulan ilang padhangé.
25 Lintang-lintang bakal padha tiba saka ing langit, lan kaanan ing sakurebing langit bakal kisruh ora karuwan.
26 Ing wektu kuwi Putraning Manungsa bakal ngetingal ing méga, ngagem kamulyan lan pangwasa.
27 Panjenengané bakal ngutus malaékat-malaékaté supaya ngumpulaké umaté, sing pinilih saka kéblat papat, yakuwi saka tapel watesé bumi sisih tekan sisihé."
28 "Padha sinaua saka kaanané wit anjir. Menawa epangé padha ijo-ijo lan memes sarta wiwit semi, kowé padha ngerti yèn wis mèh mangsa panas.
29 Mengkono uga, menawa kowé padha weruh prekara-prekara mau kelakon, kowé padha ngertia yèn wis tekan wektuné Panjenengané rawuh.
30 Padha élinga! Wong-wong sing saiki isih urip, bakal isih padha ngalami lelakon-lelakon mau.
31 Langit lan bumi bakal sirna, nanging apa sing Dakkandhakaké ora bakal sirna."
32 "Senajan mengkono, ora ana wong siji waé sing ngerti kapan dinané lan kapan wektuné prekara mau bakal kelakon. Malaékat-malaékat ing swarga ora padha ngerti, lan Putraning Allah uga ora pirsa. Mung Sang Rama waé sing pirsa.
33 Mulané kowé kudu tansah jaga-jaga lan waspada, sebab kowé padha ora ngerti kapan wektuné.

34 Ibaraté kaya wong sing ninggal omahé, lunga menyang papan adoh. Wong mau ndhawuhi abdi-abdiné, supaya ngurus omahé, siji-sijiné padha diparingi kuwajiban dhéwé-dhéwé. Sing dipatah jaga gapura, olèhé jaga supaya sing tumemen.
35 Mulané kowé kudu tansah siyaga, sebab kowé padha ora ngerti kapan mulihé sing duwé omah mau. Bisa uga soré, bisa uga tengah wengi, bisa uga ésuk umun-umun, bisa uga bareng karo mlethèké srengéngé.
36 Samangsa-mangsa sing duwé omah mau teka, aja nganti kowé ketemu lagi turu.
37 Kabèh sing Dakkandhakaké marang kowé iki, uga Dakkandhakaké marang wong kabèh: Padha jaga-jagaa lan sing waspada!"

6. SÊSÊRÊPAN

PAYO JUMAGA!

Pasamuwan ingkang kinasih,

Sabdanipun Gusti dintên punika dados gondhélan kita kanggé methukaken kawontênan ingkang nggêgirisi. Kados ingkang sapunika dipun wastani "*tidak baik-baik saja*." Kados déné tiyang ingkang samekta badhé minggah redi, piyambakipun kedah nyawisaken sangu tetedhan, ngagêm rasukan kandêl kepara nangkis asrêping hawa. Makaten ugi nalika kita nglampahi gesang saha mapag mangsa ingkang badhé dhateng ingkang mboten cetha.

Lajeng pirantos utawi sarana punapa ingkang kita betahaken kanggé ngawékani girising kawontênan punika? Temtu kita kedah siyaga supados sagêd nelukaken émosi (pangraos) lan tanduk (*sikap*) kita menawi dumugi wekdalipun. Kanthi nggadhahi katetepaning manah kanggé nyawisaken dhiri, kita saged nglampahi gesang kanthi kebak kawaspadan utawi kasamaptan ing satengahipun kawontenaning jagad ingkang nguwatosaken (*krisis dunia*), ingkang saweg nemahi gesang saha negari kita.

Kamanuhan (padatan) punapa ingkang sacepet-cepetipun dipun perlokakên dados pakulinan kita sapunika? Temtunipun pakulinan kanggé sesambetan kaliyan Sang Sumbering Kawruh, inggih punika Gusti Allah Rama kita. Pengalaman sesarengan Panjenenganipun saha pitados saèstu bilih Panjenenganipun badhé mitulungi kita saged ndadosaken kita ngalami énggaling tékad saha padhanging manah kanggé tetep gesang saha njenggèlèk sapunika punapadéné bénjingipun.

Ing satunggaling Seratan (buku alit) anggitanipun Anthony de Mello ingkang irah-irahanipun "Jalan Menuju Tuhan," dipun jlèntrèhakên wonten sawetawis tuntunan ingkang saged mbiyantu kita kanggé nggayuh pengalaman kasukman (spiritual) ngraos-raosaken margi ingkang ngênêr Gusti makaten. Kawiwitan saking kawontenan WENING. Kadospundi caranipun? Ing buku alit punika kaserat satunggaling cariyos:

Wontên satunggaling raja ingkang misuwur sowan dhatêng guru kasukman. Ratu punika lajeng ngendika, "Aku iki wong sing ribut banget, akèh ayahané. Tuduhna carané kapriyé aku bisa nunggil karo Gusti! Wangsulana cêkak aos, nganggo sak ukara waé." Lajeng sang guru punika ngendika, "Kula badhé ngaturi satunggal tembung kémawon." Sang raja nyaut, "Tembung apa kuwi?" "Semèdi (Médhitasi)", makaten aturipun sang guru. Kaleresan ing basa Sansèkerta tembung ingkang kaginakaken kanggé médhitasi punika nglimpadi, tegesipun mboten menggalihaken, amargi nglimpadi penggalihan. Dados sang guru punika ngandika, "Médhitasi", sang raja ndangu, "Apa kuwi médhitasi?" aturipun sang guru, "Wening". "Kepriyé aku bisa nemokaké gusti?" Wangsulanipun "Wening". "Lan kepriyé aku bisa wening?". Wangsulanipun, "Médhitasi", "Lan apa médhitasi iku?", wangsulanipun "Wening". (Pirembagan antawisipun sang raja kalayan sang guru punika kapêthik saking buku Anthony de Mello, Jalan Menuju Tuhan, 1996). Dados miturut guru ngèlmu kasukman punika, "wiwitaning

lampah manunggalipun kita kalayan Gusti punika wening, nalika kita saged nyidhêm raménipun penggalih utawi médhitasi utawi nglimpadi penggalihan.

Punapa ingkang padatan dados pambengan dumugi wêning? Ributing pikiran kita déning panggrahita, pitakèn saha anggèn kita menggalihaken menggahing Gusti, punika pambenganipun. Ayang-ayang menggahing Gusti ingkang kraket ing pangraos kita, mambengi kita manggihaken Gusti. Katuran menggalih, wonten laré èstri nèm-nèman ingkang ngajeng-ajeng pikantuk jodho ingkang blegeripun kados bapakipun, nyathis janggutipun, gagah, mempeng panyambutdamelipun saha bantas suwantenipun. Ananging wusananipun laré èstri nèm-nèman wau manggihaken sisihan laré nèm-nèman jaler ingkang prasaja, pawakanipun alit weweg saha sarèh sanget. Nalika laré èstri wau mrusa dhateng laré jaler ingkang dipun panggihaken wau supados mémba bapakipun, mila laré èstri punika mboten saged manggihaken aslinipun laré jaler punika. Karana ingkang wonten ing angen-angenipun inggih punika gagasan menggah blegering bapakipun piyambak.

Pramila, mangga kita nggladhi dhiri kita ing satengahipun wekdal pangantu-antu rawuhipun Kristus malih, kanthi nggegulang wening. Kados pundi ta lampahipun?

Kaping sepisan, émuta bilih Gusti, dèrèng têmtu kados ingkang kita angên-angên. Mila langkung rumiyin kaeculna kraketing manah kita dhateng gegambaranipun Gusti.

Kaping kalih, sumangga wiwit nggegulang maspadakaken, midhangêtaken lan mirsani sadaya prakawis kalayan manah kita. Punika saged dados cara supados kita têtêp wêning saha sarèh nglanggati punapa kémawon ingkang pinanggih ing sakiwa-tengen kita.

Kaping tiga, katuran maos Kitab Suci saking salah satunggal cariyos ing kitab Injil kanthi wêning. Kawaosa péranganing Kitab Suci wau wongsal-wangsul saha mboten kesesa, wijang-wijang saben ukaranipun sinambi kados-

kados kita saweg dumunung wonten ing nglebeting cariyos punika. Lajeng, katuran mbayangaken Gusti Yésus jumeneng ing sangajeng panjenengan, saha ngendikakaken sawetawis bab. Upaminipun, nalika Gusti Yésus ngêndika, “padha melèka!”. Katuran mbayangaken Gusti Yésus ngandika tanpa lantaran dhateng panjenengan. Utawi nalika Gusti Yésus ngandika tanpa lantaran dhateng panjenengan, “Putraning Manungsa rawuh nitih méga kalawan ngagem sakabèhing panguwasa lan kamulyané.” utawi wus cêdhak” “Wis cedhak wektuné.” Lajêng punapa tanggapan panjenengan dhateng Pangandikanipun Gusti punika?.

Kanthi ngulinakaken dhiri midhangetaken saha nanggapi kadosmakaten punika, èstunipun kita saweg nggegulang tetunggilan kaliyan Gusti ing satêngahing kahanan “tidak baik-baik saja.” Saéngga kita mbotên kêli saha mboten dipunkendhalèni déning kawontenaning pakèwed kita, utawi malah dipun-kuwaosi déning pakèwed kita. Ananging kita sagêd sarèh nêtêpi Sabda pangandikanipun Gusti.

Wusana, nalika nalika kita nglampahi wêning sesarengan kaliyan Gusti, kita badhé dipun-samektani kanggé nglampahi gêsang padintênan ing bêbrayatan, paguyuban/patunggilan, ugi masarakat saha kanthi langkung preduli. Punapa kita botên nggadhahi gêgayuhan sagêd dados agènipun Gusti kanggé tumindaking éwah-éwahan ing kawontênan “tidak baik-baik saja” wekdal sapunika? Sumangga kita wêning sawetawis maos sacara pribadi cariyos ing Injil Markus 13 : 24-37. Katuran mbayangaken punapa ingkang badhé dipun ngendikakaken Gusti Yésus saha katuran ngaturi tanggapan pribadi dhateng Panjenenganipun. Para sêdhèrèk dipun sumanggakakên miji satunggal pethikan Sabda ing Kitab Suci ingkang manut pamanggih panjenengan nengsemaken sanget saha kaucapna wongsal-wangsul kados-kados Gusti piyambak ingkang ngandika dhateng kita! Wilujeng wêning ing panganthinipun Gusti.

7. KIDUNG PANGATAG

KPJ 197 KULA SAMPUN SIYAGA

1
Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya. Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

P: Sinambi instrumèn musik kaungelaken, sumangga kita maos sacara pribadi utawi piyambak- piyambak saking Markus 13 : 24-37. Kawaosa mboten kesesa saha wongsal-wangsul. (Kacawisana wekdal sacekapipun kanggé umat maos piyambak-piyambak)

P: Kasumanggakakên miji saha ngeraos-raosakên satunggal pethikan Sabda ing Kitab Suci sinambi mbayangaken kados-kados Gusti Yésus piyambak ingkang ngandika dhumathêng kita. Kalajengakên ngaturaken tanggapan pribadi kita?

(*Menawi kagalih prayogi saha longgar wekdalipun, kasuwuna sawetawis sadhèrèk ingkang rawuh keparenga andum pengalamanipun wening sesarengan kaliyan Gusti*)

8. PANDONGA SAPAAT saha BERKAH

Bakening pandonga sadèrèngipun nglantaraken berkah:

- Nyuwun berkah tumrap para sedhèrèk tunggil pitados ingkang sapuniki kangèlan nindakaken wening sesarengan kaliyan Gusti. (Saged dipun ngendikakaken sawetawis sadhèrèk ingkang panjenengan ajeng-ajeng

saged miwiwit nindakaken wening sesarengan kaliyan Gusti.)

- Nyuwun berkah kanggé para pangarsaning (pemimpining) Paguyuban (patunggilan), Pasamuwan, Negari saha Jagad supados sami saged nindakaken wening manggihaken piwelingipun Gusti wonten ing salebedipun nindakaken jejibahan mangarsani (mimpin).

[gfp - dbp]



BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 2

Waosan:
Yohanes 15:10-11

Kabingahan ing salabeding Kasetyan

1. WÊKDAL SIDHÊM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 421 URIPKU PINDHA PANGIDUNG

1.
Uripku pindha pangidung
sumaos mring Pangéran.
nadyan nèng donya lwih agung
sêdhih lan kasusahan,
nging satêngahing pasambat,
tansah dènya umanggung
pangidungé pra mlaékat.
yogya aku ya ngidung.
2.
Sirnaa saliring bungah
Gustiku datan gingsir
nadyan karoban ing susah,
padhangku tan sumingkir
atiku asukarêna,
dé tan pêgat jinangkung
ing sih rahmaté Sang Rama.
sayogya aku ngidung.

3. DONGA PAMBUKA

4. PÊPUJÈN NUNGSUNGAKÊN SABDA

KPJ 82 LAMUN KULA KASAYAHAN

1.
Lamun kula kasayahan, kamomotan, kemengan;
kula marek dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
2.
Mugi ngirid lampah kula, dhuh Pamarta kang setya,
tinuntuna maring swarga, manggih tentrem-raharja.
Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Yohanes 15:10-11

INJIL YOHANES 15 : 10-11 (JAWA 94)

10 Menawa kowé padha nglakoni pepakon-pepakon-Ku, Aku bakal tetep nresnani kowé. Ora béda karo Aku dhéwé: Sang Rama nresnani Aku, sebab Aku nglakoni dhawuh-dhawuhé Sang Rama.
11 Kabèh iki Dakkandhakaké marang kowé, supaya kowé uga ngrasakaké kabungahan-Ku, lan supaya kabungahanmu dadia sampurna.
12 Pepakon-Ku mengkéné: Kowé kudu padha tresna-tinresnan, padha kaya enggon-Ku nresnani kowé.
13 Katresnan sing gedhé dhéwé yakuwi menawa wong rila mati kanggo nglabuhi mitrané.
24 Yèn kowé padha nglakoni apa sing Dakdhawuhaké marang kowé, kowé dadi mitra-mitra-Ku.
15 Kowé ora padha Daksebut batur menèh, awit batur ora ngerti apa sing lagi ditindakaké déning bendarané. Kowé padha Daksebut mitra, awit kabèh sing Dakrungu saka Rama-Ku wis dakkandhakaké marang kowé.

6. SÊSÊRÊPAN

Kabingahan ing Salebeting Kasetyan

Sih rahmat lan têntrêm rahayu wonten ing kita sêdaya. Punapa manah kita wekdal punika kadunungan kabingahan? Sapérangan manungsa ngalami kangèlan nalika ngrembag bab kasêtyan utawi pambangunturut. Kénging punapa? Amargi kasêtyan punika asring dipun cundhukakên kaliyan pêrkawis tumungkul saha kawontenan teluk. Punapamalih ngèngeti sujarahing bangsa kita nalika samanten ing wekdal pamarintahanipun panjajah Welandi, tatanan pangawulan ngedahaken kita nélakaken kasetyan sawetahipun dhateng ingkang ngasta panguwaos. Malah dumugi sapriki, tatuning manah anggènipun katelukaken saha kapeksa setya sawetahipun, asring dados pepalang kanggé kita ngecakaken wewatoning nyamèkaken hak. Kita kepéngin sanget ngecakaken kamardikan saha tumindak madeg piyambak wonten ing gesang padintenan kita, ananging paham panjajah saha pangawulan taksih karaosaken ing jaman saha abad punika. Pramila ngrêmbag bab kasêtyan, mbêtahakên pangêrtosan ingkang trêp kaliyan kahananing jaman kita sapunika saha ing ngriki.

Kaping sêpisan, kita pêrlu manggihaken pametek-pametek punapa kémawon ingkang taksih ngêrèh utawi ngganggu gêsang kita. Punapa pametek punika angèl kita tanggulangi utawi pametek punika nyirnakaken kabingahan kita.

Kaping kalih, kêdah sadar bilih kita botên gadhah daya amargi “trauma” kala wau. Kita kêpêksa sêtya tuhu ngêtut kawontênan amargi botên gadhah pilian. Tuladhanipun kados laré ingkang dipun dawuhi tiyang sêpuhipun nêdha janganan ingkang dipun cawisakên kanggé njagi kasarasan. Amargi laré punika boten purun nêdha lajeng pikantuk paukuman boten parêng dolan lan botên pinaringan sangu sekolah. Ing ngiki cêtha bilih laré punika botên gadhah daya saking panguaos piyantun sanès ingkang meksa.

Pitakènanipun, kados pundi kita sagêt manggihaken kabingahan ing salebeding kasêtyan tuhu kados déné pangandikanipun Gusti ing waosan sabda ingkang kita tampi?

Ing ayat 10, Gusti Yesus ngêndika “Menawa kowé padha nglakoni pepakon-pepakon-Ku, Aku bakal tetep nresnani kowé.” Pangandika ing ayat punika ngatag kita nêtepi sabdanipun Gusti, boten amargi kêpêksa. Ing ngiriki mboten wonten pangancam, ananging katresnanipun Gusti. Punika ateges, nalika kita setya dhumateng Gusti, kita kapara badhé nampèni katresnan ingkang lubèr saking Gusti. Gusti nresnani mboten amargi Panjenenganipun menggalihaken Dhirinipun piyambak, ananging kanggé kasaénan kita. Gusti ngajak kita supados setya dhumateng Panjenenganipun, mboten amargi Panjenenganipun menggalihaken kapentinganipun piyambak, ananging Panjenenganipun ngersakaken kita gesang ing salebeting kasugihan peparingng katresnanipun Gusti.

Wontên satunggaling prasasti (seratan kekancingan) ingkang umuripun ndungkap 4000 taun (kakinten asalipun saking jaman taun 1990-1650 sadèrèngipun Maséhi) Prasasti punika kawentar minangka Piagam Hammurabi. Isinipun magêpokan angger-angger/pranatan ingkang katetepaken ing jaman krajan Babilonia Kinå. Pranatan ing angger-angger punika mawarni-warni. Kadosta, wonten pangancam ukuman/pidana tumrap tiyang ingkang sekuthon nindakaken kadurakan. Ananging wonten Wursita Ardi (Piwulangipun Gusti Yésus ing Redi), Gusti Yésus ngandharakan angger-angger ingkang bènten. Angger-angger Hammurabi nyerat “mripat winales mripat, untu winales untu” (Jawa 81), ananging Gusti Yésus mulangaken “tiyang-tiyang ingkang kiyat saha ingkang ringkih malah kedah tresna-tinresnan saha mboten angsal nyakiti satunggal kaliyan sanèsipun .....” Piwulangipun Gusti Yésus punika ingkang ngémutaken kita supados kita mboten

ngunder dhateng tumindak wales-winales utawi nedya nindakaken wewales, ananging ngunder dhateng katresnan.

Punapa ancasipun Gusti Yésus ngandharakên piwulangipun punikå? Amargi Panjenenganipun katresnan sêjatos. Gusti Yésus nuntun kita supados gesang sami trêsna-tinrêsnan supados kita sagêd ngraosakên gêsang sesarengan Panjenenganipun tuwin nunggil kaliyan Katresnanipun Gusti. Wonten laré ingkang wangsul saking sekolah, sasampunipun kêsêl playon kaliyan kanca-kancanipun. Nalika dumugi griya, piyambakipun langsung mendhet toya asrêp saking kulkas lanjeng kangombé. Kamangka piyambakipun dèrèng wijik, punapa déné gantos rasukan. Amargi pirsa solah bawå putranipun kados makaten, ingkang ibu ngémutaken putranipun supados dumugi griya mboten lajeng nuju dhateng kulkas saha ngombé toya asrep, ananging wijik asta tuwin sukunipun rumiyin.—Ananging mboten dipunnyana, tanggapaning putranipun keladuk sanget. Ingkang putra punika muring sanget lan njerit, “Ibu iku ibu sing paling ala sadonya amarga ora marengké aku sing lagi ngelak iki ngombé!” Punapa lêrês wicantenipun ingkang putra punika? Punapa ingkang kita penggalihaken menggah ingkang putra wau? Ingkang putra sajakipun dèrèng paham bilih anggêr-anggêr utawi pranatan punika kadamel supados ingkang putra saged nikmati toya ès kanthi langkung nikmat awit ajêg bagas waras tinêbih saking sawernining sesakit.

Ing ngriki Punika ateges ingkang ibu ngasta pranatan, amargi ingkang ibu wau sampun nggadhahi dhasar saha ener ingkang saé tumraping pranatan ingkang dipun-damel. Ananging ingkang putra nampik kanggé setya, amargi ingkang putra punika mboten mangertos dhasar tuwin enering pranatan ingkang kadamel ibunipun. Ing kawontenan kados makaten, punapa ingkang perlu katindakaken ingkang ibu? Ing wêkasan ingkang ibu nerangaken dhateng putranipun menggah wigatosipun njagi karesikan kanggé kasarasanipun ingkang putra saha brayat. “Nresnani awak kawiwitan kanthi njaga karesikaning dhiri,

Nggèr!". Alantaran maringi pangertosan kados mekatên wau, ingkang putra sajakipun saged nangkep ener ingkang saé ing suwaliking satunggaling pranatan.

Lelampahan punika ugi sagêd kelampahan wonten ing dhiri kita ingkang nembé mbudidaya supados setya. Kanthi mangêrtosi punapa kêrsanipun Gusti ingkang prayogi tumrap satunggaling pranatan, kita mboten malih rumaos bilih pranatan punika satunggaling momotaning gêsang kita. Kosok-wangsulipun, menawi kita netepi pranatan punika, mila kabingahan saha katresnan badhé kita raosaken.

Sumangga kita raos-raosaken, pranatanipun Gusti ingkang kadospunapa ingkang angel kita èstokaken? Menawi pun raos-raosakên, punapa ingkang dados pambengan nêtêpi anggêr-anggêripun Gusti? Gusti ngersaakên kita tukhul ngrêmbaka ing wêwêngkonipun Sang Kristus. Mliginipun dumugi pundi kita purun nêtêpi dawuhipun Gusti? Gusti mberkahi.

Kanggé mungkasi panyuraos punika, sumangga kita ngraos-raosaken satunggal pitakénan: Kala punapa ingkang pungkasan piyambak, panjênêngan ngraosaken bingah nalika nêtêpi dhawuhipun Gusti? Amin.

7. PITAKÈN PIREMBAGAN

Kala punapa ingkang pungkasan piyambak panjenengan setya (mituhu) dhateng Gusti saha ngraosaken mongkog krana netepi dhawuhipun Gusti kanthi setya punika? Katuran nyariyosaken pengalaman punika dhateng sedhèrèk patunggilan ingkang pinarak sisih tengen panjenengan.!

8. KIDUNG PANGATAG

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

1
Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.
Reff.: Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.

Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

4
Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngèstokken dhawuh èdi;
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani
Reff.: ...

9. PANDONGA *SYAFAAT*

Kita dongakaken sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang dèrèng mongkog lan bingah nalika netepi dhawuhipun Gusti, supados sedhèrèk-sedhèrèk kita punika wau ngraosaken katresnanipun Gusti saha malah mangertosi bilih Gusti punika kagungan ancas ingkang saé kanggé gesangipun.

10. KIDUNG PUNGKASAN

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

1
Tyas kita dimèn slamanya
bungah lan sukarêna,
déné Sang Rama ing swarga
nganggep putra mring kita.
Reff.: Mara tansah abêbungah
sabên dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang,
mara tansah dèn girang.

2.
Hyang Agung kang njangkung kita,
rinêksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur,
paring kuwat-santosa.
Reff.: ....

[rdl - dbp]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3

Waosan:
Yohanes 1:6-8; 19-28

Madeg Ingkang mBekta Pawartos Kabingahan

1. WÊKDAL SIDHÊM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 178A PASRAH SUMARAH MRING GUSTI

1.
Pasrah-sumarah mring Gusti, pangayoman kang sejati.
Uripmu tansah rinimat, wit Gusti gunging sih rahmat.
Waspadakna makluk wrata, karoban ing sih lan piwlasnya,
wah saliring butuhira pinaringan ing sacukupnya.
2
Pasrah-sumarah mring Gusti, mrih ayem-tentrem ing ati
Bungah-susah, sugih-mlarat memuji Gusti tan kendhat.
Udinen kratoning swarga wah sagungingka sampurnannya,
temahan sira nyipati panganthi panunggiling Gusti.

3. PANDONGA BEBUKA

4. PÊPUJÈN NUNGSUNGAKÊN SABDA

KPJ 133 PRACAYA LAN PASRAHA

1.
Pracayaa lan pasrah mring Allah Makwasa,
salir prihatinira tamtu énggal sirna.
Ngambah margining Gusti sira dèn berkahi,
tansah antuk kabêgjan, datan kawirangan.
2.
Lamun sira nggrêsula, iku tanpa guna;
tuwas muwuhi susah, angêdohkên bungah.

bêcik nitèni bêrkah peparingé Allah,
mrih salir sêdyanira tinuntun sêmbada.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Yohanes 1:6-8;19-28

YOHANES 1 : 6-8: 19-28 (JAWA 94)

6 Gusti Allah ngutus utusané, jenengé Yohanes.
7 Tekané Yohanes nggawa pawarta bab Sang Pepadhang mau marang wong kabèh, supaya wong-wong padha precaya marang Sang Pepadhang.
8 Yohanes dhéwé dudu Sang Pepadhang, awit tekané Yohanes didhawuhi nyritakaké bab Sang Pepadhang.
19 Para penggedhéné wong Yahudi ing kutha Yérusalèm kongkonan imam-imam lan wong-wong turunané Lèwi marani Nabi Yohanes, dikon takon marang nabi mau: "Panjenengan menika sejatosipun sinten?"
20 Nabi Yohanes emoh goroh, Panjenengané kanthi barès ngandika: "Aku dudu Sang Kristus."
21 Pitakoné wong-wong mau: "Menawi mekaten, lajeng Panjenengan menika sinten? Menapa panjenengan menika Nabi Élia?" Wangsulané Nabi Yohanes: "Dudu." Pitakoné menèh: "Menapa panjenengan menika Sang Nabi?" "Uga dudu," mengkono wangsulané Nabi Yohanes.
22 Wong-wong mau padha pitakon menèh: "Menawi mekaten panjenengan kersaa blaka, panjenengan menika sinten, supados kula saged nerangaken dhateng tiyang-tiyang ingkang kèngkènan kula mriki."
23 Nabi Yohanes nuli mangsuli nganggo ayat saka Kitabé Nabi Yésaya: "Aku iki swara sing ngumandhang ana ing ara-ara samun: 'Dalan sing kagem Gusti padha ratanen!'"
Ing antarané wong-wong sing padha takon mau ana sing dikongkon déning wong Farisi.
24 Wong-wong kuwi padha takon marang Nabi Yohanes: "Menawi panjenengan sanès Sang Kristus, sanès Nabi

Élia, utawi nabi sanèsipun, menapa sebabipun panjenengan mbaptisi tiyang?"
25 Wangsulané Nabi Yohanes: "Aku mbaptis nganggo banyu, nanging ing antaramu ana Wong, sing kowé ora wanuh.
26 Wong kuwi tekané samburiku, nanging nguculi taliné trumpahé waé aku ora patut."
27 Iki kedadéané ana ing désa Bètani, ing sisih wétané Kali Yardèn, yakuwi panggonané Nabi Yohanes mbaptisi wong-wong.
28 Iki kedadéané ana ing désa Bètani, ing sisih wétané Kali Yardèn, yakuwi panggonané Nabi Yohanes mbaptisi wong-wong.

6. SÊSÊRÊPAN

Madeg ingkang Mbekta Pawartos Kabingahan

Mangså Adven ngèngetaken kita dhateng satunggaling tembung inggih punika kabingahan. Ananging, nalika kita mirsani pagesangan wekdal sapunika: kebijakan perang dagang global, transisi kepemimpinan nasional énggal, bencana banjir bandhang saha cuaca ekstrem ingkang nempuh sawetawis wilayah regional ing negari kita, mindhakipun reregèn, mandhapipun regi saham, sajakipun saged nyirnakaken kabingahan kita. Dèrèng malih daya pangaribawa saking sadaya wau, wonten ingkang kuwatos kaliyan padamelanipun, kasarasanipun, kawontenan ingkang badhé dhateng tumrap putra-putranipun, kawontenaning ékonominipun, utawi malah kasepèn wonten ing gesangipun. Punapamalih ing jaman kita sapunika, kita kanthi gampil nampèni sebaraning pawartos awon tinimbang pawartos-pawartos saé ingkang nentremaken.

Ing satengahing kawontenan ingkang kados mêkaten, Sabdanipun Gusti dinten punika nepangaken

dhateng kita satunggaling tiyang ingkang monjo, asesilih Yohanês Pambaptis. Injil Yohanês ngandika: ”Rawuhé dadi seksi, kapatah neksèni bab Sang Padhang”. Punapa werdinipun? Yohanes rawuh ing jagad punika, mboten supados dados pusering kawigatosan. Nalikanipun tiyang-tiyang sami mundhut pirsa dhateng Yohanes menggah “sinten dhirinipun”, Yohanes babarpindhah mboten katingal mecungulaken dhirinipun minangka tiyang ingkang monjo. Yohanes namung ngandika bilih dhirinipun punika “swarané wong kang nguwuh-uwuh ana ing pasamunan.” Jejibahanipun êstu prasaja, inggih punika nedahaken dhateng jagad bilih Sang Kristus punika Pepadhanging Jagad, saweg saha sampun rawuh. Punika katindakaken déning Yohanes amargi Yohanes mangertos saèstu gagasan menggah dhirinipun. Yohanês ~~mangertos~~ ngrumaosi bilih piyambakipun sanès pepadhang ingkang sayektosipun, ananging “seksi tumrap Sang Pêpadhang”

Inggih ing ngriki kita manggihaken timbalaning umatipun Gusti ing mangsa Advèn. Kita punika sanès pusering jagad punika, ngantos kita piyambak ingkang kedah unggul saha kasil. Kita punika tiyang-tiyang ingkang nampèni kabar kabingahan menggah Sang Kristus ing madhangi jagad saha kita. Saha salajengipun, Gusti ngêrsakakên supados kita nyebar pawartos kabingahan punika dhateng jagad. Pitakènipun, lajêng kados pundi kita saged nerasaken kabingahan punika menawi kita dèrèng nggadhahi kabingahan wau?

Ing Kitab Prajanjian Ênggal, tembung “bingah” asalipun saking Basa Yunani “**chara**”.

Ingkang negsemaken, tembung punika asalipun saking tembung wod ingkang sami kaliyan tembung “**charis”** ingkang têgêsipun sih rahmat utawi ganjaran (peparing). Punika ateges kabingahan sejati mijil saking pengalaman nampèni sih-rahmatipun Gusti Allah. Kabingahanipun tiyang Kristen bènten kaliyan namung raos remen utawi bingah amargi bab ingkang saking sanjawining gesang kita. Ing pundi kita namung saged bingah utawi

remen nalika kawontenan kita saé saha tiyang-tiyang ing sakiwatengen kita saé tangkepipun dhateng kita. Kosokwangsulipun, kabingahan ingkang saking Gusti, badhé kita gayuh sinaosa kawontenan kita dèrèng wonten éwah-éwahan saé, amargi kita pitados Gusti Allah rawuh saha makarya.

Yohanês Pambaptis langkung rumiyin sampun ngraosaken pengalaman punika ing satengahing pametek, ingkang dipun adhepi ing sauruting lampah paladosanipun. Ing Yohanes 3 : 29, “Iya iku kabungahanku lan kang kaya mangkono iku saiki wus katutugan.” Kénging punapa Yohanes tetep saged bingah ing salebedipun kawontenan ingkang kebak pametek? Yohanes bingah mboten amargi panjenenganipun saya misuwur utawi pikantuk pandhèrèk/murid. Kosokwangsulipun, sanadyan paladosanipun Yohanes saya wiwit kathah pangancam, pandhèrèkipun saya kirang amargi sami ndhèrèk Gusti Yésus, raos bingah (chara, charis) saking Gusti tetep panggah wonten ing dhirinipun Yohanes. Punapa ingkang njalari raos bingah (chara) ipun Yohanes panggah? Yohanes tetep nggadhahi pawadan kanggé bingah amargi Sang Mésias ingkang kawartosaken saha ingkang dipun anti-anti, èstu rawuh dhateng jagad. Punika mboten ateges Yohanes rumaos kasil sacara pribadi menggahing pakabaranipun, ananging amargi rawuhipun Sang Kristus ing manahipun saha ing jagad punika ingkang ndamel piyambakipun tetep bingah. Punika ugi ingkang kedah kita riyayakaken ing mangsa Advèn punika.

Marupi-puri pamatek sampun saged kita ~~luwari~~ tanggulangi ngantos sapriki. Ananging ênêring gesang kita mbotên kadospundi nyirnakaken pametek punika, ananging kados pundi kita tetep panggah ngantu-antu tedhakipun Sang Kristus ingkang ngasta Pêpadhang dhateng jagad ingkang peteng wekdal sapunika punapadéné ingkang badhé dhateng. Sabab kanthi pitados bilih Gusti sampun saha badhé rawuh ngasta pêngajêng-ajêng, punika ingkang nyingkiraken pupusing manah kita. Gusti saèstu

ngasta kabingahan dhateng manah ingkang sayah. Panjenenganipun sembada maringi pangajeng-ajeng dhateng ingkang semplah. Pangandikanipun Gusti saged nyantosakaken saha mbekta tumindak ngénggalaken ing salebeting dhiri kita.

Sumangga kita bayangaken satunggaling brayat ingkang saweg nengga ing sanjawining kamar operasi ing griya sakit. Tiyang-tiyang ing brayat punika sumelang, ajrih, saha mboten mangertos punapa ingkang badhé kelampahan. Nalika dhoktêr miyos lan ngendika: "Operasinipun kasil," temtu perkawising sesakitipun ingkang sakit punika dèrèng sawetahipun rampung. Ingkang sakit taksih kedah nglampahi prosès pamulihan ingkang panjang saha taksih nglampahi pepriksan sanèsipun kanggé mesthèkaken kasarasanipun. Ananging punapa ingkang dipun ngendikakaken déning dhoktêr punika sampun dados kabar kabingahan tumraping brayat wau.

Inggih kados mêkaten punika ingkang dipunlampahi déning Yohanês Pambaptis, piyambakipun rawuh murugi umat ingkang pêpês amargi nêngga saha kécalan pangajeng-ajeng. Piyambakipun rawuh mbekta pawartos: "Sang Pepadhang sampun rawuh. Sang Mésias tedhak wontên ing satêngah-tengahipun panjênêngan sadaya." Pawartos punika piyambak, sampun ngéwahi raos ajrih dados pangajeng-ajeng saha ngéwahi raos sumelang dados kabingahan.

Mbok bilih ing antawisipun kita dèrèng manggihaken margining pangluwaran saking pakèweding gesang padintenan. Ananging Gusti tansah nimbali supados kita dados tiyang ingkang ngastå kabar kabingahan. Gusti ngêrsakakên supados kita ningali lan pitados bilih Gusti Sang Pepadhang sawêg rawuh lan sampun têdhak nerangi gêsang kita ingkang dipun kupêngi pêpêtêng. Panjenenganipun rawuh saha nimbali kita, mbok bilih sanès dados juru khotbah kados déné Yohanês, ananging Panjenenganipun nimbali kita kagêm nyeksèkakên

pengalamaning kapitadosan kita ingkang pitados bilih Sang Pepadhang sampun saha badhé rawuh madhangi kita. Panjenenganipun nimbali supados kita nampêni kabingahan ingkang kaparingaken saking Swarga. Saha Panjenenganipun nimbali kita kanggé nyariyosaken kabingahan dhateng jagad supados ngiyataken tiyang-tiyang ingkang saweg gulet ing salebeding kasisahan tuwin karibedanipun. Punapa ingkang badhé kita tindakaken kanggé nyebaraken kabar kabingahan punika?

Ing mangsa Advèn punika, Gusti nimbali kita supados nindakakên pêrkawis ingkang katingalipun prasaja ananging nggadhahi makna. Gusti preduli dhateng kita, mila kita ugi katiimbalan supados pêrduli utawi nggatosakên sesami. Kita saged nuwèni para sedhèrèk ingkang gerah lan nandhang duhkita ing wekdal ndungkap riyadi Natal punika. Kita ugi saged dados kanca ingkang purun mirengaken kanthi saé tumrap sedhèrèk ingkang nandhang sepi mamring (kasepèn), utawi kita ugi saged nyariyosaken pengalamaning kapitadosan kita tumrap tiyang-tiyang ingkang saweg semplah manahipun. Pilihan wonten ing kita: punapa kita badhé ngraosakên kabingahan punika piyambakan, utawi nalika kita ngalami kabingahan saking Gusti, kita tumuli jenggèlèk babar kabingahan kadosdéné Yohanes Pambaptis lan wantun dados swantên ingkang nyêksèkakên Sang Kristus, Sang Pepadhanging jagad raya. Amin.

7. KIDUNG PANGATAG

KPJ 426 APA SIRA NGUPAYA INTEN

1.
Apa sira ngupaya inten kanggo makutha?
Ing papan asor nistha, ana inten kang ngantya.
Reff.: Inten-inten miwah retna, pra manungsa binanda;
yogya linari, ginawa kagem makutha Raja.

2
Tumrap jiwa mbaléla, nyingkur saka Gustinya,
undhangna kabar bungah, yéku Injiling Allah.

Reff.: ....

8. PANDONGA *SYAFAAT*

- Caos sokur awit Sang Kristus kersa rawuh ngasta pepadhang saha kabingahan.
- Ndongakaken sedhèrèk-sedhèrèk ingkang saweg kécalan pangajeng-ajeng amargi wontenipun geguletaning manah ingkang bènten-bènten, supados saged ngelengaken anggènipun ngantos-antos kabingahan saking Gusti.
- Nyênyuwun mugi Gusti kêrsa ngagêm pasamuwan ugi umat sêdaya dados pirantos kanggé babar kabingahan sejatos ingkang sumberipun saking Gusti.
- Nyênyuwun mugi ing mangsa Advèn punika, dados wewengan supados para umat saged ngraosaken kapredulènipun Gusti Allah awit saking rawuhipun Sang Kristus saha Katresnanipun, tuwin nerasaken katresnanipun Gusti punika wau dhateng jagad.

9. PASÊKSÈN

Nyuwuna keparengipun salah satunggaling warga pasamuwan ingkang rawuh kersaa paring pakêksèn bab sih rahmating kabingahan ingkang sampun dipun tampèni sinaoso taksih nggadhahi karibedan ing gesangipun ngantos dinten punika.

10. KIDUNG PUNGKASAN

KPJ 230 KABINGAHAN KANG SEJATI

1
Kabingahan kang sejati sumrambah
sabumi. Ratu Adil sampun prapta,
sinung gesang mulya, sinung gesang mulya,
sinung, sinung gesang mulya

2
Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:

ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.
3
Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
4
Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

[eh - dbp]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4

Waosan:
Lukas 1:26-28

Pandonga punika Pilihan

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 34:1-4 ULUKNA PAMUJI

1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati
hé titah mring Gusti Allah
kang setya lan mahamirah,
wit sira rinoban berkah.

2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.

3. PANDONGA

4. KIDUNG

KPJ 231 KADOS PUNDI DHUH GUSTI

1) Kados pundi dhuh Gusti nggèn kula sung urmat
methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra jalma,
tumut nandhang sangsara ngrembat kasusahan
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

3) Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya.
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa?
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 1:26-28

6. RENUNGAN

"Pandonga punika Pilihan"

Satunggaling laré apitakèn, "Bu kénging punapa kita kedah ndedonga sadèrèngipun nedha?" Pun Ibu paring wangsulan kanggo caos sokur awit berkahing Gusti. "Menawi nedha cilok kaliyan nedha jajanan, kedah ndedonga ugi mboten bu?" Pun Ibu bingung anggènipun mangsuli. Kados pundi miturut Bapak/Ibu/lan kanca-kanca sedaya? Kapan kita prelu ndedonga lan kapan kita mboten prelu ndedonga? Pitakènan punika saged dados réflèksi kanthi pangretosan bilih pandonga punika sanès satunggaling bab ingkang kedah katindakaken, nanging pandonga punika pilihan. Kita gadhah kebébasan ndedonga utawi milih mboten ndedonga ing saben péranganing ngagesang. Lantaran pilihan-pilihan punika, jati dhiri kita badhé ketingal kados pundi sesambetan kita kaliyan Gusti Allah. Asring mbotenipun kita ndedonga mboten nélakaken caket lan mbotenipun kita kaliyan Gusti Allah, nanging kwalitas manahipun ingkang ndedonga nélakaken mutuning iman kita ingkang mboten purun ical saking ngarsanipun Gusti Allah.

Pandonganipun Maryam punika pilihanipun Maryam. Kénging punapa Maryam ndedonga lantaran pepujian? Rak Maryam mboten mbetahaken pandonga? Maryam nembé kémawon pinanggih kaliyan malaékat lan ing guwa garbanipun Maryam sampun wonten janin ingkang Ilahi inggih punika Gusti Allah pribadi. Maryam sampun nampi sih-rahmatipun Gusti kanggé nampi gesang

wonten ing salebeting tentrem rahayu lan berkah. Kanggé punapa malih Maryam ndedonga? Gusti Allah ingkang kebak ing kuwaos punika sampun gesang ing raganipun Maryam tanpa ndedonga lan nyenyuwun dhumateng Gusti Allah. Lan menawi Maryam mboten ndedonga, punapa janinipun Gusti Yésus nilar guwa garbanipun? Maryam gadhah pilihan mboten ndedonga, nanging Maryam milih tetep ndedongaa dhumateng Gusti. Bab punika nélakaken bilih pandonga lan pepujianipun Maryam sanès namung satunggaling rutinitas, nanging pandonga lan pepujianipun kanthi tulus mijil saking prentuling manahipun.

Kita tepang Maryam minangka pribadi ingkang tulus lan alus. Katulusan punika saged kita tingali saking alusing pituturipun Maryam lan saking pepilihaning pitembungan nalikanipun memuji lan ngluhuraken asmanipun Gusti. Éwasemanten, kita ugi saged ningali sisih sanès ing pandonganipun Maryam. Maryam kendel sanget mratélakaken pikiranipun, temah pandonganipun mboten namung isi kapentinganipun piyambak nanging ugi nélakaken bab-bab ingkang asipat politis ingkang dipun alami ing gesanging padintenanipun. Bab punika dipun *konfirmasi* (kekahaken) déning kathah ahli ingkang nélakaken bilih Injil Lukas panci katujokaken dhateng panguwaos Romawi ingkang wekdal semanten nguwaosi Israèl. *Kritik sosial* ingkang dipun pratélakaken déning Maryam ing pandonganipun, kebak déning risiko, punapa-malih menawi golonganing péhak panguwaos manggihaken seratan pandonganipun Maryam punika. Kanthi tegas Maryam nélakaken bilih Gusti pribadi ingkang badhé nglorod tiyang-tiyang ingkang kuwaos saking kalenggahanipun (ay 52), lan wong kang sugih padha tinundhung legèh (ay. 53). Maryam ugi nélakaken anggènipun suka kawigatosan dhateng tiyang ingkang keluwèn (ay. 53) lan tiyang ingkang asor (ay. 52).

Pratélaning Maryam punika landhep sanget menawi kaserat ing wekdal semanten. Senadyan Maryam ngraosaken sokur lan ngulukaken pujian, Maryam mboten

kesupèn nélakaken landheping manahipun minangka simbol kapredulènipun dhateng *kontèks sosial* bangsanipun ingkang wonten ing kawontenan luwé, asor, lan ringkih. Senadyan Maryam taksih enèm sanget, wanita ingkang ing jaman semanten mboten patosa dipun étang déning masarakat Yahudi kino, Maryam malah preduli dhateng sakiwa tengenipun lan mboten masa bodho (apatis) tumrap punapa ingkang nempuh bangsanipun. Maryam nélakaken kiprahipun ingkang kiyat minangka tiyang ingkang kasdu ndedonga lantaran pratélaning pangucap sokuripun. Senadyan kiprahipun ketingal prasaja lan alit, nanging pandonganipun Maryam nggadhahi kekiyatan ingkang ageng kanggé damel pamarintah sadhar, lan ngiyataken tiyang-tiyang ingkang ringkih. Maryam nélakaken andhap-asoring manahipun minangka wanita enèm ing mangsa penjajahan, nanging kwalitasing pujianipun lan panyaruwé/*kritik sosial*-ipun mboten nélakaken kawontenanipun minangka wanita ingkang asor ing jaman semanten.

Asring kita mangretosi pandonga namung minangka papan kanggé ngaturaken kabetahaning pribadi. Kita ndedonga kanggé keséhatan, padamelan, brayat, lan sawernining perang batos (*pergumulan*) ingkang nembé kita alami. Nanging pandonganipun Maryam mulangaken bab ingkang langkung wiyar. Maryam ndedonga mboten namung kanggé dhirinipun piyambak, nanging ndedonga bab panandhanging bangsanipun. Ing satengahing penjajahan Romawi, njomplanging gesang sosial, lan panandhanging tiyang alit, dipun èngeti ing pandonganipun Maryam..

Dinten punika kita ugi gesang ing jagad ingkang kebak ing perang batos (*pergumulan*). Kathah brayat ngalami perang batos (*bergumul*) awit pameteging ekonomi, reregèn kabetahan ingkang mindhak, papan padamelan ingkang winates, lan gesang ing tembé wingking (*masa depan*) ingkang mboten gumathok. Kita ugi nyeksèni krisis lingkungan ingkang sangsaya nyata: banjir,

kekeringan, *cuaca èkstrém*, lan risaking alam ingkang ndayani gesanging tiyang kathah. Kejawi punika, tumindak mboten adil taksih kedadosan ing kathah papan, nalikanipun ingkang ringkih asring mboten kapirengaken lan ingkang miskin sangsaya kapinggiraken.

Utawi Maryam ugi saged milih mboten ndedonga awit pyambakipun namung wanita ingkang ringkih lan enèm, kados pundi déné pandonganipun saged nothok penggalihipun Gusti Allah? Toh, Maryam mboten magepokan sacara langsung kaliyan panindhes lan *kebijakan penguasa*. Nanging Maryam milih tetep ndedongaa ing satengahing sedaya berkah lan karingkihanipun. Maryam tetep nothok penggalihipun Gusti Allah kanggé ngaturaken dhumateng Gusti Allah pepénginaning manahipun wontena *stabilitas sosial* lan politik masarakat sakiwa tengenipun. Pandonganipun Maryam nélakaken pandonga ingkang nggadhahi *karakter* (pratingkah) cundhuk kaliyan lebeting manahipun. Pandonganipun Maryam mulangaken pepanggihan kaliyan Gusti Allah sanès *pelarian* utawi nyingkiri kanyatan nanging malah patrap wani ngadhepi kanyatan. Kita nembé nélakaken kayakinan bilih Gusti Allah taksih makarya ing satengahing ruweting (*kemelut*) ékonomi, krisis lingkungan, lan tumindak mboten adil. Kita pitados bilih Gusti Allah tetep preduli, tetep rawuh, lan tetep nimbali umatipun dados péranganing jagad punika kanggé mulihaken jagad.

Pemudhi gréja nembé kémawon ndongakaken satunggaling ibu ingkang garwanipun sakit sanget ing ICU. Dhokter ngendika bilih umuripun mboten badhé dangu malih. Pemudhi tumut sedhih awit kawontennipun pun Ibu, nanging piyambakipun sadhar mboten saged tumindak punapa-punapa kejawi ndedonga lan ngancani ing kawontenan ingkang angèl punika. Sajatosipun manahipun taksih gadhah pangajeng-ajeng Gusti maringi mukjijat kanggé pun Ibu. Nanging, cundhuk kaliyan pratélanipun dhokter, garwanipun kapundhut. Mireng *vonis* dhokter, pun Ibu ingkang nembé sedhih, malah srana kekiyatan saking

Gusti mandeng pemudhi punika, kanthi ngudi tetep sumanak lan mèsem. Pun ibu ngendika, “Matur nuwun sampun ngancani lan ndongakaen kula nggih, Mbak.” Pun Pemudhi ngèngeti bilih pandonganipun pranyata mboten ateges gagal awit bapak ingkang kadongakaken kapundhut. Nanging ugi wonten mukjijat srana anggènipun Gusti ngagem piyambakipun suka kawigatosan, kapredulèn, lan *émpati* ingkang lebet dhateng pun ibu, temah pun ibu ngraosaken astanipun Gusti makarya lantaran piyambakipun. Gusti sampun mapanaken piyambakipun dados mitra pandonga tumrap pun ibu ing dhetik-dhetik kécalan ingkang dipun alami. Dados, ndedonga punika pilihan. Wekdal kita ndedonga, mesthi wonten ingkang kedadosan. Dados, punapa kita badhé milih dados juru ndedonga? Lan sinten ingkang kita pilih kita dongakaken wekdal punika? Sugeng sinau nglajengaken kapredulènipun Gusti Allah kanggé jagad, lantaran pandonga panjenengan. Amin.

7. KIDUNG

KPJ 346a NDEDONGA LAN MAKARYA

1) Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadnya.
Asmanya kang mamulya pinuji slamanya.

2) Ndedonga lan makarya kanthi sukarena
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sih-rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng.

3) Ndedonga lan makarya di tansah waspada.
Yèn tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
manggul salibing Gusti, manut ing préntahnya,
tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

8. PANDONGA

Kaaturan milih kanca ndedonga lan ndedonga kagem kanca punika langkung rumiyin. Kalajengaken pokok pandonga ing ngandhap punika:

- Ndedonga supados umat ndedongaa minangka pilihan bébas, sanès momotan.
- Ndedonga supados umat nggadhahi kapredulèn ndongakaken kawontenan ing sakiwa tengen kadosta *kondhisi* ekonomi, politik, sosial, budaya, lan *ékologi*
- Ndedonga supados umat saged sami-déné ngiyataken ing satengahing mawarni-warni perang batos (*pergumulan*)

9. KIDUNG

KPJ 452 TÉKADING MANAH KAWULA

1) Tekading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti,
   yéku panutan sanyata, nggih Panebus sejati
   Reff.: Margining salib ingambah,
   mbangun-turut mring Allah
   Mbabarken teresna sejati,
   mrih jagad tentrem basuki

2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya,
   martosaken Injil suci, dimèn samya waluya
   Reff.: ...

3) Nulad Sang Pamarta Gusti, sagah ngurbanken dhiri,
   tan remen ing kekersan, nging lubèr ing katresnan
   Reff.: ...

[gesh - wms]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5

Waosan:
Lukas 2:22-35

Dhuh Pangéran,
Sapunika
Paduka
Marengaken
Kawula Késah

1. WEKDAL ENING PRIBADI

2. KIDUNG

KPJ 215 ANÈNG SALUMAHING BUMI

1) Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi.
Reff.: "Gloria in èxcelsis Déo!* Gloria in èxcelsis Déo!"

2) Pra pangèn ing ara-ara, memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang sukarena.
Reff.: ...

3. PANDONGA

4. KIDUNG

KPJ 247 SUGENG RAWUH, GUSTI

1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
tumedhak nèng donya krana kula.
"Sugeng rawuh, Gusti, saking dalemé Rama,
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma.
Salam! Salam!

2) Gusti ingkang dadya tuking sih-rahmat;
adreng panyuwun kula klayan umat.
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,

kang sampun dadya srana miyos Paduka.
Salam! Salam!

5. PAMAOSING LUKAS 2:22-35

6. RENUNGAN

"Dhuh Pangéran Sapunika Paduka Marengaken Kawula késah"

Ing Pelengkap Kidung Jemaat (PKJ) wonten lagu ingkang nélakaken bingahing manahipun Siméon. Lagu punika wonten ing nomer 75 kanthi jejer "*Tuhanku, Biarlah Kini Hamba-Mu Pergi*". Lagunipun kados kaserat ing ngandhap [pemimpin saged ngajak para rawuh ngidung sesarengan, utawi muter lagu kasebut saking tautan Youtube https://youtu.be/dpTpZaQwqu8]

Tuhanku, biarlah kini hamba-Mu pergi
sesuai firman-Mu, dalam damai sejahtera.
Kurnia s'lamat-Mut'lah dilihat mataku.
S'lamat-Mu yang Kau b'ri di hadapan dunia.

Tuhanku, s'lamat-Mu adalah t'rang yang kekal,
dan terang itulah jadi pernyataan-Mu.
Dan semua bangsa lain akan lihat nyatanya.
Terang-Mu jadilah kemuliaan umat-Mu.

Tetembungan "*Tuhanku, Biarlah Kini Hamba-Mu Pergi*" ing lagu punika, semunipun sumberipun Injil Lukas 2:29-32. Tetembungan punika kaucapaken déning Siméon, priya sepuh ingkang mursid lan leres ingkang gesang ing Yérusalèm. Siméon kawentar mursid awit mbangun-turut nindakaken dhisiplin rohani cundhuk kaliyan angger-anggering Torèt. Siméon dipun mangretosi leres awit gesangipun kadhasaraken ing kaleresaning pangandikanipun Gusti Allah. Kitab Suci nyathet bilih

Siméon "ngantu-antu panglipur tumrap Israèl," lan ingayoman ing Sang Roh Suci. Siméon nggadhahi pangajeng-ajeng ageng tumrap bangsanipun. Wekdal semanten kawontenaning bangsa Israèl wonten ing salebeting panandhang. Sekawan atus taun dangunipun umat mboten mireng Gusti paring pangandikan. Kawonten punika ndadosaken sapérangan ageng umat kesupèn dhateng dhawuh-dhawuhipun Gusti. Gusti karaos tebih sanget. Nanging Siméon mboten anut-grubyug kaliyan masarakat umumipun. Siméon wani ngetingal (*tampil*) béda srana cara gesang mursid salèh lan leres. Tumindakipun Siméon punika dados tuladha tumrap umat wekdal samangké. Wancinipun jagad mboten tumindak leres, umat kadhawuhan tetep kenceng nyepengi kayektènipun Gusti Allah. Panci mboten gampil. Nanging kanthi tumemen gesang mursid lan leres dados kakiyatan ingkang ngekahaken umat.

Sang Roh Suci ingkang nyarengi Siméon, nélakaken bilih Siméon mboten badhé tilar donya sadèrèngipun sumerep Sang Kristus. Lan leres, nalika Siméon sumerep bayi Yésus kabopong déning Yusuf lan Maryam ing Padaleman Suci, Siméon ngulukaken pamuji sokur dhumateng Gusti Allah kados ingkang kaserat ing Lukas 2:29-32, "*Dhuh Pangéran, sapunika Paduka marengaken kawula ké*sah kalayan tentrem rahayu *miturut pangandika Paduka, sabab mripat kawula sampun nyumerepi karahayon peparing Paduka, ingkang sampun Paduka cawisaken wonten ing sangajenging bangsa sedaya, inggih punika pepadhang ingkang minangka wedharan tumrap bangsa-bangsa sanès saha ingkang dados kamulyaning umat Paduka, Israèl*". Cundhuk kaliyan pamujinipun Siméon, rawuhipun Gusti Yésus ing jagad saèstu njangkepi prasetyanipun Gusti Allah. Panjenenganipun punika Panglipur sejatos tumrap Israèl lan tumrap sedaya bangsa. Sasampunipun Siméon ngalami prasetyanipun Gusti punika, Siméon wonten ing tentrem rahayu ugi nélakaken pepénginanipun ingkang sanget

kanggé késah. Pratélanipun Siméon ingkang kados mekaten punika temtunipun lair saking kapitadosanipun dhumateng Gusti Allah. Siméon mangretos bilih wonten ing Gusti Allah samukawisipun mesthi lumampah kanthi saé lan prayogi.

Ing basa Jawi wonten tembung ingkang cocog ingkang cundhuk kaliyan kawontenan punika, inggih punika "semèlèh". Tembung semèlèh asalipun saking tembung sèlèh (*diletakkan*). Semèlèh punika satunggaling patrapipun batos ing pundi tiyang nyèlèhaken sedaya momotan, *ambisi*, égo, lan pepénginan pribadi ing sangandhaping kersanipun Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi (Gusti Kang Akarya Jagad). Patrap punika nentremaken, damel anteng (*tenang*) lan nyantosakaken manah. Tiyang-tiyang ingkang semèlèh badhé nglampahi gesang kanthi tigang N inggih punika *neng, ning, nung*. *Neng* punika cekakan saking *meneng,* tegesipun mèndel ngantos-antos kayektèn kapratélakaken. *Ning* cekakan saking ening, ingkang tegesipun eninging batos. Temah nalikanipun tiyang milih patrap ening ing batosipun, piyambakipun saged nangkep piwelingipun Gusti kanthi langkung gampil. Déné *Nung* punika cekakan saking *dunung,* ingkang tegesipun tujuan/ancas. Tiyang ingkang nggadhahi tujuan/ancasing gesang mboten badhé kesasar awit inggih namung Gusti ingkang nuntun gesangipun.

Sacara mboten langsung, Siméon sampun maringi tuladha ing bab *neng, ning, nung*. Siméon mèndel ing ngarsanipun Gusti lan sangsaya ngyakini bilih kawilujengan wonten ing Gusti Yésus punika samukawis tumrap gesangipun. Kitab Suci mboten nyerat bilih Siméon mboten tentrem nglampahi gesangipun ing umuripun ingkang sampun sepuh. Malah ing umuripun ingkang sampun sepuh Siméon taksih gadhah pangajeng-ajeng. Kitab Suci ugi mboten nyerat bilih Siméon kasepèn. Kosok-wangsulipun, Siméon ketingal tetep semangat ngantos-atos kanthi saèstu. Lan wusananipun, nalikanipun Siméon saèstu sumerep kawilujengan wonten ing Gusti Yésus, kanthi anteng (*tenang*) Siméon ngucap, "Dhuh Pangéran, sapunika

Paduka marengaken kawula késah klayan tentrem rahayu miturut pangandika Paduka, sabab mripat kawula sampun nyumerepi karahayon peparing Paduka...". Pratélanipun Siméon punika dados tuladha tumrap sedaya tiyang pitados ingkang gesangipun kapasrahaken dhumateng Gusti.

Kados pundi kita? Punapa kita ugi ing mangsa Advèn punika siyaga késah dhateng pundia Gusti nimbali kita? Utawi kita ugi siyaga yèn Gusti nimbali kita wangsul kanthi matur, "Dhuh Pangéran, sapunika Paduka marengaken kawula késah klayan tentrem rahayu." Mangga kita cawisaken manah kita namung kalayan tentrem rahayu saking Gusti. Amin.

7. KIDUNG

KJ 364:1-2 BERSERAH KEPADA YESUS

1) Berserah kepada Yesustubuh, roh, dan jiwaku;
   kukasihi, kupercaya,kuikuti Dia t'rus.
   Reff.: Aku berserah, aku berserah;
   kepadaMu, Jurus'lamat, aku berserah!

2) Berserah kepada Yesusdi kakiNya 'ku sujud.
   Nikmat dunia kutinggalkan;Tuhan, t'rimaanakMu!
   Reff.: .....

7. PANDONGA SAFAAT

Kaèngetna malih ing bab prinsip *Semèlèh* (*neng, ning, nung)* lan ngajak warga pasamuwan ugi ngudi ing advèn punika.

1) Nyuwun sih-rahmatipun Gusti supados srana tuladhanipun Siméon, warganing pasamuwan ugi saged sumarah dhumateng Gusti ing satengahing tantangan iman punapaa ingkang dipun adhepi.
2) Supados pasamuwanipun Gusti sesarengan kaliyan *aktivis* (tiyang ingkang tumut nggerakaken kagiyatan pasamuwan), Pinisepuh lan Pandhitanipun,

kasagedaken sami-déné neguhaken lan nyengkuyung ing kapitadosan temah tanggon ngantos Gusti nimbali.

8. **KIDUNG**

KPJ 339 IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN

1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata,
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.
Reff.: Srana sih-katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih-rahmat.

2) Iba dènnya nengesemaken, yèn manungsa sabumi
mersudi tentrem rahajeng, mbabarken sihing Gusti.
Reff.: ...

3) Iba dahat éndahira, pra titah tetunggilan,
tunggil sedya sékapraya*, rumaket trus ing driya.
Reff.: ...

4) Mila kula datan wigih, gya gumreget makarya,
tumandang sepi ing pamrih, mung ayuning bawana.
Reff.: ...

sékapraya* = saékapraya, *satu tekad* (Indonesia)

[wsn - wms]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6
(Minggu kaping-2)

Waosan:
Éfesus 1:3-14

Wewadining Timbalanipun

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG

KPJ 176 PADHA SAOSA PUJI SOKUR

1) Padha saosa puji sokur marang Allah kang Mahaluhur;
wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi.
Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.

2) Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci,
mukjijaté caritakna marang sakèhing manungsa.
Padha luhurna asmanya klawan panabuhing gangsa

3. PANDONGA

4. KIDUNG

KPJ 182 PUJI SOKUR LAN PANGGUNGGUNG

1) Puji sokur lan panggunggung
konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya
wah ngreksa kanthi setya.
Makhluk wrata rinimatan
krana sihing Pangéran.
Jagad tenrem lan raharja,
lamun manut pangrèhnya.

2) Surya, candra, lan pra lintang
samya nyunarken padhang.
Peksi ngocèh mawurahan
wah sato kèwan girang.
Tetuwuhan ngumbar sekar
sarta asung woh-wohan.
Sadaya sami memuja
mring Allah Kang Makwasa.

3) Puji sokur lan panuwun
konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung
mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya
mring Panebus sejati,
saèstu manggya raharja,
mulya langgeng ing swargi.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Éfesus 1:3-14

6. RENUNGAN

"Wewadining Timbalanipun"

C.S. Lewis kawentar minangka panyerat *légendharis* (manut crita jaman kuna) ingkang ngasilaken karya mahakarya fantasi kanthi jejer *The Chronicles of Narnia*. Nanging lampahing spiritualipun ugi mboten béda dramatis kaliyan cariyos *fiksi* (crita rerékan) ingkang dipun serat. Lewis punika profésor limpad ing Oxford ingkang ngegungaken sanget *logika* (cara mikir kang klebu akal), temah dipun mangretosi minangka tiyang *atéis* tulèn. Tumrap piyambakipun, kekristenan punika mokal. Nanging, lantaran dhiskusi ingkang lebet kaliyan mitranipun, J.R.R. Tolkien (panyerat *The Lord of the Rings*), bètènging atéismenipun runtuh ngantos piyambakipun nyerah lan masrahaken gesangipun

dhumateng Gusti. Cariyosipun, ing Sèptèmber 1931, ing salebeting lumampah numpak sepédha motor kaliyan sedhèrèkipun nuju Kebun Binatang Whipsnade, Lewis wekasanipun nyerah. Piyambakipun suka paseksi bilih nalika piyambakipun bidhal tumuju kebun binatang piyambakipun mboten pitados bilih Gusti Yésus punika Putranipun Allah, nanging nalika piyambakipun dumugi kebun binatang, piyambakipun malih dados pitados lan ngakeni. Piyambakipun nggambaraken swantenipun Gusti dhateng piyambakipun nalika semanten kados nembé wicantenan kaliyan tiyang awujud imbal-wacana/*dhialog*. Salah satunggaling piwelingipun Gusti inggih punika "Sèlèhna gamanmu, lan kita arep imbal-wacana." Lantaran pengalaman punika, Lewis sampun manggihaken wewadining timbalanipun Gusti ing gesangipun, inggih punika pengalaman nampi timbalan saking Gusti tanpa pangudinipun babar pisan.

Sasampunipun matobat, Lewis ingkang ngalami *transformasi radhikal*, saking tiyang *skèptis* (kirang pitados) tangi dados salah satunggaling *apologèt* (tiyang ingkang mbélani agami) Kristen ingkang paling ageng pangaribawanipun ing abad kaping-20. Pamikiranipun ingkang *luar biasa* kaserat ing sawenèhing buku klasik apologétika lan ingkang paling kawentar inggih punika *Mere Christianity*.

Cariyosipun C.S. Lewis punika gegambaran nyata punapa ingkang kaserat ing Éfesus 1. Wewadining timbalanipun Gusti kanggé kita inggih punika Panjenenganipun ingkang sampun milih, ngangkat lan mberkahi kita ngantos lubèr, malah sadèrèngipun kita mangretos sinten Gusti punika. Menawi kita maos rerangkèning ayat punika, kita badhé ngraosaken satunggaling lubèring émosi ingkang kebak ing kabingahan. Ing tèks aslinipun (basa Yunani), ayat 3 dumugi 14 punika saleresipun satunggaling pitembungan panjang ingkang mboten pedhot. Rasul Paulus kados-kados katelasan ambegan awit semangat sanget anggènipun nyariyosaken

kados pundi anggènipun Gusti Allah preduli ing gesang kita. Kados pundi kita?

Asring kita rumaos bilih gesang kita punika lumampah mboten temata sanget. Kita kajiret déning *rutinitas* (padamelan ingkang dipun wongsal-wansuli), ngalami perang batos (*bergumul*) kaliyan kegagalan, lan kadhang-kala muncul pitakènan, "Apa Gusti pancèn bener-bener pirsa yèn aku ana ing jagad iki?" Rasul Paulus mangsuli kanthi wewados ageng, *"Sadurungé jagad katitahaké, lumantar Sang Kristus, Gusti Allah wis milih kita dadi umat kagungané."* (ay. 4).

Cobi kita gambaraken, sadèrèngipun Gusti nitahaken sato kéwan ing akasa, sadèrèngipun Panjenenganipun misahaken dharatan lan seganten, nami kita sampun wonten ing penggalihipun. Kita lair mboten awit kaleresan amargi nasib. Kita punika asiling satunggaling rancanganipun Gusti ingkang mateng ingkang nresnani kita.

Nanging, kapredulènipun Gusti Allah mboten kandheg namung ing pamilih. Rasul Paulus migunakaken tembung ingkang éndah sanget ing ayat 5, "Gusti Allah wis ngangkat kita dadi para putrané, lantaran Gusti Yésus Kristus. Kuwi wis dadi kersané lan gawé renaning penggalihé." Punika ateges Gusti ngadhopsi/ngangkat kita dados para putranipun lan siyaga nglampahi prosès sesarengan kaliyan kita.

Ing jaman purba, prosès adhopsi nggadhahi makna ingkang légal lan émosional. Nalikanipun laré dipun adhopsi, sedaya utangipun ing wekdal ingkang kepengker dipun busak sedaya (*secara total*). Piyambakipun ugi kaparingan namining brayat ingkang énggal lan pikantuk hak waris ingkang satimbang kaliyan anak kandhung. Inggih punika ingkang katindakaken déning Gusti dhateng kita. Panjenenganipun mirsani kita ingkang remuk karana dosa, ingkang kaiket déning wekdal ingkang kita pengkeraken, lan ingkang yatim piatu sacara rohani. Panjenenganipun mboten namung ngasihi kita saking katebihan.

Panjenenganipun cawé-cawé, nglunasi "*utang masa lalu*" kita lantaran rahipun Gusti Yésus (ay 7), lajeng mbekta kita mlebet dhateng padalemanipun. Jejer kita éwah, kita sanès tiyang neneka malih, nanging para-putranipun Gusti Allah.

Kejawi punika, Panjenenganipun ugi mitulungi kita ngatasi sawernining prakawis awit Gusti pirsa kanthi trep karingkihan kita. Panjenenganipun mboten négakaken kita lumampah piyambakan. Ayat 13 lan 14 nélakaken bilih kita kaecap srana Sang Roh Suci. Ing jagad kino, meterai punika tandha bilih nggadhahi hak handarbèni *(kepemilikan)* ingkang sah lan jaminan pangayoman. Menawi satunggaling barang kaecap déning raja, mboten wonten setunggal kémawon tiyang ingkang wani nggepok. Punika ateges, wiwit kita kaparingan cap/*mèterai* déning sih lan rahipun Sang Kristus, kita kaparingan jaminan pangayoman déning Gusti ingkang kebak ing sih.

Bukti ing bab anggèn kita gadhah hak handarbèni inggih punika Sang Roh Suci ingkang dedalem ing manah kita. "*Tanda kepemilikan*" punika kaparingaken déning Gusti Allah mliginipun ing wekdal praharaning gesang ndhatengi lan kita piyambak malah mangu-mangu ing bab iman kita. Mangga kita sami siyaga mirengaken swatenipun Sang Roh Suci ingkang kanthi alus maringi bisikan lantaran manéka-warni cara, "Samia anteng, panjenengan kagunganipun Gusti Allah. Gesang panjenengan ing tembé wingking wonten ing astanipun, lan panduman warisan panjenengan mboten naté badhé ical."

Pitakènan salajengipun, lajeng, punapa tanggapan kita tumrap wewadining timbalanipun punika?

Sasampunipun C.S Lewis mratobat lan dados pendhèrèkipun Sang Kristus, piyambakipun migunakaken sawetahing gesangipun kanggé nélakaken pakaryaning Gusti Allah. Lantaran karya *fiksi* ingkang kawentar kados "*The Chronicles of Narnia*", Lewis nélakaken kados pundi raosipun gesang ing jagad ingkang kapenuhan déning kasaénan, kaleresan, lan kaéndahan ilahi. Kita prelu caos sokur awit pengalaman punika. Salajengipun, pengalaman

punika badhé nglairaken satunggaling patrap gesang ingkang saé, nggadhahi moral, welas asih lan iman ingkang leres ing ngarsanipun Gusti Allah, ing satengahing gesang kita sesarengan.

Kados pundi kita? Kita tiyang pitados, wewadining timbalanipun Gusti sampun kita gadhahi. Panjenenganipun nimbali kita mboten awit pandamel kita saé, mboten awit usada kita lan sanès awit kaluwihan kita. Nanging Panjenenganipun nimbali kita mboten supados dados penonton ing bab éndahing sih-rahmatipun. Panjenenganipun nimbali kita supados kita preduli dhateng jagad punika kawiwitan srana nyariyosaken kapredulènipun Gusti Allah punika dhateng jagad. Inggih Panjenenganipun ingkang nindakaken sacara aktif ingkang nggesangaken bedhami, patunggilan, lan kasucèn ing bumi punika, bagéan kita punika nglajengaken. Punapa kita purun? Amin.

7. KIDUNG

KPJ 21 PRA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih-susetya.
Haléluya! Haléluya!

2) Pujinen Hyang Murbèng rat, Gusti kang gung sih-rahmat
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

3) Allah kang Mahakwasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!.

8. PANDONGA

- Caos sokur awit kita kapilih lan katimbalan déning Gusti, temah kita sami dados para putranipu.

- Nyuwun panuntunipun Gusti lan kuwaosipun Sang Roh Suci supados kasagedaken gesang miwah nélakaken timbalanipun ing gesang kita.

9. KIDUNG

KPJ 78 IBA BEGJAKU

1) Iba begjaku lamun yakin
Yésus duwèkku ing salamanya;
Aku tebusan kagungané;
anyar uripku krana rahé
Reff.: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

2) Lamun pasrahku trusing kalbu,
temah sampurna kabungahanku.
Pra malaékat asung puji,
samya ngundhangken sihé Gusti.
Reff.: ....

3) Dakaturaké jiwa raga marang Gustiku, atiku lega
Klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.
Reff.: ....

[ias - wms]

Mangsa Advèn Natal 2026

“LAMPIRAN CATHETANING PISUNGSUNG”

Kula ngaturaken panuwun dhumateng para mitra awit saking manékawarni panyengkuyung saha anggènipun tumut nggegesang kanggé bebadan (LPP Sinode) menika. Ing ngandhap menika kalampiraken cathetan panampining pisungsung saking Geréja-geréja/Pasamuwan-pasamuwan, Bebadan, menapadéné Presun.

DAFTAR PERSEMBAHAN

Masa Adven dan Natal th. 2025

Penerimaan tanggal:

19 Agustus 2025 - 14 Juli 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Gereformeerd	300.000
3	GKI Depok	500.000
4	GKI Purwodadi Grobogan	750.000
5	GKI Bintaro	250.000
6	GKI Ajibarang	300.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Maguwoharjo	250.000
2	GKJ Kertanegara	250.000
3	GKJ Condongcatur	500.000
4	GKJ Sarimulyo	400.000
5	GKJ Tanjung Priok	750.000
6	GKJ Kaliwungu	310.000
7	GKJ Semarang Barat	500.000
8	GKJ Pekalongan	300.000
9	GKJ Demak	250.000
10	GKJ Samironobaru	250.000
11	GKJ Karangnongko	750.000
12	GKJ Temanggung	250.000
13	GKJ Joglo	1.000.000
14	GKJ Baran	250.000
15	GKJ Ngentakrejo	300.000
16	GKJ Cilacap	250.000
17	GKJ Wisma Panembah Surakarta	250.000
18	GKJ Bantul	500.000
19	GKJ Penaruban	486.000
20	GKJ Demakijo	392.000

21	GKJ Boyolali	250.000
22	GKJ Kutoarjo	1.518.000
23	GKJ Wates selatan	900.000
24	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
25	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
26	GKJ Tengahan	300.000
27	GKJ Nanggulan	200.000
28	GKJ Tuban	500.000
29	GKJ Banyumanik	1.100.000
30	GKJ Purworejo Selatan	600.000
31	GKJ Gumulan	500.000
32	GKJ Wisma Panunggal Mrican	1.000.000
33	GKJ Wonosari, Gunungkidul	2.894.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Dwijantari, Giro BRI tgl. 04/10/2025	1.500.000
2	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 02/12/2025	250.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/12/2025	400.000
4	Maria Ika, Giro BRI tgl. 31/12/2025	800.000
5	Rusminiati, Giro BRI tgl. 02/01/2026	150.000
6	NN, Giro BRI tgl. 08/01/2026	500.000
7	NN, Giro BRI tgl. 10/01/2026	491.000
8	Dwijantari, Giro BRI tgl. 26/01/2026	300.000
9	NN, Giro BRI tgl. 14/07/2026	500.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 6 GKI SW Jateng	: Rp. 2.600.000,00
2. Dari 33 GKJ	: Rp. 18.450.000,00
3. Dari 9 NN	: Rp. 4.891.000,00
4. Jumlah	: Rp. 25.941.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Adven dan Natal 2025 sampai dengan tgl. 14 Juli 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 25.941.000,00
(Dua puluh lima juta sembilan ratus empat puluh satu ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Paskah th. 2026
Penerimaan tanggal:
28 Januari - 14 Juli 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Salatiga	500.000
3	GKI Lasem	500.000
4	GKI Tegal	375.000
5	GKI Graha Raya	250.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Wonosobo	300.000
2	GKJ Karangnongko	886.000
3	GKJ Penaruban	411.000
4	GKJ Bantul	300.000
5	GKJ Nanggulan	200.000
6	GKJ Cilacap Utara	250.000
7	GKJ Purworejo	500.000
8	GKJ Pekalongan	300.000
9	GKJ Wiladeg	500.000
10	GKJ Immanuel	500.000
11	GKJ Semarang Barat	500.000
12	GKJ Wates Selatan	1.000.000
13	GKJ Wisma Panunggal Mrican	500.000
14	GKJ Singgahan	200.000
15	GKJ Sukoharjo	300.000
16	GKJ Kutoarjo	2.978.000
17	GKJ Ngentakrejo	300.000
18	GKJ Ambarrukmo	1.000.000
19	GKJ Manahan	1.000.000
20	GKJ Wonosari	2.999.000
21	GKJ Banyumanik	1.050.000
22	GKJ Gumulan	500.000

23	GKJ Joglo	1.000.000
24	GKJ Sarimulyo	400.000
25	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
26	GKJ Demakijo	300.000
27	GKJ Temanggung	250.000
28	GKJ Margoyudan	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Ika Indarwati, Giro BRI tgl.28/01/2026	250.000
2	Dasi Natalia, Giro BRI tgl. 29/01/2026	300.000
3	Desiree Setiawan, Giro BCA tgl. 05/03/2026	500.000
4	NN, Giro BRI tgl. 25/03/2026	500.000
5	Tambak Surya, Giro BRI tgl. 06/04/2026	731.000
6	Winarti, Giro BRI tgl. 07/04/2026	300.000
7	NN, Giro BRI tgl. 09/04/2026	500.000
8	Krismanto, Giro BRI tgl. 14/04/2026	350.000
9	NN, Giro BRI tgl. 21/04/2026	250.000
10	NN, Giro BRI tgl. 24/04/2026	300.000
11	Wijantari, Giro BRI tgl. 27/04/2026	300.000
12	NN, Giro BRI tgl. 27/04/2026	400.000
13	Siska Ayu Okta, Giro BRI tgl. 28/04/2026	300.000
14	Dwi Sihono Rahardjo, Giro BRI tgl. 08/05/2026	250.000
15	NN, Giro BRI tgl. 11/05/2026	200.000
16	NN, Giro BCA tgl. 20/05/2026	1.000.000
17	NN, Giro BCA tgl. 10/07/2026	500.000

D. REKAPITULASI

1.	Dari 5 GKI SW Jateng	: Rp. 2.125.000,00
2.	Dari 28 GKJ	: Rp. 19.224.000,00
3.	Dari 17 NN	: Rp. 6.931.000,00
4.	Jumlah	: Rp. 28.280.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paskah 2026 sampai dengan tgl. 14 Juli 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 28.280.000,00
(Dua puluh delapan juta dua ratus delapan puluh ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Pentakosta th. 2026
Penerimaan tanggal:
29 April - 29 Juli 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	375.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000
3	GKI Graha Raya	250.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Wisma Panunggal Mrican	500.000
2	GKJ Sukoharjo	300.000
3	GKJ Manahan	1.000.000
4	GKJ Kenalan	500.000
5	GKJ Pekalongan	300.000
6	GKJ Penaruban	413.000
7	GKJ Wiladeg	500.000
8	GKJ Gumulan	500.000
9	GKJ Joglo	1.000.000
10	GKJ Sarimulyo	400.000
11	GKJ Cilacap	250.000
12	GKJ Wisma Panembah Surakarta	250.000
13	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
14	GKJ Demakijo	300.000
15	GKJ Temanggung	250.000
16	GKJ Wates Selatan	900.000
17	GKJ Margoyudan	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Winarti, Giro BRI tgl. 17/05/2026	300.000
2	Rafael Djari, Giro BCA tgl. 02/06/2026	500.000
3	NN, Giro BCA tgl. 10/07/2026	500.000

D. REKAPITULASI

1.	Dari 3 GKI SW Jateng	: Rp. 875.000,00
2.	Dari 17 GKJ	: Rp. 8.163.000,00
3.	Dari 3 NN	: Rp. 1.300.000,00
4.	Jumlah	: Rp.10.338.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2026 sampai dengan tgl. 29 Juli 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 10.338.000,00
(Sepuluh juta tiga ratus tiga puluh delapan ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Bulan Keluarga th. 2026
Penerimaan tanggal:
10 Juli 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Graha Raya	250.000

B. REKAPITULASI

1. Dari 1 GKI SW Jateng : Rp. 250.000,00
2. Jumlah : Rp. 250.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2026 sampai dengan tgl. 10 Juli 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 250.000,00
(Dua ratus lima puluh ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Edt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Adven dan Natal th. 2026

Penerimaan tanggal:
10 Juli 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Graha Raya	250.000

B. REKAPITULASI

1. Dari 1 GKI SW Jateng : Rp. 250.000,00
2. Jumlah : Rp. 250.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2026 sampai dengan tgl. 10 Juli 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 250.000,00
(Dua ratus lima puluh ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur